

M ap li nèt ale

2^e A.F.

Gid Mèt la
Dezyèm Ane Fondamantal
Tòm 2



Kreyòl

Leson 36 a 87

M ap li nèt ale

Gid Mèt la, 2^è A.F.

2018

Kreyòl

M ap li nèt ale

Dezyèm Ane Fondamantal (2^e A.F.)

Gid Mèt la

Tòm II

Leson 36 a 87



2018

Materyèl pou eksperimantasyon

Prezantasyon

Paj prezantasyon sa a se pou tout pwofesè ak lòt moun ki pral sèvi ak materyèl : « **M ap li nèt ale** » yo.

Metòd « **M ap li nèt ale** » a fonksyone ak twa materyèl : **Gid mèt la, liv elèv la ak kaye egzèsis elèv la**. Materyèl sa yo fèt nan lide pou ede ak fasilite pwofesè yo nan ansèyman ak aprantisaj kreyòl la ki se lang tout ayisyen. Aprè plizyè remak ak kòmantè ki te fèt sou metòd « **M ap li nèt ale** » lekòl yo t ap itilize nan ane anvan yo, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP), atravè Inite Devlopman Konpetans Lekti Ekriti ak Matematik (IDKLEM), deside pote kèk chanjman enpòtan nan **leson ki nan gid mèt la**.

Chanjman ki fèt nan gid mèt la pral rann pwofesè yo pi efikas nan ansèyman lang kreyòl la. Sa ap pèmèt elèv yo aprann pi byen tou. Nan revizyon ki fèt yo, nou fè anpil efò pou nou konsidere tout remak pwofesè yo, direktè yo ak tout lòt aktè k ap itilize materyèl yo, yon fason pou nou amelyore kalite yo.

Modifikasyon ki fèt nan gid mèt la, konsène : **estrikti aktivite ki nan leson yo, konsiy ki nan ikòn bouch ak nyaj yo, epi kantite tan pou pwofesè a fè leson yo**.

Tan leson an

Pou chak leson ki genyen nan gid la, nou endike ki kantite tan yon pwofesè dwe pran lè l ap fè aktivite yo. Sa ap pèmèt pwofesè a adapte leson yo selon klas li gen devan li a epi respekte orè ak objektif li gen pou l suiv yo. Nan chanjman ki fèt yo, kèk fwa, pwofesè a gen plis posibilite pou li chwazi aktivite li plis bezwen nan leson li ap travay ak elèv yo. Gen plis aktivite ekriti nou ajoute nan leson yo, yon fason pou devlope konpetans elèv yo nan ekriti.

Estrikti leson an

Chak leson yo gen plizyè aktivite ladan yo, tankou :

1- Mizantren

2- Kominikasyon oral

3- Konsyans fonemik (aprann son lèt)

4- Konsyans fonetik (lèt , silab, mo ak fraz)

5- Konprann istwa (vokabilè, fè ak verifye prediksyon, li, koute epi reponn kesyon sou istwa)

6- Ekriti ak pwodiksyon (lèt, mo fraz ak tèks) sou tablo ak nan kaye egzèsis

7- Evalyasyon ak yon blòk aktivite pratik oubyen ekriti ki nan fen plizyè leson.

Sa pèmèt yon pi bon pwogresyon nan leson yo. Sa pèmèt tou elèv yo patisipe plis nan travay k ap fèt nan klas la. Sa fè aktivite yo vin plis santre sou elèv yo. Pou fasilite koreksyon egzèsis yo, nou bay plis posibilite pou elèv yo pale, poze kesyon, bay opinyon yo sou travay lòt elèv anvan pwofesè a fè entèvansyon pa li. Sa fasilite elèv yo dekouvri pi vit ak pi fasil erè yo fè nan yon egzèsis, epi korije yo ansanm. Pou nou fini, nou ajoute kèk repons posib ki ap sèvi kòm modèl pou pwofesè a ede elèv yo lè y ap reponn yon kesyon. Sa ede elèv yo fòme bon fraz lè y ap reponn kesyon epi bay repons ki pi konplèks menm jan ak modèl repons posib yo.

Konsiy ki nan ikòn bouch ak nyaj

Gen chanjman ki fèt nan konsiy ikòn bouch ak nyaj yo. Nou bay anpil priyorite ak konsiy ikòn bouch yo, epi nou diminye konsiy ikòn nyaj ki repete anpil yo pou pwofesè yo pa twouble. Chanjman ki fèt nan konsiy yo vin pi senp, pi klè, pi fasil pou elèv yo konprann ak aplike.

Fason pou pwofesè fè tèl oubyen evalye elèv yo

Li enpòtan pou pwofesè yo konnen kijan pou yo evalye elèv yo. Nan fason sa a, nou pwopoze kijan pou evalyasyon an fèt. Pou evalye elèv yo, pwofesè a ap suiv modèl sa a : chwazi kèk lèt, silab, mo ak fraz pou fè chak elèv li; bay elèv yo dikte lèt, silab, mo ak fraz nan kaye yo ; chwazi youn oubyen plizyè istwa nan liv la pou elèv yo li pou kont yo, epi poze yo kesyon sou istwa sa yo. Pwofesè a ka li yon istwa pou elèv yo koute, epi reponn kesyon sou li; oswa fè elèv yo ekri pwòp istwa yo sou yon imaj yo dekri. Apre sa, Pwofesè a ka fè yo ekri sa yo panse sou yon sijè.

Kantite tan pou pwofesè a pran nan leson yo

Pou nou fasilite elèv yo aprann pi byen, **nou bay posibilite pou pwofesè a fè leson yo an 2 pati pandan jounen an.** Pwofesè a ka fè yon premye pati anvan rekreyasyon, epi fè dezyèm pati a aprè rekreyasyon. Pou sa rive posib, nou ajoute yon aktivite revèy pou separe 2 pati yo.

- **Premye pati a ap soti nan mizantren an pou l rive nan aktivite ki anvan revèy la.**
- **Dezyèm pati a ap kòmanse nan aktivite revèy la pou l rive nan fen leson an.**

Tablo leson

HYDROGRAPH

Paj

Table

8	Leson 36	
15	Leson 37	
22	Leson 38	
29	Leson 39	
35	Leson 40	Revizyon
40	Leson 41	
47	Leson 42	
53	Leson 43	
60	Leson 44	
66	Leson 45	Revizyon
72	Leson 46	
78	Leson 47	
84	Leson 48	
91	Leson 49	
97	Leson 50	Revizyon
103	Leson 51	
109	Leson 52	
115	Leson 53	
122	Leson 54	
128	Leson 55	Revizyon
133	Leson 56	
139	Leson 57	
144	Leson 58	
151	Leson 59	
157	Leson 60	Revizyon
162	Leson 61	
168	Leson 62	
175	Leson 63	
181	Leson 64	
188	Leson 65	Revizyon
193	Leson 66	
199	Leson 67	
205	Leson 68	
212	Leson 69	
219	Leson 70	Revizyon
225	Leson 71	
231	Leson 72	
237	Leson 73	
244	Leson 74	
250	Leson 75	Revizyon
255	Leson 76	
261	Leson 77	
268	Leson 78	
275	Leson 79	
281	Leson 80	Revizyon

Paj

286	Leson 81	
293	Leson 82	
299	Leson 83	
307	Leson 84	
313	Leson 85	Revizyon
319	Leson 86	Revizyon
325	Leson 87	Revizyon

Leson 36

Objektif:

Konprann yfon devinèt
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral tankou alekri

Materyèl:

Liv lekti, leson 36, paj 94 - 95
Kaye egzèsis, leson 36, paj 114 - 115
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Konsiy pou anseyan an respekte nan dewoulman leson yo

- Men kèk konsiy pwofesè a dwe aplike nan dewoulman leson yo:
 - Mande elèv yo leve men pou yo pran lapawòl.
 - Mande elèv yo fè silans, lè yon kamarad nan klas la ap pale.
 - Ankouraje elèv yo fè fraz konplèt lè yo ap reponn yon kesyon.
 - Ankouraje elèv yo patisipe nan tout aktivite k ap fèt nan klas la.
 - Pase verifye travay elèv yo ap fè nan gwoup.
 - Ankouraje ak felisite elèv yo lè yo fè yon bon aksyon.
 - Ankadre epi korije elèv yo lè li nesèsè.
 - Toujou chwazi elèv ki fè egzèsis yo byen kòm modèl lè koreksyon yo ap fèt.
 - Itilize tablo lèt la pou ede elèv yo lè yo genyen difikilte pou fòm oubyen li yon silab ak yon mo.
 - Fè elèv yo idantifye imaj ki nan paj liv lekti a pou yo ka jwenn paj la pi vit.
 - Lekt 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.


Premye pati leson an (26 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt

- Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.
- ☞ N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!
- Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.


Mwen gen fòm won.
Mwen ka gen tout koulè.
Lè mwen bèl anpil, yo rele m chelèn.
Lè yo teke ak mwen byen, yo rele m bouldik.
Kisa mwen ye ? (Repons : mab)

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.

 **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)


1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

 Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: kanno – mèvèy – lanmè – komin – defann – kòmanse – renmen – wè.


 **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 94 la.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 94 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)


 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 94 la.


 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**


 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**


Lesson 36




 Sitadèl - Laferyè - Riche - istwa - Ayiti - peyi - devan
- kanno - anndan - Bonètalevèk - komin - kote -
lanmè - touris - mèvèy

 kòmanse - pale - fèt - ale - defann - dwe - pase - wè
- renmen

 Li di : "Sitadèl Laferyè te fèt pou defann Ayiti".

 Li se fò ki pi gwo nan peyi a.
Devan l tankou yon gwo bato.


94 Map li nè ale 2 A.F.

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

Leson 36

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

anndan - Laferyè - Milo - Sitadèl

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

Pou w ale Sitadèl, ou dwe pase nan vil _____.

Milo se yon bèl vil ki pre vil _____.


Sitadèl Laferyè te fèt pou _____ Ayiti.


3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.


Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

114 Kaye egzèsis


Egzèsis # 1 (5 mn)


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 114 pou fè egzèsis # 1 an. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.


 **Nou pral kopye mo ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 114 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la pou n ka kopye mo a. Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

 **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

Dezyèm pati leson an (40 mn)


Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « Sitadèl ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « Sitadèl »?

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

 **Sitadèl vle di: Gwo kay ki gen anpil zam ak pyès kanno ki fèt pou pwoteje yon peyi.**

Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « Sitadèl » aloral.

Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « Sitadèl » ?


Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « Sitadèl » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Sitadèl la se yon sit touristik, chak ane anpil touris vin visite l.

Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Sitadèl ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Leson 36



▲ Sitadèl - Laferyè - Riche - istwa - Ayiti - peyi - devan - kanno - anndan - Bonètalevèk - komin - kote - lanmè - touris - mèvyè

🍌 kòmanse - pale - fèt - ale - defann - dwe - pase - wè - renmen

🍌 Li di : "Sitadèl Laferyè te fèt pou defann Ayiti".
Li se fò ki pi gwo nan peyi a.
Devan l tankou yon gwo bato.

94 **Map li mèt ale 2 A.F.**

2. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 94 la.

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

Ki sa nou wè madanm nan montre ? Ki koulè fò a ye ? Konbyen moun ki nan desen an ? Ki koulè rad ki sou yo ?

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon jou lendi** » pou rive nan mo « **defann Ayiti** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li se fò** » pou rive nan mo « **gwo bato** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li gen anpil** » pou rive nan mo « **komin Milo** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Pou w ale** » pou rive nan mo « **bèl kote** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Ou wè** » pou rive nan mo « **yon mèvyè** »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa pou elèv anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 95 lan. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Sitadèl Laferyè

Yon jou lendi, madanm Riche kòmanse klas la ak yon kou istwa. Li kòmanse pale sou Sitadèl la. Li di : "Sitadèl Laferyè te fèt pou defann Ayiti. Li se fò ki pi gwo nan peyi a. Li bèl anpil. Devan l tankou yon gwo bato. Li gen anpil gwo zam tankou pyès kanno anndan l. Li sou tèt mòn Bonètalevèk, nan komin Milo.

Pou w ale Sitadèl, ou dwe pase nan vil Milo. Milo se yon bèl vil ki pre vil Okap. Lè ou Sitadèl, ou wè anpil bèl kote. Ou wè lanmè a ak anpil bèl pyebwa. Anpil touris renmen vizite Sitadèl la. Sitadèl se yon mèvyè".

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou madanm Riche te vin fè kou istwa a ?
3. Sou kisa madanm Riche te kòmanse pale ?
4. Poukisa Sitadèl la te fèt ?
5. Sou tèt ki mòn Sitadèl la ye ?
6. Nan ki vil ou pase pou w ale nan Sitadèl la ?
7. Poukisa li enpòtan pou moun ale konnen Sitadèl la ?
8. Poukisa anpil touris renmen vizite Sitadèl la ?

95 **Map li mèt ale 2 A.F.**




- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*



Sitadèl Laferyè

Yon jou lendi, madan Riche kòmanse klas la ak yon kou istwa. Li kòmanse pale sou Sitadèl la. Li di : "Sitadèl Laferyè te fèt pou defann Ayiti. Li se fò ki pi gwo nan peyi a. Li bèl anpil. Devan l tankou yon gwo bato. Li gen anpil gwo zam tankou pyès kanno anndan l. Li sou tèt mòn Bonètalevèk, nan komin Milo.

Pou w ale Sitadèl, ou dwe pase nan vil Milo. Milo se yon bèl vil ki pre vil Okap. Lè ou Sitadèl, ou wè anpil bèl kote. Ou wè lanmè a ak anpil bèl pyebwa. Anpil touris renmen vizite Sitadèl la. Sitadèl se yon mèvèy".

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*





5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**





1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou madan Riche te vin fè kou istwa a ?
3. Sou kisa madan Riche te kòmanse pale ?
4. Poukisa Sitadèl la te fèt ?
5. Sou tèt ki mòn Sitadèl la ye?
6. Nan ki vil ou pase pou w ale nan Sitadèl la?
7. Poukisa li enpòtan pou moun ale konnen Sitadèl la?
8. Poukisa anpil touris renmen vizite Sitadèl la ?

Aktivite 5 Pwodiksyon (9 mn)


Egzèsis # 2 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 114 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 114 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann ? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo dapre istwa a ?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Egzèsis # 3 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 114 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 114 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann ? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo ?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.

Egzèsis # 4 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 115 pou fè egzèsis # 4 la.
- ☞ **Nou pral chwazi mo nan bwat ki genyen rapò ak mo Sitadèl pou nou**

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

anndan - Laferyè - Milo - Sitadèl

.....

.....

.....

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

Pou w ale Sitadèl, ou dwe pase nan vil.....

Milo se yon bèl vil ki pre vil.....

Sitadèl Laferyè te fèt pou..... Ayiti.

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.

Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.


.....

.....

.....

.....

114 Kaye egzèsis



ekri yo sou liy anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 115 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak mo Sitadèl. Apre sa, kopye yo sou liy anba yo). Nou konprann? Kòmanse!

Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li ekri yo ki genyen rapò ak mo « Sitadèl »?**

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di ak eple mo yo chwazi yo.

Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 37

Objektif:

Eksprime opinyon sou yon tèm
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral

Materyèl:

Liv lekti, leson 37, paj 96 - 97
Kaye egzèsis, leson 37, paj 116
Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an(21 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kozri (3 mn)


 Mande elèv yo pale sou drapo peyi Ayiti.

- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpòtans drapo peyi Ayiti. N ap di ki jan li fèt. Ki koulè li ye. Kisa li reprezante pou nou. Epi n ap di èske nou renmen li epi poukisa.

 Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou drapo ayisyen an.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekt mo sou tablo (6 mn)


 Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn.

Men mo yo: pwomnad – pwomès – finalman – mennen – espere – tann – souri – ane.


- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)


 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekt mo nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 96 la.

- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 96 pou nou ka li mo ki nan liy melon

Leson 37



▲ pwòmès - madan - elèv - Alina - Emil - kesyon - vizit
 - paran - lakay - klas - ane - pwomnad - finalman
● fè - espere - mennen - gade - souri - pase - rive - wè
 - vizite - rete - tann - vle
● Jodi a, madan Riche fè elèv li yo yon bèl pwòmès.
 An sa a, li espere mennen klas la vizite Sitadèl la.
 Madan Riche pral fè yon pwomnad Sitadèl.

96 Map 8 nèt ale 2 A.F.

an ak liy mango a 2 pa 2.

- ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
 - ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☞ *Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 96 la.*
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
 - ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
 - ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
 - *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.*
 - *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

Dezyèm pati leson an (43 mn)


Tranzisyon (1 mn)

- ☞ *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*


Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (34 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « pwomnad ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « pwomnad » ?
- ☞ *Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*
 - ☞ **Pwomnad vle di: flann, mache pou plezi.**
 - ☞ *Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*
 - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «pwomnad» aloral.

☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo pwomnad ?

 Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «pwomnad» pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Elèv yo ale fè pwomnad bò rivyè a.

 Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «pwomnad».

Repons posib :

- (1) Elèv sizyèm ane yo òganize yon pwomnad, yo envite tout lòt elèv nan lekòl la.
- (2) Tout timoun ki sou katye a ale nan pwomnad sou plas la, yo wè anpil bèl moniman istorik.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil ki sanble ak fraz ki nan «repons posib» yo.


Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (6 mn)


☞ Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.

 Ekri 2 mo yo sou tablo a davans : Pwomennen – flannen.

☞ Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo : Pwomennen ak flannen pou nou di sa nou panse sou 2 mo sa yo.

 Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo pwomennen ak mo flannen. Pase verifiye si tout elèv ap travay. Mande elèv yo :

☞ Kiyès ki ka di klas la sa li panse sou 2 mo sa yo : Pwomennen ak flannen ?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo :

☞ Mo Pwomennen vle di : flannen, mache pou plezi.


Mo flannen vle di : Pwomennen, mache pou plezi.

Sa vle di mo flannen ak mo pwomennen genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.


Egzanp :

Elèv yo ale pwomennen bò plas la.


Elèv yo ale flannen bò plas la.

 Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.

☞ Kiyès ki ka li fraz ki sou tablo a byen fò pou klas la ?

 Apre sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande elèv yo ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo : Pwomennen ak flannen.

☞ Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki gen mo « Pwomennen » epi « flannen » pou klas la menm jan ak modèl ki sou tablo a ?


 Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme sou tablo. Apre sa, mande tout klas la pou li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesesè. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.

3. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 96.

Leson 37



▲ pwomès - madan - elèv - Alina - Emil - kesyon - vizit - paran - lakay - klas - ane - pwomnad - finalman
● fè - espere - mennen - gade - souri - pase - rive - wè - vizite - rete - tann - vle
● Jodi a, madan Riche fè elèv li yo yon bèl pwomès.
▲ Anè sa a, li espere mennen klas la vizite Sitadèl la.
 Madan Riche pral fè yon pwomnad Sitadèl.

96 M ap li mèl ak 2 A.F.

- ☁ *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi mande yo dekri desen an :*
- ☞ **Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.**
- ☁ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
- ☁ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**
- ☁ *Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon(8 mn)

Li istwa

- ☁ *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*
- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
- Premye elèv la ap kòmanse nan mo « Jodi a » pou rive nan mo « Sitadèl la »**
- Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Tout elèv » pou rive nan mo « ap rive ? »**
- Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Emil kontan » pou rive nan mo « Laferyè »**
- Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Alina ak Emil » pou rive nan mo « paran yo sa »**
- Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « Madan Riche » pou rive nan mo « Sitadèl la ! »**
- Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.*
- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 97 la. Verifye si tout elèv nan bon paj la.*
- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**
- ☁ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*

Pwomès Madan Riche

Jodi a, madan Riche fè elèv li yo yon bèl pwomès. Ane sa a, li espere mennen klas la vizite Sitadèl la. Tout elèv yo kontan. Alina gade Emil epi yo souri. Yon gwo kesyon pase nan tèt Emil. Li di : "Oooo ! Kilè jou vizit Sitadèl la ap rive ?" Emil kontan anpil paske li pral wè gran paran li yo. Tout klas la kontan paske yo pral vizite Sitadèl Laferyè. Alina ak Emil pa ka rete tann. Yo vle rive lakay yo pou yo di paran yo sa. Madan Riche pral fè yon pwomnad Sitadèl. Finalman, Alina ak Emil pral vizite Sitadèl la !

Kesyon

1. Ki pwomès madan Riche te fè elèv yo ?
2. Ki kesyon ki te pase nan tèt Emil?
3. Kiyès Emil pral wè li ale vizite Sitadèl ?
4. Pwokisa Alina ak Emil pa ka rete tann ankò?
5. Pwokisa madan Riche ale nan Sitadèl la ak elèv yo ?
6. Kisa ou panse elèv yo pral fè lè yo rive nan Sitadèl la ?

Leson 37

Map 8 mèt sèl 2 A.F. 97

Pwomès Madan Riche

Jodi a, madan Riche fè elèv li yo yon bèl pwomès. Ane sa a, li espere mennen klas la vizite Sitadèl la. Tout elèv yo kontan. Alina gade Emil epi yo souri. Yon gwo kesyon pase nan tèt Emil. Li di : "Oooo ! Kilè jou vizit Sitadèl la ap rive ?" Emil kontan anpil paske li pral wè gran paran li yo. Tout klas la kontan paske yo pral vizite Sitadèl Laferyè. Alina ak Emil pa ka rete tann. Yo vle rive lakay yo pou yo di paran yo sa. Madan Riche pral fè yon pwomnad Sitadèl. Finalman, Alina ak Emil pral vizite Sitadèl la !

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 - ☞ Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

5. Verifikasyon prediksyon (6 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 - ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 - ☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

6. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki pwomès madan Riche te fè elèv yo ?
 2. Ki kesyon ki te pase nan tèt Emil?
 3. Kiyès Emil pral wè lè li ale vizite Sitadèl ?
 4. Poukisa Alina ak Emil pa t ka rete tann ankò?
 5. Poukisa madan Riche ale nan Sitadèl la ak elèv yo ?
 6. Kisa ou panse elèv yo pra l fè lè yo rive nan Sitadèl la ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ **Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 116 pou fè egzèsis #1 an.**
- ☞ **Nou pral ranplase yon mo pa yon lòt mo ki genyen menm sans avèk li. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 116 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi youn nan mo ki nan bwat la, ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la). Nou konprann? Kòmanse!**
 - ☞ Fè elèv yo li premye fraz la. Apre sa, fè yo li tout mo ki nan bwat la. Epi fè yo chwazi mo ki genyen menm sans ak mo ki souliye a pou yo konplete dezyèm fraz la. Si yo genyen difikilte ede yo.

Leson 37

1- Chwazi youn nan mo ki nan bwat la, ki genyen menm sans ak mo ki soulye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.

pwomennen - ale

1- Zanmi yo al flanen sou plas la ak paran yo.
 2- Zanmi yo al _____ sou plas la ak paran yo.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

Ane sa a, li espere mennen klas la vizite _____ la.
 Tout klas la _____ paske yo pral vizite Sitadèl Laferyè.
 Emil _____ anpil paske li pral wè gran paran li yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

116 Kaye egzèsis

Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi nan bwat la pou konplete dezyèm fraz la. Si elèv yo pa jwenn bon mo a, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon mo a pou konplete fraz la. Mande elèv la poukisa se mo sa a li chwazi.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi nan bwat la pou li konplete dezyèm fraz la? Poukisa se mo sa ou chwazi?

☞ Ekri dezyèm fraz la ak mo ki kòrèk la sou tablo a pou tout klas la. Fè elèv yo li fraz la byen fò. Felisite, ankouraje tout elèv yo.

Egzèsis # 2 (3 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 116 pou fè egzèsis # 2 a.

☞ Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 116 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

☞ Kiyès ki ka di klas la ki sa li te pi renmen nan leson jodi a, epi eksplike poukisa?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 38

Objektif:

Entèprete tèks powetik
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Pwodui mo, fraz ak tèks dapre imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 38, paj 98 - 99
Kaye egzèsis, leson 38, paj 117
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (33 mn)



Aktivite 1 Mizantren (8 mn)

1. Pwezi (6 mn)

-  Ekri pwezi a sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv kòm modèl. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.

Lasante

Lasante se yon gwo richès.
Lasante pa vann nan mache.
Respekte tout règ liyèn.
Pou n ka viv ansante.
Viv lasante !

- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi 2 elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan l ap fè jès ki mache ak pwezi a.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**



☁ Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.

☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

2. Rapèl (2 mn)

☁ Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple li?**

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (25 mn)

1. Lekti mo sou tablo (5 mn)

☁ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: bibliyotèk – fouye – moman – retounen – entèlijan – salon – suiv – sere.

☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv yo.

2. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

☁ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 98 la.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 98 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 98 la.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan yo ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak

dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, apre sa fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

4. Rekonèt, fòm, ekri fraz (10 mn)

Rekonèt fraz (5 mn)

☞ Ekri fraz sa a sou tablo a davans pou aprann elèv yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.

- Ana achte yon liv.

Li fraz la avèk elèv yo. Chwazi de (2) elèv, 1 fi ak 1 gason pou li fraz la. Apre sa, poze yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.

☞ **Kounye a, nou pral jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. An n li fraz sa a ansanm : Ana achte yon liv.**

☞ Touche fraz ki sou tablo a pandan w ap li l ansanm ak elèv yo.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv pou li fraz la pou kont yo. Kiyès ki ka li fraz la pou kont li pou tout klas la.**

☞ Chwazi de (2) elèv pou li fraz la pou kont yo pou klas la. Bay elèv yo de (2) minit pou fè aktivite sa a.

☞ **Kounye a, m pral poze nou kèk kesyon pou nou ka jwenn kèk pati ki genyen nan fraz la. Kiyès ki achte liv la ?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons:

(1) Ana.

Souliye mo « Ana » nan fraz ki sou tablo a.

☞ **Kisa Ana fè ?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons:

(2) Ana **achte**.

☞ Souliye gwoup mo « **Ana achte** » nan fraz ki sou tablo a.

☞ **Kisa Ana achte ?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons:

(3) Ana achte yon liv.

☞ Souliye mo « **liv** » nan fraz ki sou tablo a.

☞ **Premye mo nou jwenn nan fraz la se : Ana. Ana se moun ki pral fè aksyon an nan fraz la.**

Apre sa, nou jwenn yon mo ki se : achte, li fè ou konnen ki sa Ana fè.

Lòt gwoup mo nou jwenn nan fraz la se : yon liv. Gwoup mo sa a fè nou konnen ki sa Ana achte.

☞ *Li chak pati ki souliye nan fraz ki sou tablo a apa. Apre sa, li tout fraz la byen vit ak elèv yo ansanm : Ana achte yon liv. Mande 2 elèv li fraz la 2 fwa. Epi antoure lèt majiskil ki kòmanse fraz la ak pwen ki fini fraz la.*

☞ **Yon fraz se plizyè mo ki ranje nan yon lòd epi ki gen sans. Li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li toujou fini ak yon pwen.**

Leson 38

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòmè fraz ki gen sans.

t ap - yon - Katya - li - liv.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

Katya ak Emil gen yon bèl _____ nwa ak blan.
Yo rele li _____.
Li wè chen an ap _____ twou pou li _____ yon zo.

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.
Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

.....
.....
.....
.....

Leson 38

M ap li mèl ale - 2 AF 117

Egzèsis # 1 (5 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 117 pou fè egzèsis #1 an.*
- ☞ **Nou pral fòmè fraz ak gwoup mo ki andezòd nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 117 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje mo yo nan lòd pou fòmè fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou n ka fòmè fraz la. Nou konprann? Kòmanse!**
 - Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respektè konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li fòmè a pou klas la?**
 - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li fraz yo fòmè a. Si yo genyen difikilte, fè yon lòt elèv poze l kesyon pou ede li jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. Poze elèv yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.*

Dezyèm pati leson an (38 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: komunikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « Bibliyotèk ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « bibliyotèk »?
- Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*
 - ☞ **Bibliyotèk vle di: Kote yo ranje liv pou moun li.**
 - Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*
 - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
 - Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « bibliyotèk » aloral.*
 - ☞ **Kiyès ki ka fòmè epi di yon fraz pou klas la ak mo bibliyotèk?**
 - Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « bibliyotèk » pou elèv yo sou tablo a.*
- Egzanp:**
- Elèv yo ale li nan bibliyotèk la.**

 - Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòmè ak mo « Bibliyotèk ».*

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt

elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesese. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Leson 38



chen - entelijan - Katya - Emil - Foujè - anpil - samdi
- maten - liv - aksyon - lakou - moman - salon - anba - tab

rele - kite - soti - gade - fauye - sere - pran - jape
- tonbe - retounen - kontinye - pale - suiv - kouri - kache

Katya ak Emil gen yon bèl chen blan.
Timoan yo kontinye sip pale sou aksyon Foujè a.
Foujè suiv yo, li kouri al kache anba yon tab.

98 M ap li mèt ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 98.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ Kibò ti fi a ye ? Ki sa li ap fè ? Kisa chen an ap fè ? Ki sa ti gason an ap fè ? Ki sa nou wè nan desen an ankò.
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?
 - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Katya ak Emil** » pou rive nan mo « **yon liv** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li te toujou** » pou rive nan mo « **al gade** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li wè chen** » pou rive nan mo « **chen entèlijan!** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Foujè pran** » pou rive nan mo « **salon an** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Foujè suiv** » pou rive nan mo « **aksyon Foujè a** »




Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

 - Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
 - Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa pou elèv anvan ou poze yo kesyon yo.



Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 99 la. Verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)
 - ☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Yon chen entelijan

Katya ak Emil gen yon bèl chen koulè nwa ak blan. Yo rele li Foujè. Li entelijan anpil. Yon samdi maten, Katya t ap li yon liv. Li te toujou prete liv nan bibliyotèk lekòl la. Emil di : "Katya, vin wè aksyon Foujè nan lakou a". Katya kite liv la epi li soti al gade. Li wè chen an ap fouye twou pou li sere yon zo. Katya di : "Oooo! Kisa Foujè ap fè la ? Ala chen entelijan !" Foujè pran jape. Katya ak Emil tonbe ri. Yon moman apre, Katya ak Emil retounen nan salon an. Foujè suiv yo, li kouri al kache anba yon tab. Timoun yo kontinye ap pale sou aksyon Foujè a.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv an silans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Di non tout pèsonaj ki gen nan istwa a.
 2. Ki jou nan semèn nan istwa a te pase ?
 3. Kisa Katya t ap fè ?
 4. Poukisa Foujè entelijan anpil ?
 5. Kisa Foujè t ap fè nan lakou a ?
 6. Kisa Katya te di lè li te fin wè sa Foujè te fè a ?
 7. Ki pèsonaj ou te pi renmen nan istwa a ? Poukisa ?

Yon chen entelijan


Katya ak Emil gen yon bèl chen koulè nwa ak blan. Yo rele li Foujè. Li entelijan anpil. Yon samdi maten, Katya t ap li yon liv. Li te toujou prete liv nan bibliyotèk lekòl la. Emil di : "Katya, vin wè aksyon Foujè nan lakou a". Katya kite liv la epi li soti al gade. Li wè chen an ap fouye twou pou li sere yon zo. Katya di : "Oooo! Kisa Foujè ap fè la ? Ala chen entelijan !" Foujè pran jape. Katya ak Emil tonbe ri. Yon moman apre, Katya ak Emil retounen nan salon an. Foujè suiv yo, li kouri al kache anba yon tab. Timoun yo kontinye ap pale sou aksyon Foujè a.

Kesyon


1. Di non tout pèsonaj ki gen nan istwa a.
2. Ki jou nan semèn nan istwa a te pase ?
3. Kisa Katya t ap fè ?
4. Poukisa Foujè entelijan anpil ?
5. Kisa Foujè t ap fè nan lakou a ?
6. Kisa Katya te di lè li te fin wè sa Foujè te fè a ?
7. Ki pèsonaj ou te pi renmen nan istwa a ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)


Egzèsis # 2 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 117 pou fè egzèsis # 2 a.


- ☞ Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 117 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a).
Nou konprann? Kòmanse!

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.


Egzèsis # 3 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 117 pou fè egzèsis # 3 a.


- ☞ Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 117 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo). Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil. Nou konprann? Kòmanse!

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.

- ☞ Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Leson 38

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

t ap - yon - Katya - li - liv.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

Katya ak Emil gen yon bèl _____ nwa ak blan.

Yo rele li _____.

Li wè chen an ap _____ twou pou li _____ yon zo.

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

M ap li nèk ale - 2 AF 117

Leson 39

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 39, paj 100 - 101
Kaye egzèsis, leson 39, paj 118
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (21 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*



Viv ansanm

Viv ansanm se bèl bagay !


Viv ansanm fè youn renmen lòt.

Mezanmi ! An n aprann viv ansanm.

Pou lavi ka pi bèl.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (2 mn)

-  *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li anvan an.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (24 mn)

1. Lekti mo sou tablo (5 mn)

Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: zanmi – galeri – dimanch – marenn – kontan – poutan – souke – mòde.

☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

Kouye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kouye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 100 an.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 100 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ Kouye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ Kouye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 100 an.

☞ Kouye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ Kouye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.

☞ Kouye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Lesson 39



chen - Alina - dimanch - zanmi - marenn - kado - koulè - anpil - Joujou - galeri - poutan - jounen - kontan

vizite - genyen - fè - rive - prezante - renmen - rele - souke - jape - ale - jwe - mòde - pase

Alina genyen yon chen marenn li te fè l kado.

Emil mete men l nan bouch Joujou, li pa mòde l. Joujou fè yo pase tout jounen an ak kè kontan.

100 M ap li mèl ale 2 A.F.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « vizite ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « vizite »?

☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

- ☞ **Vizite vle di: Ale kay yon moun oswa yon lòt kote pou pase yon moman.**

☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « vizite » aloral.

- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo vizite?**

☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « vizite » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Katya mennen zanmi li yo al vizite plas bò lakay li a.

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « vizite ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (10 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 100.

☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

- ☞ **Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.


Pwodui mo, fraz, tèks dapre desen sou tablo (4 mn)

☞ Fè elèv yo di kèk mo ki genyen rapò ak imaj yo sot dekri a. Ekri chak mo elèv yo di yo sou tablo a byen gwo apre sa fè yo eple mo yo.

- ☞ **Kounye a, nou pral di kèk mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri a. M ap ekri chak mo nou di yo sou tablo a apre sa n ap eple yo.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di mo yo. Apre sa, chwazi kèk lòt elèv pou eple mo yo.

- ☞ **Kounye a, nou pral fòme kèk fraz ki genyen rapò ak mo nou te di yo ki te**



genyen rapò ak imaj nou te dekri a.

Touche chak mo ki sou tablo a epi mande elèv yo fè yon fraz ak chak mo ou touche yo. Ekri fraz elèv yo fè yo sou tablo a, apre sa fè yo li l. Sonje kòmanse fraz yo ak yon lèt majiskil pou fini ak yon pwen. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fòme fraz ak mo ou touche yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**

Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon dimanch** » pou rive nan mo « **fè l kado** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Lè Katya** » pou rive nan mo « **yo anpil** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Alina di** » pou rive nan mo « **li jape** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Zanmi yo** » pou rive nan mo « **l ap jwe** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Emil mete** » pou rive nan mo « **kè kontan** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa pou elèv anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 101 an. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Chen Alina a

Yon dimanch, Katya ak Emil al vizite zanmi yo Alina. Alina genyen yon chen marenn li te fè l kado. Lè Katya ak Emil rive, li prezante yo chen an. Li gen koulè nwa ak blan. Li renmen zanmi Alina yo anpil. Alina di zanmi l yo : "Li rele Joujou".

Depi zanmi Alina yo rive, Joujou souke ke l, li jape. Zanmi yo ale sou galeri a ak Joujou pou yo jwe. Joujou fè tankou l ap mòde men Alina. Poutan, se jwe l ap jwe. Emil mete men l nan bouch Joujou, li pa mòde l. Joujou fè yo pase tout jounen an ak kè kontan.

Kesyon

1. Ki jou Katya ak Emil t al vizite Alina?
2. Kiyès ki te bay Alina chen an?
3. Ki koulè chen Alina a?
4. Ki jan chen Alina a rele?
5. Èske chen an te mechan? Poukisa?
6. Poukisa tout zanmi yo te pase tout jounen an ak kè kontan?
7. Èske zanmi Alina yo te renmen chen an? Poukisa?

Map li mèl ale 2 A.F.




101

Chen Alina a



Yon dimanch, Katya ak Emil al vizite zanmi yo Alina. Alina genyen yon chen marenn li te fè l kado. Lè Katya ak Emil rive, li prezante yo chen an. Li gen koulè nwa ak blan. Li renmen zanmi Alina yo anpil. Alina di zanmi l yo : "Li rele Joujou".

Depi zanmi Alina yo rive, Joujou souke ke l, li jape. Zanmi yo ale sou galeri a ak Joujou pou yo jwe. Joujou fè tankou l ap mòde men Alina. Poutan, se jwe l ap jwe. Emil mete

men l nan bouch Joujou, li pa mòde l. Joujou fè yo pase tout jounen an ak kè kontan.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (7 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki jou Katya ak Emil t al vizite Alina?
 2. Kiyès ki te bay Alina chen an?
 3. Ki koulè chen Alina a?
 4. Ki jan chen Alina a rele?
 5. Èske chen an te mechan? Poukisa?
 6. Poukisa tout zanmi yo te pase tout jounen an ak kè kontan?
 7. Èske zanmi Alina yo te renmen chen an? Poukisa?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ **Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 118 pou fè egzèsis # 1 an. Fè elèv yo kopye nan kaye egzèsis yo 2 premye mo ak fraz ki sou tablo a yo te di sou desen an.**
- ☞ **Nou pral kopye 2 premye mo ak fraz nou te di sou desen an nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 118 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye de (2) premye**

Leson 40 Revizyon

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

Liv lekti, leson 40, paj 102 - 103
Kaye egzèsis, leson 40, paj 119
Kaye bouyon, kreyon, gòm






Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin


-  *Ekri kontin nan sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Mwen pral lekòl ak kè kontan.
M ap etidye leson m ak fè devwa m.
M ap rete lekòl pou m ede peyi m.
Lekòl se lavni tout timoun.

-  **Koune a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Koune a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Bravo! Nou te byen travay**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)


1. Lekti mo nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 102 a.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 102 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 102 a.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 40



 pwovizyon - Salomon - apremidi - Emil - Katya - plas
- dousman - Belan - timoun - dakò - dabò - kòman -
kontan - mèsi - anpil

 flannen - rele - mache - pote - separe - bay - pran -
parèt - rantre

 Dimanch apremidi, Emil, Katya, Alina ak flannen sou
plas la.

Lè yo rive devan kay madan Salomon an, li rele yo.


Timoun yo rantre, yo ba li pwovizyon an.

102

M ap li nèt ak 2 A.F.

Dezyèm pati leson an (42 mn)



Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.






Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè : Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)



-  *Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.*
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo.**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte raple yo sans mo yo epi fè yo di yo pou kont yo.*

Egzèsis # 1 (3 mn)

-  *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 119 pou fè egzèsis # 1 an. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.*
- ☞ **Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 119 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann? Kòmanse!**
-  *Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz kibò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, fè yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz kibò kote li yo pou klas la?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo a ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.*
- ☞ **Ki fraz nou wè ki bay sans mo a?**
-  *Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan pou lòt mo yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a?**
-  *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz yo chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije asnsanm ak tout klas la.*

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 102 a.**
-  *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :*
- ☞ **Ki kote nou wè twa (3) timoun yo ye? Ki koulè rad nou wè sou yo? Kisa ki nan men youn nan timoun yo? Kisa nou wè ankò nan desen an?**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Leson 40 Revizyon

1- Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Bibliyotèk	• Kote yo vann kaye ak liv. • Kote yo ranje liv pou moun li.
Vizite	• Ale kay yon moun oswa yon lòt kote pou pase yon moman • Ale achte nan mache.

2- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

3- Ekri de (2) aksyon Emil te fè dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

M ap li mèlale 2 AF 119

Leson 40



▲ pwovizyon - Salomon - apre midi - Emil - Katya - plas - dousman - Belan - timoun - dakò - dabò - kòman - kontan - mési - anpil

🍌 flannen - rele - mache - pote - separe - bay - pran - parèt - rantre

🍌 Dimanch apre midi, Emil, Katya, Alina al flannen sou plas la.

Lè yo rive devan kay madan Salomon an, li rele yo. Timoun yo rantre, yo ba li pwovizyon an.

102 M ap li mèlale 2 A.F.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?

☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon(20 mn)

Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Dimanch apremidi** » pou rive nan mo « **li rele yo** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Emil rive** » pou rive nan mo « **pou mwen** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Timoun yo** » pou rive nan mo « **epi yo ale** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Lè yo rive** » pou rive nan mo « **Rantre non!** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Timoun yo rantre** » pou rive nan mo « **Mèsi anpil** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 10 elèv (5 fi ak 5 gason) pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Apre sa, li tout istwa pou elèv anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 103 a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Lekti fraz nan istwa a 2 pa 2



- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.



Pwovizyon madan Salomon an

Dimanch apremidi, Emil, Katya ak Alina al flannen sou plas la. Lè yo rive devan kay madan Salomon an, li rele yo. Emil rive byen vit. Katya ak Alina t ap mache byen dousman. Li di yo: "Pote pwovizyon sa a kay madan Belan pou mwen". Timoun yo dakò. Dabò, Emil separe pwovizyon an. Li bay Katya yon pati, li pran yon pati. Apre sa, li bay Alina pote rès la epi yo ale. Lè yo rive kay madan Belan, yo frape pòt la. Madan Belan parèt, li di: "Oooo! Kòman nou ye? Rantre non!" Timoun yo rantre, yo ba li pwovizyon an. Madan Belan kontan, li di timoun yo: "Mèsi anpil".


Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

-  Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
-  Ankouraje epi felisite elèv yo.



Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

-  Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kilès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**
-  Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.


Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
-  Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
-  Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
-  Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (8 mn)

-  Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Kilè istwa a pase?
 2. Kisa zanmi yo t ap fè?
 3. Poukisa madan Salomon te rele timoun yo?
 4. Kisa chak timoun yo te fè lè madan Salomon te rele yo?
 5. Poukisa Katya ak Alina t ap mache dousman ?

6. Ki sèvis madan Salomon te mande zanmi yo?
7. Ki jan madan Belan te resevwa timoun yo ?
8. Èske madan Belan te kontan ? Poukisa ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo




Leson 40 Revizyon

1- Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Bibliyotèk	• Kote yo vann kaye ak liv.
	• Kote yo ranje liv pou moun li.
Vizite	• Ale kay yon moun oswa yon lòt kote pou pase yon moman
	• Ale achte nan mache.

2- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.
 Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majikil.

3- Ekri de (2) aksyon Emil te fè dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

-  *Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 ak 3 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.*
- ☞ **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 119 la nan egzèsis # 2 ak 3 a.**
-  *Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.*
- ☞ **Egzèsis sa yo, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije yo anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis yo lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**
-  *Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.*

Leson 41

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 41, paj 104 - 105
Kaye egzèsis, leson 41, paj 120
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (32 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin



-  *Ekri kontin nan sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Bèt yo

Tout bèt sou latè enpòtan.



An n pwoteje lavi bèt yo.

Pou lavi ka pi bèl !





- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)





1. Lekti mo sou tablo (6 mn)


-  Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : kondisip – mèb – wout – komisyon – siye – netwaye – respekte – tounen.
- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 104 la.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 104 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

-  Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 104 la.
- ☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
-  Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.



4. Rekonèt, fòmè, ekri fraz (11 mn)

Rekonèt fraz (6 mn)

- ☞ *Ekri gwoup mo sa yo andezòd sou tablo a davans pou aprann elèv yo ranje mo nan lòd pou fòmè fraz epi pou konnen wòl kèk mo nan yon fraz.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fòmè fraz. Men yon gwoup mo an dezòd : mèb yo – ap siye – Emil.**
Mete gwoup mo sa a nan lòd pou nou fòmè yon fraz.
- ☞ *Bay elèv yo 1 minit pou li mo yo ki sou tablo a byen fò ansanm. Touche mo yo jan yo ye sou tablo a pou elèv yo.*
- ☞ **Anvan nou fòmè fraz la nou pral li mo yo ansanm. Nou konprann ?**
- ☞ *Li mo yo ansanm ak elèv yo byen fò pandan 1 minit. Epi poze yo kesyon sa yo pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la :*
- ☞ **Ki non moun nou jwenn nan gwoup mo ki an dezòd la ?**
- ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib :

(1) Emil

Ekri « Emil » sou tablo a.

☞ **Kisa Emil ap fè ?**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib :

(2) Emil ap siye (3) Emil ap siye mèb yo

☞ *Ekri « ap siye » sou tablo a pou w kontinye fè fraz la.*

☞ **Kisa Emil ap siye ?**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib :

(4) Emil ap siye mèb yo.

☞ *Ekri « mèb yo » sou tablo a pou fin ekri fraz la korèk sou tablo a.*

☞ **Premye mo nou jwenn nan fraz la se : Emil. Emil se moun ki pral fè aksyon an nan fraz la.**

Aprè sa nou jwenn yon gwoup mo ki se : ap siye, li fè w konnen ki sa Emil ap fè.

Lòt gwoup mo nou jwenn nan fraz la se : mèb yo. Li fè nou konnen ki sa Emil ap siye.

☞ *Ekri fraz la sou tablo a : Emil ap siye mèb yo. Mande 2 elèv li fraz la. Epi mande premye elèv la antoure lèt majiskil ki kòmanse fraz la, aprè sa fè dezyèm elèv la souliye pwen ki fini fraz la.*

☞ **Yon fraz se plizyè mo ki ranje nan yon lòd epi ki gen sans. Li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li toujou fini ak yon pwen.**

Egzèsis # 1 (5 mn)

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 120 pou fè egzèsis # 1 an.*
- ☞ **Nou pral fòmè fraz ak gwoup mo ki andezòd nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 120 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Ranje mo yo nan lòd pou fòmè fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou n ka kopye mo a. Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Leson 41

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòmè fraz ki gen sans.

fè - kè - Yo - fanmi an - tout - kontan. - toujou

2- Antoure nan bwat ki anba a tout mo ki genyen rapò ak mo «boulè».

machandiz - solèy - lajan - pyebwa - machann - achte - pile - vann

3- Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan listwa a sou liy ki anba yo.

Leson 41

120 Kaye egzèsis

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li fòme pou klas la?**

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li fraz yo fòme a. Si yo genyen difikilte fè yon lòt elèv poze yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. Toujou ede elèv la pou li ka jwenn kesyon yo. Oubyen poze tout klas la kesyon yo pou yo ka jwenn ansanm pati ki genyen nan fraz la.

Dezyèm pati leson an (38 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (27 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (5 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « komisyon ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « komisyon »?

Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

☞ **Komisyon vle di: Yon mesaj, yon objè oubyen yon pwovizyon ou resevwa, w al chache oubyen ou pote ale.**

Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv li epi eple mo ki sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « komisyon » aloral.

☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo komisyon?**

Ekri yon fraz kòm egzanzp ak mo « komisyon » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanzp:

Katya al chache komisyon an nan mache a pou manman li.

Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Komisyon ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 104 la.**

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:

☞ **Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Leson 41



▲ timoun - samdi - lekòl - manman - chanm - mèb - komisyon - wout - disiplin - kondisip - kontan - modèl

🔦 renmen - fè - ede - achte - kanpe - respekte - santi - netwaye - tounen

🍷 Yo pa ale lekòl, yo gen tan pou yo ede manman yo.

🍷 Lè yo al achte kafè, yo toujou tounen byen vit. Yo santi manman yo renmen yo anpil.

104

M ap li mè a 2 A.F.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
 - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

1. Li istwa pou reponn kesyon ak verifiye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « Chak samdi » pou rive nan mo « ede manman yo »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Yo netwaye » pou rive nan mo « nan wout »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Lè yo al » pou rive nan mo « yo gen disiplin »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « Tout kondisip yo » pou rive nan mo « poutèt yo saj »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « Yo santi manman » pou rive nan mo « toujou kontan »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

 - Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
 - Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa pou elèv anvan ou poze yo kesyon.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 105 lan. Verifiye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)
 - ☞ Pase verifiye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

De (2) timoun saj

Chak samdi, Katya ak Emil toujou kontan. Yo pa ale lekòl, yo gen tan pou yo ede manman yo. Yo netwaye chanm yo. Yo siye mèb epi yo etidye leson yo. Lè yo pral fè komisyon, yo pa kanpe nan wout. Lè yo al achte kafe, yo toujou tounen byen vit. Tout moun nan zòn nan konnen yo gen disiplin. Tout kondisip yo respekte yo, yo se modèl nan zòn yo. Manman Katya ak Emil renmen yo anpil poutèt yo saj. Yo santi manman yo renmen yo anpil. Yo fè kè tout fanmi an toujou kontan.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou Katya ak Emil toujou kontan ?
3. Ki travay timoun yo ede manman yo fè nan kay la ?
4. Ki komisyon yo konn al fè pou manman yo ?
5. Poukisa Katya ak Emil se yon modèl nan zòn yo ?
6. Poukisa manman yo renmen yo ?


Leson 41

Map li nèl ale 2 A.F. 105

De (2) timoun saj

Chak samdi, Katya ak Emil toujou kontan. Yo pa ale lekòl, yo gen tan pou yo ede manman yo. Yo netwaye chanm yo. Yo siye mèb epi yo etidye leson yo. Lè yo pral fè komisyon, yo pa kanpe nan wout. Lè yo al achte kafe, yo toujou tounen byen vit. Tout moun nan zòn nan konnen yo gen disiplin. Tout kondisip yo respekte yo, yo se modèl nan zòn yo. Manman Katya ak Emil renmen yo anpil poutèt yo saj. Yo santi manman yo renmen yo anpil. Yo fè kè tout fanmi an toujou kontan.


- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.


 Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.


 Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


 Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.


 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

 Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (5 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

 Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki tit istwa a?
2. Ki jou Katya ak Emil toujou kontan?
3. Ki travay timoun yo ede manman yo fè nan kay la?
4. Ki komisyon yo konn al fè pou manman yo?
5. Poukisa Katya ak Emil se yon modèl nan zòn yo?
6. Poukisa manman yo renmen yo?

Aktivite 4 Pwodiksyon (8 mn)

Lesson 41

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

fè - kè - Yo - fanmi an - tout - kontan. - toujou

2- Antoure nan bwat ki anba a tout mo ki genyen rapò ak mo «boutik».


machandiz - solèy - lajan - pyebwa - machann - achte - pile - vann


3- Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

120 Kaye egzèsis

Egzèsis # 2 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 120 pou fè egzèsis # 2 a.

 Nou pral travay sou mo ki genyen rapò ak yon lòt mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 120 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Antoure nan bwat ki anba a tout mo ki genyen rapò ak mo «boutik»). Nou konprann? Kòmanse!

 Fè elèv yo li mo yo. Apre sa, fè yo chache epi antoure tout mo ki genyen rapò ak mo boutik. Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

 Kounye a, nou pral korije ansanm.

Leson 41

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

fè - kè - Yo - fanmi an - tout - kontan. - toujou

2- Antoure nan bwat ki anba a tout mo ki genyen rapò ak mo «boutik».

machandiz - solèy - lajan - pyebwa - machann - achte - pile - vann

3- Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

120 Kaye egzèsis

- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la pou ka verifye si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi nan bwat la ki genyen rapò ak mo « Boutik ».
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li antoure nan bwat la ki genyen rapò ak mo « Boutik »?**
- ☞ Ekri mo yo sou tablo a, fè elèv yo li yo epi eple yo byen fò. Felisite, ankouraje tout elèv yo.

Egzèsis # 3 (5 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 120 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral ekri fraz dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 120 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo). Reli istwa ki nan liv la pou ka jwenn premye ak dezyèm fraz la. Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 5 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo jwenn premye ak dezyèm fraz ki nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di pou klas la premye ak dezyèm fraz yo te ekri a dapre istwa a?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz yo te ekri yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 42

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 42, paj 106 - 107
Kaye egzèsis, leson 42, paj 121
Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☛ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Pwòpte se zanmi lasante.
An nou met tèt ansanm.
Pou n pwòpte peyi nou.
Pou peyi n ka pi bèl !

- ☛ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☛ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (2 mn)

- ☞ Kiyès ki ka di klas la kisa li te aprann nan leson anvan an? Epi eksplike poukisa?

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

☁ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: tamaren – gous – vandredi – vwa – zanmi – goute – jaden – keyi.

- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

☁ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 106 la.

- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 106 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 106 la.

- ☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.


- ☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan yo ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.

Leson 42



▲ tamaren - vandredi - vwa - Alina - zanmi - istwa - gous - Sara - jaden - timoun - dous
 🍌 rakonte - kache - renmen - tande - gade - wè - repann - goute - keyi
 🍌 Yon vandredi, Alina rakonte zanmi li yo istwa yon pye tamaren.
 Pye tamaren an di: "Ou mèt goute fwi mwen".
 Depi jou sa a, zanmi Sara yo renmen tamaren.

106 Map II nèt ale 2 A.F.

- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

Dezyèm pati leson an (42 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☞ *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (33 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «Tamaren». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «Tamaren»?

☞ *Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*

- ☞ **Tamaren se: Yon fwi ki gen koulè mawon, li genyen plizyè gous. Epi chak gous gen plizyè grenn. Yo sèvi ak chè tamaren an pou yo fè ji, konfiti ak jele.**

☞ *Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv li epi eple mo ki sou tablo a.*

- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «tamaren» aloral.*

- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo tamaren?**

☞ *Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «tamaren» pou elèv yo sou tablo a.*

Egzanp:

Ana renmen fè ji tamaren chak samdi maten.

☞ *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «tamaren». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.*

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 106.**

☞ *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la.*

- ☞ **Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.**


☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Pwodi mo, fraz, tèks dapre desen sou tablo (5 mn)

☞ *Fè elèv yo di kèk mo ki genyen rapò ak imaj yo sot dekri a. Ekri chak mo elèv yo di yo sou tablo a byen gwo apre sa fè yo eple mo yo.*


- ☞ **Kounye a, nou pral di kèk mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri a. M ap ekri chak mo nou di yo sou tablo a apre sa n ap eple yo.**

Leson 42




▲ tamaren - vandredi - vwa - Alina - zanmi - istwa - gous - Sara - jaden - timoun - dous
 🗨️ rakonte - kache - renmen - tande - gade - wè - reponn - goute - keyl
 🍌 Yon vandredi, Alina rakonte zanmi l yo istwa yon pye tamaren.
 🗨️ Pye tamaren an di : "Ou mèt goute fwi mwen".
 🗨️ Depi jou sa a, zanmi Sara yo renmen tamaren.

106 Map li mèt ale 2 A.F.


 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di mo yo. Apre sa, chwazi kèk lòt elèv pou eple mo yo.

☞ Kounye a, nou pral fòme kèk fraz ki genyen rapò ak mo nou te di yo ki te genyen rapò ak imaj nou te dekri a.

 Touche chak mo ki sou tablo a epi mande elèv yo fè yon fraz ak chak mo ou touche yo. Ekri fraz elèv yo fè yo sou tablo a apre sa fè yo li yo. Sonje kòmanse fraz yo ak yon lèt majiskil pou fini ak yon pwen. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo ou touche yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifiye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo «Yon vandredi» pou rive nan mo «li t ap fè lago»

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo «Jaden an gen» pou rive nan mo «kache la pito!»

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo «Sara gade» pou rive nan mo «tout timoun»

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo «Sara gade pye» pou rive nan mo «li goute»

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo «Apre sa» pou rive nan mo «renmen tamaren»


Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa pou elèv anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 107 la. Verifiye si tout elèv nan bon paj la.

☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 Pase verifiye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Yon pye tamaren

Yon vandredi, Alina rakonte zanmi l yo istwa yon pye tamaren. Se istwa Sara ki t al kache nan yon jaden. Li t ap fè lago. Jaden an gen yon pye tamaren ki renmen timoun. Kote Sara kache a, li tandè yon vwa. Vwa a di: "Kache la pito!" Sara gade, li pa wè moun, li pè. Vwa a reponn: "Se mwen pye tamaren. Mwen se zanmi tout timoun". Sara gade pye tamaren an, fèy li bèl, li genyen bèl gous. Pye tamaren an di: "Ou mèt goute fwi mwen". Sara keyi yon gous, li goute. Apre sa, li di: "Mmmmm! Li dous men li si tou". Depi jou sa a, zanmi Sara yo renmen tamaren.

Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale?
2. Ki bò istwa Alina t ap rakonte a te pase?
3. Kisa Sara t al fè nan jaden an?
4. Pousisa Sara te pè?
5. Kiyès ki t ap pale ak Sara?
6. Kisa pye tamaren an te di Sara?
7. Pousisa tout zanmi Sara yo te vin renmen tamaren?




M ap li mèt ak 2 A.F.

107



Yon pye Tamaren

Yon vandredi, Alina rakonte zanmi l yo istwa yon pye tamaren. Se istwa Sara ki t al kache nan yon jaden. Li t ap fè lago. Jaden an gen yon pye tamaren ki renmen

timoun. Kote Sara kache a, li tandè yon vwa. Vwa a di: "Kache la pito!" Sara gade, li pa wè moun, li pè. Vwa a reponn: "Se mwen pye tamaren. Mwen se zanmi tout timoun". Sara gade pye tamaren an, fèy li bèl, li genyen bèl gous. Pye tamaren an di: "Ou mèt goute fwi mwen". Sara keyi yon gous, li goute. Apre sa, li di : "Mmmmm ! Li dous men li si tou". Depi jou sa a, zanmi Sara yo renmen tamaren.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Sou kisa istwa a pale?
 2. Ki bò istwa Alina t ap rakonte a te pase?
 3. Kisa Sara t al fè nan jaden an ?
 4. Poukisa Sara te pè ?

Repons:

(1) Paske li te tandè yon vwa epi li pa t wè pèsòn.

5. Kiyès ki t ap pale ak Sara?

6. Kisa pye tamaren an te di Sara?

7. Poukisa tout zanmi Sara yo te vin renmen tamaren?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 121 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral mete fraz yo nan lòd dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 121 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri fraz sa yo nan lòd dapre istwa a sou liy anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li pou klas la kijan yo mete 2 fraz yo nan lòd dapre istwa a?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

Leson 42

1- Ekri fraz sa yo nan lòd dapre istwa a sou liy anba yo.
Vwa a di: "Kache la pitou!"
Kote Sara kache a, li tande yon vwa.
.....
.....
.....

2- Chwazi mo nan bwat la pou konplete fraz yo dapre istwa a.

zanmi - rakonte - Sara

Yon vandredi, Alina zanmi l yo istwa yon pye tamaren.
Se istwa ki t al kache nan yon jaden.
Depi jou sa a, Sara yo renmen tamaren.

Leson 42

M ap li mèt ale - 2 AF 121

Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 121 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 121 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi mo nan bwat la pou konplete fraz yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo. Si elèv yo genyen difikilte, reprann fraz ki genyen rapò ak fraz elèv yo genyen pou konplete yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 43

Objektif:

Entèprete tèks powetik
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Pwodui mo, fraz ak tèks dapre imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 43, paj 108 - 109
Kaye egzèsis, leson 43, paj 122
Kaye bouyon, kreyon, gòm




Premye pati leson an (32 mn)

Aktivite 1 Mizantren (9 mn)

1. Pwezi (6 mn)

-  Ekri pwezi a sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit, epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit, epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo pou yo repete li pou kont yo menm jan an.
- ☞ Mwen pral li pwezi a pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.

Peyi mwen
Peyi m se pa m.
M ap travay pou m fè l vin bèl.
Mwen renmen peyi m !

- ☞ Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi 2 elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan l ap fè jès ki mache ak pwezi a.
- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.
-  Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.

☺ **Bravo! Nou te byen travay!**

2. Rapèl (2 mn)

- ☁ Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.
- ☺ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple li?**
- ☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

- ☁ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: takinen – eksplike – entèresan – kontinye – ede – parèt – syans – eksperimantal.
- ☺ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

- ☁ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 108 la.
- ☺ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 108 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☺ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 108 la.
- ☺ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☺ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

Leson 43



▲ Katya - devwa - samdi - tab - syans - eksperimantal
 - enteresan - anpil - fasil - pandan - Emil - kontan - entelijan

👉 fè - parèt - mande - chita - reponn - ede - pran - eksplike - takinen - kontinye

👉 Katya reponn: "M ap fè devwa syans eksperimantal".

👉 Li enteresan anpil, men li pa fasil.
 Papa Katya kontan, paske Katya se yon timoun entelijan.

108 M ap li nèk ale 2 A.F.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

Leson 43

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

devwa - syans - eksperimental - difisil - entelijan

2- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

1) Yon samdi, Katya _____ bò tab la ap fè devwa l.

2) Papa Katya pran devwa a, epi li _____ l.

3) Pandan _____ ap fè devwa a, _____ vin takinen l.

3- Ekri nan tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

122 Kaye egzèsis

Egzèsis # 1 (5 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 122 pou fè egzèsis #1 an. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.

☞ **Nou pral kopye mo ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 122 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la pou n ka kopye mo a. Nou konprann? Kòmanse!**

☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

Dezyèm pati leson an (39 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « takinen ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « takinen »?


☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

☞ **Takinen vle di: chache kont, annwiye yon moun.**

☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

Leson 43



▲ Katya - devwa - samdi - tab - syans - eksperimental
- enteresan - anpil - fasil - pandan - Emil - kontan - entelijan

🔦 fè - parèt - mande - chita - reponn - ede - pran - eksplik - takinen - kontinye

👤 Katya reponn: "M ap fè devwa syans eksperimental".

👤 Li enteresan anpil, men li pa fasil.
Papa Katya kontan, paske Katya se yon timoun entelijan.

108 Map li mèlale 2 A.F.

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « takinen » aloral.

☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo takinen ?

☁ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « takinen » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Katya renmen takinen Emil lè l ap kriye.

☁ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Takinen ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 108.

☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☁ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☁ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon samdi** » pou rive nan mo « **ap fè la ?** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Katya reponn** » pou rive nan mo « **li pa fasil** »

Twazyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Apre sa li** » pou rive nan mo « **takinen l** »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Emil di** » pou rive nan mo « **devwa l** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Papa katya** » pou rive nan mo « **timoun entelijan** »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa pou elèv anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 109 la. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Katya renmen fè devwa

Yon samdi, Katya chita bò tab la ap fè devwa l. Papa Katya parèt epi li mande li : "Kisa w ap fè la?" Katya reponn : "M ap fè devwa syans eksperimantal. Li enteresan anpil, men li pa fasil". Apre sa li di : "Vin ede m, Papi !" Papa Katya pran devwa a, epi li eksplike l. Pandan Katya ap fè devwa a, Emil vin takinen l. Emil di : "Mwen toujou fè devwa m pou kont mwen". Katya pa reponn, li kontinye fè devwa a. Papa Katya kontan, paske Katya se yon timoun entelijan.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou nan semèn nan istwa a te rive ?
3. Kisa Katya t ap fè ?
4. Kiyès ki te vin parèt kote Katya a ?
5. Poukisa Katya te mande papa li ede l ?
6. Kisa Emil te vin fè kote Katya a ?
7. Kisa Emil te di Katya ?
8. Poukisa papa Katya te kontan ?
9. Kiyès ou te pi renmen nan pèsonaj yo ? Poukisa ?

Leson 43

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*

Katya renmen fè devwa

Yon samdi, Katya chita bò tab la ap fè devwa l. Papa Katya parèt epi li mande li : "Kisa w ap fè la?" Katya reponn : "M ap fè devwa syans eksperimantal. Li enteresan anpil, men li pa fasil". Apre sa li di : "Vin ede m, Papi !" Papa Katya pran devwa a, epi li eksplike l. Pandan Katya ap fè devwa a, Emil vin takinen l. Emil di : "Mwen toujou fè devwa m pou kont mwen". Katya pa reponn, li kontinye fè devwa a. Papa Katya kontan, paske Katya se yon timoun entelijan.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
☞ *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
☞ *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
☞ *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (9 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
1. Ki tit istwa a ?

2. Ki jou nan semèn nan istwa a te rive ?
3. Kisa Katya t ap fè ?
4. Kiyès ki te vin parèt kote Katya a ?
5. Poukisa Katya te mande papa li ede l ?





Repons:

(1) Paske devwa a enteresan, men li pa fasil. (2) Paske Katya pa t ka fè devwa a.





6. Kisa Emil te vin fè kote Katya a ?
7. Kisa Emil te di Katya ?
8. Poukisa papa Katya te kontan ?
9. Kiyès ou te pi renmen nan pèsonaj yo ? Poukisa ?

Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 2 (3 mn)

-  *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 122 pou fè egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 122 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann ? Kòmanse!**
-  *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo ?**
-  *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.*

Egzèsis # 3 (3 mn)

-  *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 122 pou fè egzèsis # 3 a.*
- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 122 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann ? Kòmanse!**
-  *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo ?**
-  *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.*

Leson 42

1- Ekri fraz sa yo nan lòd dapre istwa a sou liy anba yo.
Vwa a di: "Kache la pito!"
Kate Sara kache a, li tande yon vwa.
.....
.....
.....

2- Chwazi mo nan bwat la pou konplete fraz yo dapre istwa a.



[zanmi - rakonte - Sara]

Yon vandredi, Alina zanmi l yo istwa yon pye tamaren.
Se istwa ki t al kache nan yon jaden.
Depi jou sa a, Sara yo renmen tamaren.

Leson 42

M ap li mèt ale - 2 AF 121

Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li, epi eple mo a.*
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li, epi eple mo a?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*

Leson 44

Objektif:

Konprann yon devinèt
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral epi alekri



Materyèl:

Liv lekti, leson 44, paj 110 - 111
Kaye egzèsis, leson 44, paj 123
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an(28 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

1. Devinèt

-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen ka gen plizyè fòm.


Mwen ka gen tout koulè.

Lè gen fèt, yo gonfle m ak van pou fè dekorasyon.


Mwen bèl anpil.

Timoun renmen jwe avè m.

Kisa mwen ye? (Repons : blad)




-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

2. Rapèl (2 mn)








- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)






1. Lekti mo sou tablo (6 mn)



-  *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: desizyon – annwiyan – etidye – konnen – cheve – malgre – rale – vle.*
-  **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche ansanm. (2 mn)**
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.*

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)


-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 110 la.*
-  **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 110 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*
-  **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.*
-  **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  *Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*





3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

-  *Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 110 la.*
-  **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*
-  **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
-  **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

Leson 44



-  Emil - toujou - annwiyan - anpil - gran - Katya - devwa - cheve - koulè - kontan - malgre - konsa - desizyon - ankò
-  annwiye - renmen - rale - vle - etidye - konnen - mande - montre - pran
-  Emil renmen rale cheve Katya lè l ap fè devwa l.
-  Li pa bay Katya tan pou l etidye ni pou l fè devwa l.

Konsa Emil pran desizyon pou l pa annwiye Katya ankò.

110 M ap li nèt ale 2 A.F.

Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

Leson 44

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

devwa - renmen - annwiye - desizyon - kontan - etidye

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.





1) Emil toujou ap gran sè li Katya.
 2) Yon jou, Emil gen yon sou koulè.
 3) ak mande l pou li ede Emil.

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

Leson 44


M ap li mèt ale - 2 AF 123

Egzèsis # 1 (5 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 123 pou fè egzèsis # 1 an. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral kopye mo ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 123 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la pou n ka kopye mo a. Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.





Dezyèm pati leson an (38 mn)

Tranzisyon (1 mn)

-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « desizyon ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « desizyon »?
-  Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ **Desizyon vle di: Lè ou fè yon chwa pou fè yon aksyon oswa pou pa fè yon aksyon.**
 -  Ekri mo ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
 - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
 -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « desizyon » aloral.
 - ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo desizyon?**
 -  Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « desizyon » pou elèv yo sou tablo a.
- Egzanp:**
 Jan pran desizyon pou li toujou etidye leson l.

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòm ak mo « desizyon ».

Repons posib :

(1) Elèv yo pran desizyon pou yo pa jete fatra nan lakou lekòl la. (2) Mwen pran desizyon pou m toujou fè devwa m.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil ki sanble ak fraz ki nan « repons posib » yo.

Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 110.

☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Emil toujou** » pou rive nan mo « **ap fè devwa l** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li toujou vle** » pou rive nan mo « **fè devwa l** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon jou** » pou rive nan mo « **ede Emil** »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Katya rele** » pou rive nan mo « **annwiye katya** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Konsa Emil** » pou rive nan mo « **renmen li** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.


- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa pou elèv anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 111 lan. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt

Lesson 44



▲ Emil - toujou - annwiyan - anpil - gran - Katya - devwa - cheve - koulè - kontan - malgre - konsa - desizyon - ankò

● annwiye - renmen - rale - vle - etidye - konnen - mande - montre - pran

● Emil renmen rale cheve Katya lè l ap fè devwa l.

● Li pa bay Katya tan pou l etidye ni pou l fè devwa l.

Konsa Emil pran desizyon pou l pa annwiye Katya ankò.

110 M ap li nèt ale 2 A.F.

Emil annwiyan anpil

Emil toujou ap annwiye gran sè li Katya. Emil renmen rale cheve Katya lè l ap fè devwa l. Li toujou vle jwe avèk li. Li pa bay Katya tan pou l etidye ni pou l fè devwa l. Yon jou, Emil gen yon devwa sou koulè. Li pa konnen tout koulè yo. Manman ak papa Katya mande l pou li ede Emil. Katya rele Emil. Li montre l koulè yo. Emil kontan paske Katya ede li malgre l konn ap annwiye Katya. Konsa Emil pran desizyon pou l pa annwiye Katya ankò. Li wè gran sè li Katya, renmen li.


Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa Katya ye pou Emil ?
3. Kisa Emil renmen fè Katya ?
4. Kiyès ki gen devwa sou koulè a ?
5. Poukisa manman ak papa Katya mande l pou l ede Emil ?
6. Poukisa Emil kontan ?
7. Ki desizyon Emil pran apre Katya fin ede l fè devwa a ?
8. Èske Emil te byen fè li lè l ap annwiye Katya a ? Poukisa ?

Lesson 44




M ap li nèt ale 2 A.F. 111

nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)



 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Emil annwiyan anpil

Emil toujou ap annwiye gran sè li Katya. Emil renmen rale cheve Katya lè l ap fè devwa l. Li toujou vle jwe avèk li. Li pa bay Katya tan pou l etidye ni pou l fè devwa l. Yon jou, Emil gen yon devwa sou koulè. Li pa konnen tout koulè yo. Manman ak papa Katya mande l pou li ede Emil. Katya rele Emil, li montre l koulè yo. Emil kontan paske Katya ede li malgre l konn ap annwiye Katya. Konsa Emil pran desizyon pou l pa annwiye Katya ankò. Li wè gran sè li Katya, renmen li.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 Fè yon rapèl sou repons elèv te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Kisa Katya ye pou Emil ?
 3. Kisa Emil renmen fè Katya ?
 4. Kiyès ki gen devwa sou koulè a ?
 5. Poukisa manman ak papa Katya mande l pou l ede Emil ?

Repons posib:

(1) Paske Emil pa konn tout koulè yo. (2) Paske Emil pa konprann devwa a.

6. Poukisa Emil kontan ?

7. Ki desizyon Emil pran apre Katya fin ede l fè devwa a?

8. Èske Emil te byen fè lè li t ap annwiye Katya a? Poukisa?

Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 2 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 123 pou fè egzèsis # 2 a.

☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 123 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**

Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Egzèsis # 3 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 123 pou fè egzèsis # 3 a.

☞ **Nou pral ekri non pèsonej ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 123 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonej ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann? Kòmanse!**

Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonej li ekri nan liy yo?**

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonej yo.

Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.

☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Leson 44

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

devwa - renmen - annwiye - desizyon - kontan - etidye

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

1) Emil toujou ap _____ gran sè li Katya.
2) Yon jou, Emil gen yon _____ sou koulè.
3) _____ ak _____ mande l pou li ede Emil.

3- Ekri non tout pèsonej ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

M ap li mèl ale - 2 AF 123

Leson 45 Revizyon

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 45, paj 112 - 113
Kaye egzèsis, leson 45, paj 124
Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin


-  *Ekri kontin nan sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l anvanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Ala yon bèl bagay se lasante !
Toupatou y ap chache l.
Fò n toujou fè pwòpte.
Pou n ka viv an sante.


- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan anvanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)


1. Lekti mo nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 112 la.


 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 112 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 112 la.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 45 Revizyon



▲ devwa - Emil - lendi - maten - lekòl - pwofesè - zanmi
- elèv - deyò - poutèt - kont - koulè - Katya - kontan
- lakay

🍌 rive - salye - rantrè - mande - mete - pase - gade -
fèlсите - konnen - eksplike - remèsye


🍌 Pwofesè a mande tout elèv mete devwa yo deyò.
Mwen te kontan anpil paske Katya te eksplike m devwa a.

112

M ap li nèt ale 2 A.F.

Dezyèm pati leson an (41 mn)



Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.






Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

1. Vokabilè : Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)



-  *Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.*
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo ?**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 4 minit pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte raple yo sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.*

Egzèsis # 1 (3 mn)


-  *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 124 pou fè egzèsis # 1 an. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.*
- ☞ **Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 124 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann? Kòmanse!**
-  *Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz kibò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, fè yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz kibò kote li yo pou klas la ?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.*
- ☞ **Ki fraz nou wè ki bay sans mo a ?**
-  *Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan an pou rès mo yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a ?**
-  *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz yo chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije ansanm ak tout klas la.*

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 112.**
-  *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :*
- ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Ki kote elèv yo ye ? Kisa ki nan men pwofesè a ? Kisa elèv yo ap fè ?**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa dapre desen nou sot dekri a.**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

Leson 45 Revizyon

1- Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.


Desizyon	<ul style="list-style-type: none"> • Lè ou fè yon chwaz pou w fè yon aksyon oswa pou w pa fè yon aksyon. • Se kote yo jwe foutbòl.
Takinen	<ul style="list-style-type: none"> • Lè ou salye yon moun. • Lè w ap annwiye oswa chèche yon moun kont.

2- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

3- Kopye de (2) premye fraz ki nan istwa a sou liy ki anba yo.

124 Kaye egzèsis

Leson 45 Revizyon



▲ devwa - Emil - lendi - maten - lekòl - pwofesè - zanmi
 - elèv - deyò - poutèt - kont - koulè - Katya - kontan
 - lakay
● rive - salye - rantrè - mande - mete - pase - gade -
 fellisite - konnen - eksplike - remèsye
● Pwofesè a mande tout elèv mete devwa yo deyò.
● Mwen te kontan anpil paske Katya te eksplike m devwa a.

112 M ap li mèl ale 2 A.F.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Lendi maten** » pou rive nan mo « **rantré nan klas** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Pwofesè a** » pou rive nan mo « **te pi bèl** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Tout elèv yo** » pou rive nan mo « **tout koulè yo** »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Se gran sè m** » pou rive nan mo « **devwa a** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Emil rive lakay li** » pou rive nan mo « **ki te pi bèl** »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa pou elèv anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 113 la. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Lekti fraz nan istwa a 2 pa 2

☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Devwa Emil lan

Lendi maten, Emil rive lekòl la ak devwa sou koulè a. Li salye pwofesè a ak zanmi li yo. Apre sa, li rantré nan klas. Pwofesè a mande tout elèv mete devwa yo deyò. Li pase gade devwa yo. Li felisite Emil poutèt devwa l la te pi bèl. Tout elèv yo sezi wè devwa Emil lan. Yo mande l : "Èske ou fè l pou kont ou?". Emil reponn : "Mwen pa t konnen tout koulè yo. Se gran sè m Katya ki te ede m. Mwen te kontan anpil paske Katya te eksplike m devwa a". Lè Emil rive lakay li, li remèsye Katya. Emil di l : "Tout elèv yo voye felisite w. Se devwa m nan ki te pi bèl".

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

☞ Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

☞ Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)

Devwa Emil lan

Lendi maten, Emil rive lekòl la ak devwa sou koulè a. Li salye pwofesè a ak zanmi li yo. Apre sa, li rantré nan klas. Pwofesè a mande tout elèv mete devwa yo deyò. Li pase gade devwa yo. Li felisite Emil poutèt devwa l la te pi bèl. Tout elèv yo sezi wè devwa Emil lan. Yo mande l : "Èske ou fè l pou kont ou?". Emil reponn : "Mwen pa t konnen tout koulè yo. Se gran sè m Katya ki te ede m. Mwen te kontan anpil paske Katya te eksplike m devwa a". Lè Emil rive lakay li, li remèsye Katya. Emil di l : "Tout elèv yo voye felisite w. Se devwa m nan ki te pi bèl".

Kesyon

1. Kilè istwa a te pase?
2. Kisa Emil te fè li li te rive lekòl la ?
3. Kisa pwofesè a te mande elèv yo fè ?
4. Poukisa pwofesè a te felisite Emil ?
5. Kiyès ki te ede Emil fè devwa a ?
6. Poukisa tout elèv yo te sezi ?
7. Kiyès elèv yo voye felisite ? Poukisa ?

Map li nèt ale 2 A.F. 113


 Ankouraje epi felisite elèv yo.

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

 Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :


- Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
- Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
- Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
- Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
- Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kilès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**

 Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Kilè istwa a te pase?
2. Kisa Emil te fè lè li te rive lekòl la ?
3. Kisa pwofesè a te mande elèv yo fè ?
4. Poukisa pwofesè a te felisite Emil ?
5. Kiyès ki te ede Emil fè devwa a ?
6. Poukisa tout elèv yo te sezi ?

Repons posib :

(1) Paske pwofesè a te felisite Emil. (2) Paske se devwa Emil la ki te pi bèl. (3) Paske elèv yo pa t panse Emil te ka fè yon bèl devwa konsa.

7. Kiyès elèv yo voye felisite ? Poukisa ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

Leson 45 Revizyon

1- Fè yon flech soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Desizyon	<ul style="list-style-type: none"> Lè ou fè yon chwaz pou w fè yon aksyon oswa pou w pa fè yon aksyon. Se kote yo jwe foutbòl.
Takinen	<ul style="list-style-type: none"> Lè ou salye yon moun. Lè w ap anmwiye oswa chèche yon moun kont.

Leson 45

2- Ekrri non tout pèsonaj ki genyen nan letwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

.....

.....


.....

.....

3- Kopye de (2) premye fraz ki nan letwa a sou liy ki anba yo.


.....

.....

 Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 ak 3 a pou yo ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

 **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 124 la nan egzèsis # 2 ak 3 a.**

 Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

 **Egzèsis sa yo, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije yo anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis yo lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**

 Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

Leson 46

Objektif:

Konprann yon devinèt
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral epi alekri



Materyèl:

Liv lekti, leson 46, paj 114 - 115
Kaye egzèsis, leson 46, paj 125
Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (26 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt




-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen ka fèt ak plizyè kalite materyo,
Tankou: planch, fè oswa beton.
Lè yon moun bezwen janbe yon
kanal oswa yon rivyè,
Li pase sou do mwen.
Kisa mwen ye? (Repons : Pon)








-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz yo byen epi vit (18 mn)








1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

-  *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: paran – remèsye – ansanm – pran – distenge – fanmi – mete – pwovizyon.*
-  **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.*


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)





-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 114 la.*
-  **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 114 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*
-  **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.*
-  **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  *Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

-  *Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 114 la.*
-  **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*
-  **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.*
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.*
-  **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

Leson 46



-  tèt - ansanm - fanmi - Katya - Emil - paran - devwa - travay - fwi - legim - manman - papa - pwovizyon - moun
-  renmen - mete - fè - ede - mande - achte - pran - separe - kapab - distenge - remèsye - fini
-  Youn jou, Katya gen yon devwa sou fwi ak legim.
-  Manman, papa Katya ak Emil pran pwovizyon yo. Yo ede Katya separe fwi ak legim yo.

114 Map li nèt ale 2 A.F.

Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

Leson 46

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

fanmi - pwovizyon - paran - distenge - remèsye

2- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

1) Yon jou, Katya gen yon _____ sou fwi ak legim.

2) Manman, papa Katya ak Emil _____ pwovizyon yo.





3) Yo _____ Katya _____ fwi ak legim yo.

3- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak mo «fwi». Apre sa, kopye yo sou liy anba yo.

mango - kaye - papay - zoranj - chemiz - anana


M op li nèk ale - 2 AF 125

Egzèsis # 1 (5 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 125 pou fè egzèsis # 1 an. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral kopye mo ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 125 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen nan liy ki anba yo). Suiv modèl la pou n ka kopye mo a. Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas premye mo li kopye nan kaye li a?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.







Dezyèm pati leson an (37 mn)

Tranzisyon (1 mn)


-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « pwovizyon ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « pwovizyon »?
-  Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ **Pwovizyon vle di: Machandiz, sa yon moun achte pou mete nan kay tankou fwi ak legim.**
 -  Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
 - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
 -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « pwovizyon » aloral.
 - ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo pwovizyon?**
 -  Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « pwovizyon » pou elèv yo sou tablo a.
- Egzanp:**
-  Matant mwen pote yon panye pwovizyon lakay la.
 -  Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « pwovizyon ».

Leson 46



▲ tèt - ansanm - fanmi - Katya - Emil - paran - devwa
- travay - fwi - legim - manman - papa - pwovizyon - moun

● renmen - mete - fè - ede - mande - achte - pran - separe - kapab - distenge - remèsye - fini

● Youn jou, Katya gen yon devwa sou fwi ak legim.
● Manman, papa Katya ak Emil pran pwovizyon yo.
Yo ede Katya separe fwi ak legim yo.

114 M ap li nèk ale 2.A.F.

- ☞ Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 114.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?
 - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
- Premye** elèv la ap kòmanse nan mo « **Fanmi Katya** » pou rive nan mo « **ap fè devwa** »
- Dezyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Timoun yo** » pou rive nan mo « **ak legim** »
- Twazyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Li mande** » pou rive nan mo « **fè devwa a** »
- Katriyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Manman** » pou rive nan mo « **legim yo** »
- Senkyèm** elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Katya vin** » pou rive nan mo « **fini devwa a** »
- Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.
 - Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
 - Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 115. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)
 - ☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Tèt ansanm

Fanmi Katya ak Emil renmen mete tèt ansanm. Paran yo renmen ede timoun yo lè y ap fè devwa. Timoun yo renmen ede paran yo fè travay nan kay la. Youn jou, Katya gen yon devwa sou fwi ak legim. Li mande paran yo ede li. Paran yo ale achte fwi ak legim pou Katya fè devwa a. Manman, papa Katya ak Emil pran pwovizyon yo. Yo ede Katya separe fwi ak legim yo. Katya vin kapab distenge fwi ak legim byen. Katya remèsye moun ki ede l yo lè li fini devwa a.




Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa paran yo renmen fè ?
3. Sou kisa devwa Katya a te ye?
4. Poukisa Katya mande papa l ak manman l ede li ?
5. Kisa paran yo te fè pou yo ede Katya ?
6. Poukisa Katya te bezwen konnen fwi ak legim yo ?
7. Kisa Katya te fè lè yo fin ede l fè devwa a ?
8. Kisa fanmi Katya renmen fè ?



115 M ap li nèk ale 2.A.F.

Tèt ansanm

Fanmi Katya ak Emil renmen mete tèt ansanm. Paran yo renmen ede timoun yo lè y ap fè devwa. Timoun yo renmen ede paran yo fè travay nan kay la. Yon jou, Katya gen yon devwa sou fwi ak legim. Li mande paran yo ede li. Paran yo ale achte fwi ak legim pou Katya fè devwa a. Manman, papa Katya ak Emil pran pwovizyon yo. Yo ede Katya separe fwi ak legim yo. Katya vin kapab distenge fwi ak legim byen. Katya remèsye moun ki ede l yo lè li fini devwa a.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (7 mn)


- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Kisa paran yo renmen fè ?
 3. Sou kisa devwa Katya a te ye?
 4. Poukisa Katya mande papa l ak manman l ede li ?
 5. Kisa paran yo te fè pou yo ede Katya ?
 6. Poukisa Katya te bezwen konnen fwi ak legim yo ?
 7. Kisa Katya te fè lè yo fin ede l fè devwa a ?
 8. Kisa fanmi Katya renmen fè ?

Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)


Egzèsis # 2 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 125 pou fè egzèsis # 2 a.


- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 125 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.


Egzèsis # 3 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 125 pou fè egzèsis # 3 a.


- ☞ **Nou pral chwazi mo nan bwat la ki genyen rapò ak mo fwi pou nou kopye yo sou liy anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 125 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak mo «fwi». Apre sa, kopye yo sou liy anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li kopye yo ki genyen rapò ak mo «fwi»?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di epi eple mo yo chwazi yo.

Leson 46

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

fanmi - pwovizyon - paran - distenge - remèsye

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

1) Yon jou, Katya gen yon _____ sou fwi ak legim.

2) Manman, papa Katya ak Emil _____ pwovizyon yo.

3) Yo _____ Katya _____ fwi ak legim yo.

3- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak mo «fwi». Apre sa, kopye yo sou liy anba yo.

mango - kaye - papay - zoranj - chemiz - anana

M ap li nèk ale - 2 AF 125


Leson 46

Leson 46

Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.

- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 47

Objektif:

Eksprime opinyon sou yon tèm
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo yo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

Liv lekti, leson 47, paj 116 - 117
Kaye egzèsis, leson 47, paj 126
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an(21 mn)




Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kozri (3 mn)




-  Mande elèv yo pale sou « enpòtans fwi ak legim ».
-  Kounye a, nou pral pale sou « enpòtans fwi ak legim nan peyi a ». Kiyès ki ka di klas la poukisa li enpòtan pou moun manje fwi ak legim ?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou enpòtans fwi ak legim. Ankouraje, felisite elèv ki patisipe yo.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)


1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

-  Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: bètrav – zaboka – berejèn – militon – kowosòl – kalalou – chadèk – lasante.
-  Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 116 la.
-  Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 116 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

Leson 47



▲ poutèt - mango - anana - chadèk - kowosòl - zaboka
- zoranj - seriz - berejèn - kalalou - kawòt - bètrav - kreson - natirèl - lasante

🍌 rive - ede - mande - prezante - bay - kanpe - genyen
- aprann - felisite

👩 Jodi a, Katya rive lekòl ak devwa sou fwi ak legim nan.
Pou legim yo, genyen : berejèn, chou, kalalou, kawòt, bètrav, kreson, leti, milton.

116 M ap li nòt ale 2 A.F.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 116 la.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (39 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « natirèl ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « natirèl »?**

☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

☞ **Natirèl vle di: tout sa lanati pwodui ki pa transfòm nan izin.**

☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « natirèl » aloral.

Leson 47



▲ poutèt - mango - anana - chadèk - kowosòl - zaboka
- zoranj - seriz - berejèn - kalalou - kawòt - bètrav - kreson - natirèl - lasante

🍌 rive - ede - mande - prezante - bay - kanpe - genyen - aprann - felisite

🍌 Jodi a, Katya rive lekòl ak devwa sou fwi ak legim nan. Katya kontan poutèt paran li yo te ede li.

Pou legim yo, genyen : berejèn, chou, kalalou, kawòt, bètrav, kreson, leti, milton.

116 Map II nèt ale 2 A.F.

Fwi ak legim Ayiti

Jodi a, Katya rive lekòl ak devwa sou fwi ak legim nan. Katya kontan poutèt paran li yo te ede li. Pwofesè a mande Katya prezante devwa a bay klas la. Katya kanpe devan klas la. Li di : "Nan peyi Ayiti genyen anpil fwi ak legim. Pou fwi yo, genyen : mango, anana, chadèk, kowosòl, zaboka, melon, zoranj, seriz. Pou legim yo, genyen : berejèn, chou, kalalou, kawòt, bètrav, kreson, leti, milton. Fwi ak legim natirèl sa yo bon pou lasante". Elèv yo kontan. Yo aprann anpil sou devwa Katya a. Pwofesè a ak elèv yo felisite Katya pou bon devwa sa a.

Kesyon

1. Poukisa Katya kontan ?
2. Kisa pwofesè a te mande Katya pou li fè ?
3. Site kèk fwi ki genyen nan peyi Ayiti.
4. Site kèk legim ki genyen nan peyi Ayiti.
5. Poukisa li bon pou nou manje fwi ak legim natirèl ?
6. Poukisa pwofesè a te felisite Katya ?
7. Kisa nou ka fè avèk fwi ?

Map II nèt ale 2 A.F. 117

☞ Kiyès ki ka fòm epi di yon fraz pou klas la ak mo « natirèl » ?

🗨 Ekri yon fraz kòm egzanzp ak mo « natirèl » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanzp :

Pyè manje yon zoranj natirèl chak maten.

🗨 Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòm ak mo « natirèl ».

Repons posib :

(3) Jan renmen bwè ji natirèl nan rekreyasyon.

(4) Fwi ak legim natirèl yo bon pou lasante.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil ki sanble ak fraz ki nan « repons posib » yo.

Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesese. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 116.

🗨 Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.

🗨 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa dapre desen nou sot dekri a.

🗨 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

🗨 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

🗨 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Jodi a** » pou rive nan mo « **klas la** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Katya** » pou rive nan mo « **fwi ak legim** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Pou fwi yo** » pou rive nan mo « **seriz** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Pou legim yo** » pou rive nan mo « **lasante** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Elèv yo** » pou rive nan mo « **devwa sa a** »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.


- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 117. Verifye si tout elèv nan bon paj la.




☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li

yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)



 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Fwi ak legim Ayiti


Jodi a, Katya rive lekòl ak devwa sou fwi ak legim nan. Katya kontan poutèt paran li yo te ede l. Pwofesè a mande Katya prezante devwa a bay klas la. Katya kanpe devan klas la. Li di : "Nan peyi Ayiti genyen anpil fwi ak legim. Pou fwi yo, genyen : mango, anana, chadèk, kowosòl, zaboka, melon, zoranj, seriz. Pou legim yo, genyen : berejèn, chou, kalalou, kawòt, bètrav, kreson, leti, militon. Fwi ak legim natirèl sa yo bon pou lasante". Elèv yo kontan. Yo aprann anpil sou devwa Katya a. Pwofesè a ak elèv yo felisite Katya pou bon devwa sa a.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 Fè yon rapèl sou repons elèv te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

-  Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
1. Poukisa Katya kontan ?

2. Kisa pwofesè a te mande Katya pou li fè ?
3. Site kèk fwi ki genyen nan peyi Ayiti.
4. Site kèk legim ki genyen nan peyi Ayiti.
5. Poukisa li bon pou nou manje fwi ak legim natirèl ?
6. Poukisa pwofesè a te felisite Katya ?
7. Kisa nou ka fè avèk fwi ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 126 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral ranpli kolòn fwi a ak kolòn legim nan ak mo ki nan bwat la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 126 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi mo ki nan bwat la pou ranpli kolòn fwi a ak kolòn legim nan). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Fè elèv yo li tout mo ki nan bwat la. Epi fè yo chwazi tout fwi ak tout legim pou yo ka ranpli kolòn yo. Si yo genyen difikilte ede yo.
Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi pou yo mete nan kolòn fwi a ak kolòn legim nan. Si elèv yo pa jwenn bon mo yo, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon mo li chwazi yo pou ranpli kolòn yo. Mande elèv la poukisa se mo sa yo li chwazi. Apre sa, mande tout klas la korije si yo te fè erè.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki mo li chwazi nan bwat la pou li ranpli kolòn fwi a ak legim nan? Poukisa se mo sa yo ou chwazi?**
- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou korije si yo te fè erè. Felisite, ankouraje tout elèv yo.

Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 126 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 126 pou fè egzèsis #2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Leson 47

1. Chwazi mo ki nan bwat la pou ranpli kolòn fwi a ak kolòn legim nan.

kowsòl - leti - kawòt - kafalou - zoranj - anana - melon - chou - mango - milliton - seriz

FWI	LEGIM
kowsòl _____	letti _____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.




a) Li di: "Nan peyi Ayiti genyen anpil _____ ak _____."

b) Yo _____ anpil sou devwa Katya a.

c) Pwofesè a ak elèv yo _____ Katya pou bon devwa sa a.

126 Kaye egzèsis

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.
-  **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Leson 48

Objektif:

Entèprete tèks powetik
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Pwodui mo, fraz ak tèks dapre imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 48, paj 118 - 119
Kaye egzèsis, leson 48, paj 127
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (34 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann ? M ap kòmanse !**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*



Pwòpte

Pwòpte se garanti lasante.

Bale, netwaye, ranje.

Toujou itilize poubèl.

Pou lari a ka bèl.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi 2 elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan l ap fè jès ki mache ak pwezi a.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**

☞ Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.

☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

2. Rapèl (2 mn)

☞ Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans epi eple mo a?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : lanmè – mennen – timoun – trase – foutbòl – vakans – jounen – dakò.

☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 118 la.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 118 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 118 la.


☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak

Leson 48



▲ vakans - timoun - kontan - Katya - Emil - foutbòl - zanmi - manman - lanmè - dakò - anpil - plaj - marel - jounen - mayi

● rive - renmen - reponn - trase - jwe - kòmanse - mennen

☺ Katya mande manman l pou li mennen yo bò lanmè.
Manman yo dakò, li mennen yo.
Yo al jwe foutbòl ak zanmi yo sou plaj la.

118 M ap li nèt ale 2 A.F.

dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

4. Rekonèt, fòme, ekri fraz (11 mn)

Rekonèt fraz (6 mn)

☞ *Ekri fraz sa a sou tablo a davans pou aprann elèv yo idantifye chak pati ki genyen nan fraz la.*

- Chen Emil la pa mechan.

Li fraz la avèk elèv yo. Chwazi de (2) elèv, 1 fi ak 1 gason pou li fraz la. Apre sa, poze yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.

☞ **Kounye a, nou pral idantifye chak pati ki genyen nan fraz la. An n li fraz sa a ansanm: Chen Emil la pa mechan.**

☞ *Touche fraz ki sou tablo a pandan w ap li l ansanm ak elèv yo.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv pou li fraz la pou kont yo. Kiyès ki ka li fraz la pou kont li pou tout klas la?**

☞ *Chwazi de (2) elèv pou li fraz la pou kont yo pou klas la. Bay elèv yo de (2) minit pou fè aktivite sa a.*

☞ **Kounye a, m pral poze nou kèk kesyon pou nou ka idantifye kèk pati ki genyen nan fraz la.**

Kisa ki pou Emil?

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib:

(1) chen an

*Souliye mo « **chen** » nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Pou kiyès chen an ye?**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib:

(2) Pou **Emil**.

☞ *Souliye gwoup mo « **Emil la** » nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Kòman chen an ye?**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib:

(3) Chen Emil la pa mechan.

☞ *Souliye gwoup mo « **pa mechan** » nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Premye mo nou jwenn nan fraz la se: chen. Chen se mo ki pral fè nou konnen kisa ki pou Emil nan fraz la.**

Apre sa nou jwenn yon gwoup mo ki se: Emil la, li fè nou konnen pou kiyès chen an ye.

Lòt gwoup mo nou jwenn nan fraz la se: pa mechan. Li fè nou konnen kòman chen Emil la ye.

☞ *Li chak pati ki souliye nan fraz ki sou tablo a apa. Apre sa, li tout fraz la byen vit ak elèv yo ansanm: Chen Emil la pa mechan. Mande 2 elèv li fraz la 2 fwa. Epi antoure lèt majiskil ki kòmanse fraz la ak pwèn ki fini fraz la.*

- ☞ Yon fraz se plizyè mo ki ranje nan yon lòd epi ki gen yon sans. Li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li toujou fini ak yon pwen.

Leson 48

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

Tout - kontan - timoun - rive - vakans - lè

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Emil reponn: "Mwen _____ foubòl ak zanmi mwen yo".

b) Lè Katya _____, li _____ yon marèl.

c) Li kòmanse jwe ak kèk _____.

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

Leson 48

M ap li nèk ale - 2 AF 127

Egzèsis # 1 (5 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 127 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fòme fraz ak gwoup mo ki andezòd nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 127 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou n ka fòme fraz la. Nou konprann? Kòmanse!
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy la epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li fòme a pou klas la?
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li fraz yo fòme a. Si yo genyen difikilte, fè yon lòt elèv poze l kesyon pou ede li jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. Poze elèv yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)


- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « plaj ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « plaj »?
- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ Plaj vle di: Pati bò lanmè ki genyen sab, kay ak pye kokoye kote moun ale pou yo ka benyen nan lanmè, repoze, manje, jwe.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
 - ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « plaj » aloral.
 - ☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « plaj »?
 - ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « plaj » pou elèv yo sou tablo a.
- Egzanp:**
Katya ap jwe marèl sou plaj la

Leson 48



▲ vakans - timoun - kontan - Katya - Emil - foutbòl - zanmi - manman - lanmè - dakò - anpil - plaj - marèl - jounen - may!

☺ rive - renmen - reponn - trase - jwe - kòmanse - mennen

☺ Katya mande manman l pou li mennen yo bò lanmè. Manman yo dakò, li mennen yo. Yo al jwe foutbòl ak zanmi yo sou plaj la.

118 Map li mèl ale 2 A.F.

☁ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòm ak mo «plaj». Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesese. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☺ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 118.
- ☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☺ Kisa nou wè nan desen an ? Ki kote moun yo ye ? Kisa moun yo ap fè ? Konbyen moun nou wè k ap jwe marèl ? Kisa nou wè nan lanmè a ?
- ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☺ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☺ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?
- ☁ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☁ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
- Premye** elèv la ap kòmanse nan mo «**Vakans rive**» pou rive nan mo «**zanmi mwen yo**»
- Dezyèm** elèv la ap kòmanse nan mo «**Katya mande**» pou rive nan mo «**sou plaj la**»
- Twazyèm** elèv la ap kòmanse nan mo «**Lè Katya rive**» pou rive nan mo «**fwèt marèl la**»
- Katriyèm** elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo «**Yo al jwe**» pou rive nan mo «**jounen sa a**»
- Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.
- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 119. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☺ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)
- ☁ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Yon bèl vakans !

Vakans rive ! Tout timoun kontan. Katya di Emil : "Kisa ou ta renmen fè jodi a ?" Emil reponn : "Mwen anvi jwe foutbòl ak zanmi mwen yo". Katya mande manman l pou li mennen yo bò lanmè. Manman yo dakò, li mennen yo. Te gen anpil timoun sou plaj la. Lè Katya rive, li trase yon marèl. Li kòmanse jwe ak kèk timoun. David ak Alina vin parèt, yo kite fwèt marèl la. Yo al jwe foutbòl ak zanmi yo sou plaj la. Sete yon bèl jounen. Yo jwe, yo manje mayi ak fwi, yo benyen. Timoun yo di : "Nou p ap janm bliye jounen sa a".




Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa Katya te di Emil ?
3. Ki kote istwa a ap pase ?
4. Kiyès ki te mennen Katya ak Emil bò lanmè a ?
5. Kisa David ak Alina ye pou Emil ?
6. Ki kote Emil ak zanmi l yo t ap jwe foutbòl la ?
7. Poukisa timoun yo renmen vakans ?
8. Èske nou renmen vakans ? Poukisa ?



Map li mèl ale 2 A.F. 119

Yon bèl vakans!

Vakans rive ! Tout timoun kontan. Katya di Emil : "Kisa ou ta renmen fè jodi a ?" Emil reponn : "Mwen anvi jwe foutbòl ak zanmi mwen yo". Katya mande manman l pou li mennen yo bò lanmè. Manman yo dakò, li mennen yo. Te gen anpil timoun sou plaj la. Lè Katya rive, li trase yon marèl. Li kòmanse jwe ak kèk timoun. David ak Alina vin parèt, yo kite jwèt marèl la. Yo al jwe foutbòl ak zanmi yo sou plaj la. Sete yon bèl jounen. Yo jwe, yo manje mayi ak fwi, yo benyen. Timoun yo di : "Nou p ap janm bliye jounen sa a".

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)





- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Kisa Katya te di Emil ?
 3. Ki kote istwa a ap pase ?
 4. Kiyès ki te mennen Katya ak Emil bò lanmè a ?
 5. Kisa David ak Alina ye pou Emil ?
 6. Ki kote Emil ak zanmi l yo t ap jwe foutbòl la ?
 7. Poukisa timoun yo renmen vakans ?
 8. Èske nou renmen vakans ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 2 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 127 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 127 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
 -  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 -  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
 -  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Leson 48

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

Tout - kontan - timoun - rive. - vakans - lè

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Emil reponn: "Mwen _____ foubòl ak zanmi mwen yo".

b) Lè Katya _____, li _____ yon marèl.





c) Li kòmanse jwe ak kèk _____.

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.



M ap li nèl ale - 2 AF 127

Leson 48

Egzèsis # 3 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 127 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 127 pou fè egzèsis #3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann? Kòmanse!**
 -  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 -  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?**
 -  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
 -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 49

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 49, paj 120 - 121
Kaye egzèsis, leson 49, paj 128
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo pou yo repete pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*



Kawòt

Mwen gen koulè jòn.



Mwen se yon bon legim.

Yo fè ji avèk mwen.

Mwen gen bon jan vitamin !




- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (2 mn)








-  *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li anvan an.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)








1. Lekti mo sou tablo (6 mn)


-  *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: Tayino – desanm – espayòl – abitan – premye – zile – richès – sòlda.*
-  **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.*

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 120 an.*
-  **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 120 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*
-  **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.*
-  **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  *Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*


3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

-  *Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 120 la.*
-  **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*
-  **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
-  **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*



Dezyèm pati leson an (41 mn)


Tranzisyon (1 mn)


-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.


Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)


1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «zile». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «zile»?

-  Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ **zile vle di: yon tè ki antoure nèt ak dlo lanmè.**


 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
 - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «zile» aloral.
 - ☞ **Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo «zile»?**

 Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «zile» pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:


Zile a gen anpil pyebwa ak bèt ladan l.


-  Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «zile».
- Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)


Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 120.**


 Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- ☞ **Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui mo, fraz, tèks dapre desen sou tablo (5 mn)

-  Fè elèv yo di kèk mo ki genyen rapò ak imaj yo sot dekri a. Ekri chak mo elèv yo di yo sou tablo a byen gwo. Apre sa, fè yo eple mo yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral di kèk mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri a. M ap ekri chak mo nou di yo sou tablo a, apre sa n ap eple yo.**

Leson 49




▲ Jounen - lendi - maten - Michèl - plizyè - sòlda - espayòl - desann - zile - David - richès - Tayino - premye - abitan


🍌 dekore - mete - parèt - reprezante - vini - reponn - genyen - jwenn - souri - rele - pose

🍌 Lendi maten, mèl Michèl dekore klas la byen bèl. Li mete plizyè imaj bato ak sòlda nan klas la.

120 M ap li nèt ale 2 A.F.


 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di mo yo. Apre sa, chwazi kèk lòt elèv pou eple mo yo.

☞ **Kounye a, nou pral fòme kèk fraz ki genyen rapò ak mo nou te di yo ki te genyen rapò ak imaj nou te dekri a.**

 Touche chak mo ki sou tablo a epi mande elèv yo fè yon fraz ak chak mo ou touche yo. Ekri fraz elèv yo fè yo sou tablo a, apre sa fè yo li l. Sonje kòmanse fraz yo ak yon lèt majiskil pou fini ak yon pwen. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo ou touche yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo «Lendi maten» pou rive nan mo «sa yo reprezante?»

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo «Mèt Michèl di» pou rive nan mo «se vre David»

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo «Zile a te» pou rive nan mo «sou zile a?»

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo «Mèt Michèl souri» pou rive nan mo «yon bon jounen»

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 121. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Yon bon jounen lekòl

Lendi maten, mèt Michèl dekore klas la byen bèl. Li mete plizyè imaj bato ak sòlda nan klas la. Lè elèv yo parèt, yo di : "Wawww ! Klas la bèl. Kisa imaj sa yo reprezante ?" Mèt Michèl di : "Se bato ak sòlda espanyòl. Nan dat 5 desanm 1492, yo te vini sou zile Ayiti". David di : "Zile a te bèl !" Mèt Michèl di : "Se vre David. Zile a te genyen anpil richès. Se poutèt sa Espayòl yo te vini". Katya reponn : "Kiyès yo te jwenn sou zile a ?" Mèt Michèl souri, li di : "Moun yo te rele Tajino. Yo te premye abitan zile a. Yo te gen bon jan". Se kisa elèv yo te pase yon bon jounen.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou istwa a te pase ?
3. Kisa mèt Michèl te mete nan klas la ?
4. Nan ki dat bato ak sòlda espanyòl yo te vini sou zile Ayiti ?
5. Kisa zile a te genyen ?
6. Kòman yo te rele premye abitan zile a ?
7. Pouskisa elèv yo te pase yon bon jounen ?

M ap li mèt ale 2 A.F.

121

Yon bon jounen lekòl

Lendi maten, mèt Michèl dekore klas la byen bèl. Li mete plizyè imaj bato ak sòlda nan klas la. Lè elèv yo parèt, yo di : "Wawww ! Klas la bèl. Kisa imaj sa yo reprezante ?" Mèt Michèl di : "Se bato ak sòlda espanyòl. Nan dat 5 desanm 1492, yo te vini sou zile Ayiti". David di : "Zile a te bèl !" Mèt Michèl di : "Se vre David. Zile a te genyen anpil

richès. Se poutèt sa Espayòl yo te vini". Katya reponn :
 "Kiyès yo te jwenn sou zile a ?" Mèt Michèl souri, li di :
 "Moun yo te rele Tayino. Yo te premye abitan zile a. Yo
 te gen bon jan". Se konsa elèv yo te pase yon bon jounen.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 ☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 ☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn. Bay elèv 3 minit pou aktivite sa a.


5. Reponn kesyon (7 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Ki jou istwa a te pase ?
 3. Kisa mèt Michèl te mete nan klas la ?
 4. Nan ki dat bato ak sòlda espayòl yo te vini sou zile Ayiti ?
 5. Kisa zile a te genyen ?
 6. Kòman yo te rele premye abitan zile a ?
 7. Poukisa elèv yo te pase yon bon jounen ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ **Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 128 pou fè egzèsis # 1 an.**
- ☞ **Nou pral kopye fraz. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 128 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo). Reli istwa ki nan liv la pou ka jwenn premye ak dezyèm fraz la. Nou konprann ? Kòmmanse !**



Bay elèv yo 5 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo jwenn premye ak dezyèm fraz ki nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye ak dezyèm fraz yo te ekri a dapre istwa a?

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz yo te ekri yo.

Egzèsis # 2 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 128 pou fè egzèsis #2 a.

☞ Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 128 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!

Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo. Si elèv yo genyen difikilte, reprann fraz ki genyen rapò ak fraz elèv genyen pou yo konplete a.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.

☞ Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Leson 50 Revizyon

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

Liv lekti, leson 50, paj 122 - 123
Kaye egzèsis, leson 50, paj 129
Kaye bouyon, kreyon, gòm






Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin


-  *Ekri kontin nan sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mandè elèv yo repete pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

An nou plante pyebwa
Pou nou pwoteje peyi nou.
An n plante pyebwa.
Pou n pwoteje vi nou.
Pyebwa se lavi.

-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Bravo! Nou te byen travay**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)


1. Lekti mo nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 122 a.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 122 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 122 a.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (42 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.



Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (34 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

- Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple yo, epi bay sans yo.
- Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo.
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, raple sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.

Leson 50 Revizyon

1-Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Pwovizyon	<ul style="list-style-type: none"> Machandiz oubyen sa yon moun achte pou mete nan kay. Se yon pyebwa.
Zile	<ul style="list-style-type: none"> Se yon tè ki antoure nèt ak dlo. Se yon pwason nan lanmè.

2-Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

3-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Linda se yon tifi _____ nan tout sa l ap fè.

b) Linda _____ wout la rapid san kè sote.

c) Li siveye _____ ak _____ lè l ap travèse lari a.

M ap li nèk ale - 2 AF 129

Egzèsis # 1 (6 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 129 pou fè egzèsis # 1 an.
- Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 129 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann? Kòmanse!
- Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz kibò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, mande yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.
- Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz kibò kote li yo pou klas la?
- Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.
- Ki fraz nou wè ki bay sans mo a?
- Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan pou lòt mo yo.
- Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a?
- Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz yo chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije asnsanm ak tout klas la.

2. Vizyalizasyon (7 mn)


Deskripsyon desen (5 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 122.
- Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?
- Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa dapre desen nou sot dekri a.
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?

Leson 50



Linda - rapid - solèy - Simon - manman - lanp - alimèt - boutik - wout - machin - lari - zanmi - kontan - kouraj


kouche - limen - kouri - achte - siveye - travèse - rankontre - salye - bare - retounen - felisite

Linda se yon tifi rapid nan tout sa l ap fè.

Li siveye moto ak machin lè l ap travèse lari a.

Manman Linda kontan. Li felisite Linda pou kouraj li.

122 M ap li nèk ale 2 A.F.

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Linda se** » pou rive nan mo « **pral kouche** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Madan Simon** » pou rive nan mo « **madan Belan an** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Alimèt mwen** » pou rive nan mo « **travèse lari a** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li rankontre** » pou rive nan mo « **pa bare l** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Lè li rive** » pou rive nan mo « **kouraj li** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 123. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Lekti fraz nan istwa a 2 pa 2


- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Linda rapid anpil

Linda se yon tifi rapid nan tout sa l ap fè. Yon madi bò sizè, solèy ta pral kouche. Madan Simon, manman Linda, bezwen limen lanp. Li wè alimèt li fini. Li di: "Linda, al achte alimèt nan boutik madan Belan an. Alimèt mwen fini. Kouri vit, pa rete". Linda pran wout la rapid san kè sote. Li siveye moto ak machin lè l ap travèse lari a. Li rankontre zanmi li yo sou wout la, li salye yo. Li pa rete pale pou fè nwa pa bare l. Lè li rive, li achte alimèt la, li retounen byen vit. Manman Linda kontan, li felisite Linda pou kouraj li.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 Ankouraje epi felisite elèv yo.

Linda rapid anpil

Linda se yon tifi rapid nan tout sa l ap fè. Yon madi bò sizè, solèy ta pral kouche. Madan Simon, manman Linda, bezwen limen lanp. Li wè alimèt li fini. Li di: "Linda, al achte alimèt nan boutik madan Belan an. Alimèt mwen fini. Kouri vit, pa rete". Linda pran wout la rapid san kè sote. Li siveye moto ak machin lè l ap travèse lari a. Li rankontre zanmi li yo sou wout la, li salye yo. Li pa rete pale pou fè nwa pa bare l. Lè li rive, li achte alimèt la, li retounen byen vit. Manman Linda kontan, li felisite Linda pou kouraj li.

Kesyon

1. Kiè istwa a pase?
2. Ki jan manman Linda rele?
3. Poukisa madan Simon te voye Linda al achte alimèt?
4. Kiyès Linda te rankontre sou wout li?
5. Ki kote Linda te al achte bwat alimèt la?
6. Poukisa manman Linda te felisite l?
7. Èske Linda se yon timoun ki sa? Poukisa?

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

- ☞ Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.

☞ Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kilès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?

- ☞ Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

☞ Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.

- ☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

- ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.

Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

- ☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

- ☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Kilè istwa a pase?
2. Ki jan manman Linda rele?
3. Poukisa madan Simon te voye Linda al achte alimèt?
4. Kiyès Linda te rankontre sou wout li?
5. Ki kote Linda te al achte bwat alimèt la ?
6. Poukisa manman Linda te felisite l ?
7. Èske Linda se yon timoun ki saj ? Poukisa ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

Leson 50 Revizyon

1- Fè yon flich soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Pwovizyon	<ul style="list-style-type: none"> Machandiz oubyen sa yon moun achte pou mete nan kay. Se yon pyebwa.
Zile	<ul style="list-style-type: none"> Se yon tè ki antoure nèt ak dlo. Se yon pwason nan lanmè.

2- Ekrri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

.....

.....

.....

.....




3- Komplete fraz sa yo dapre listwa a.

a) Linda se yon tifi nan tout sa li ap fè.

b) Linda wout la rapid san kè sote.

c) Li siveye ak lè li ap travèse lari a.

M ap li nèt ale - 2 AF 129

-  *Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 ak 3 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.*
- ☞ **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 129 la nan egzèsis # 2 ak 3 a.**
-  *Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.*
- ☞ **Egzèsis sa yo, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije yo anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis yo lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**
-  *Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.*

Leson 51

Objektif:

Konprann yon devinèt
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral epi alekri



Materyèl:

Liv lekti, leson 51, paj 124 - 125
Kaye egzèsis, leson 51, paj 130
Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (27 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt


-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*


Mwen viv nan dlo dous ak lanmè.
Pechè fè nas, file zen pou yo kenbe mwen.
Lè yo kenbe mwen yo manje m tout jan ;
Yo bouyi m, yo boukannen m, yo fri m.
Kiyès mwen ye ? (Repons : Pwason)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Leki mo sou tablo (6 mn)

 *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: tako- zanmann - konprann - zwazo - simen - krikèt - konnen - apremidi.*



☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede elèv ki fè erè a.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 124 la.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 124 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☞ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo, apre sa, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 124 la.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (6 mn)

Egzèsis # 1 (5 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 130 pou fè egzèsis # 1 an. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.

☞ **Nou pral kopye mo ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 130 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la pou n ka kopye mo yo. Nou konprann? Kòmanse!**

Leson 51

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

Zanmann - nich - krikèt - toko - zwazo - konprann

2- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Li wè yon bèl tako sou pye _____ nan lakou a.
 b) Alina _____ mayi moulèn atè a pou tako a vin manje.
 c) Men tako pa manje _____ se _____ li manje.

3- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak «lakou». Epi, kopye yo sou liy anba yo.

kay - pyebwa - fè - avyon - moun - chen - bato

130 Kaye egzèsis

Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

Dezyèm pati leson an (38 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «ensèk». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «ensèk»?

- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ **Ensèk vle di: Ti bèt ki viv sou latè oswa nan dlo epi ki pa gen zo. Lè ensèk pike w, li konn bay maladi tankou lafyè malarya.**
- ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «ensèk» aloral.
- ☞ **Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo «ensèk»?**
- ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «ensèk» pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:

Ravèt se yon ensèk ki nuizib anpil.

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «ensèk».

Repons posib:

(1) Pòl gen lafyè malarya apre yon ensèk te fin pike l. (2) Marengwen se yon ensèk ki ka bay plizyè maladi lè li pike w.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil ki sanble ak fraz ki nan «repons posib» yo.

Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Leson 51

▲ Alina - apremidi - lakay - tako - zanmann - lakou - zwazo - koulè - mayi - moulen - ensèk - krikèt - nich - pitit - fanmi

🍌 chita - wè - simen - manje - konnen - suiv - vole - bay - konprann - abite

🍌 Alina simen mayi moulen atè a pou tako a vin manje. Alina konprann tako a ak fanmi li abite nan lakou a.

124 M ap li mèl ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 124.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou li? Kisa l ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
 - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
 - Premye** elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon apremidi** » pou rive nan mo « **lakou a** »
 - Dezyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Tako se** » pou rive nan mo « **gri ak blan** »
 - Twazyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Alina simen** » pou rive nan mo « **li manje** »
 - Katriyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Alina sezi** » pou rive nan mo « **manje ensèk** »
 - Senkyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Li suiv** » pou rive nan mo « **nan lakou a** »
- Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.
- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
 - Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 125. Verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)
 - ☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Alina ak tako a

Yon apremidi, Alina chita sou galeri lakay li. Li wè yon bèl tako sou pye zanmann nan lakou a. Tako se yon zwazo bèk long, vant li blan. Li gen yon bèl ke long koulè gri ak blan. Alina simen mayi moulen atè a pou tako a vin manje. Men tako pa manje mayi, se ensèk li manje. Alina sezi wè yon krikèt nan bèk tako a. Li pa t konnen zwazo te konn manje ensèk. Li suiv tako a ki vole sou yon pye chèn. Li pote krikèt la nan nich li bay pitit li yo manje. Alina konprann tako a ak fanmi li abite nan lakou a.

Kesyon




1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Ki kote istwa a pase ?
3. Nan ki moman Alina te wè tako a ?
4. Ki koulè tako a ye ?
5. Kisa Alina te fè lè li wè tako a ?
6. Poukisa tako a pa manje mayi moulen an ?
7. Ki kote tako a ap viv ?
8. Èske tako a renmen pitit li yo ? Poukisa ?

125 M ap li mèl ale 2 A.F.



Alina ak Tako a

Yon apremidi, Alina chita sou galeri lakay li. Li wè yon bèl

tako sou pye zanmann nan lakou a. Tako se yon zwazo bèk long, vant li blan. Li gen yon bèl ke long koulè gri ak blan. Alina simen mayi moulen atè a pou tako a vin manje. Men tako pa manje mayi, se ensèk li manje. Alina sezi wè yon krikèt nan bèk tako a. Li pa t konnen zwazo te konn manje ensèk. Li suiv tako a ki vole sou yon pye chèn. Li pote krikèt la nan nich li bay pitit li yo manje. Alina konprann tako a ak fanmi li abite nan lakou a.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Sou kisa istwa a pale ?
 2. Ki kote istwa a pase ?
 3. Nan ki moman Alina te wè tako a ?
 4. Ki koulè tako a ye ?
 5. Kisa Alina te fè lè li wè tako a ?
 6. Poukisa tako a pa manje mayi moulen an ?
 7. Ki kote tako a ap viv ?
 8. Èske tako a renmen pitit li yo ? Poukisa ?

Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 130 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 130 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Leson 51

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

Zammann - nich - krikèt - tako - zwazo - konprann

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Li wè yon bèl tako sou pye _____ nan lakou a.

b) Alina _____ mayi moulèn atè a pou tako a vin manje.

c) Men tako pa manje _____ se li manje.

3- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak «lakou». Epi, kopye yo sou liy anba yo.

kay - pyebwa - flè - avyon - moun - chen - bato

130 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 130 pou fè egzèsis #3 a.
- ☞ **Nou pral chwazi mo nan bwat ki genyen rapò ak mo lakou pou nou ekri yo sou liy anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 130 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak mo lakou. Epi kopye yo sou liy anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li ekri yo ki genyen rapò ak mo « lakou »?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di, ak eple mo yo chwazi yo.

Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 52



Objektif:

Eksprime opinyon sou yon tèm
 Li mo ak fraz byen epi vit
 Ekri mo byen lizib nan kaye
 Jwenn sans mo pou fòm fraz
 Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral

Materyèl:

Liv lekti, leson 52, paj 126 - 127
 Kaye egzèsis, leson 52, paj 131
 Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an(21 mn)

Aktivite 1 Mizantren: 3 mn

1. kozri (3 mn)

- Mande elèv yo pale sou yon jwèt yo renmen fè lè yo nan rekreyasyon.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou yon jwèt nou renmen fè lè nou nan rekreyasyon. Kiyès ki ka di nou ki jwèt li renmen fè lè li nan rekreyasyon ?
- Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou ki jan yo fè jwèt sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lektü mo sou tablo (6 mn)

- Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: katye – materyo – konstwi – jwèt – ranmase – boutèy – itilize – koutiryè.
- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
 Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
 Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede elèv ki fè erè a.

2. Lektü mo nan liv lekti (6 mn)

- Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 126 la.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 126 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.



- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☺ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 126 la.
- ☺ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☺ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☁ Chwazi kèk elèv (4 fi ak 4 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz la ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.
- ☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « atelye ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « atelye » ?
- ☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☺ **Atelye vle di: lokal kote atizan ak ouvriye travay.**
 - ☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
 - ☺ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

Bòs Didi

Sou katye David la, gen yon ti gason ki rele Dimitri. Li toujou ap ranmase materyo li bezwen pou li konstwi jwèt. Li vizite atelye ebenis pou li jwenn moso bwa. Li vizite atelye tayè ak koutiryè. Konsa, li jwenn retay twal ak fil. Dimitri sanble boutty, mamit ak bouchon. Li mete tout materyo sa yo nan yon bwat katon. Dimitri itilize bwa ak klou pou li fè toupri. Li fè machin ak mamit ak bouchon. Ansuit, li vann jwèt li yo. Apre sa, li sere kòb la nan yon bwat sekre. Dimitri renmen pataje, li montre tout zanmi li yo konstwi jwèt. Yo rele li Bòs Didi poutèt li toujou konstwi bèl jwèt.

Leson 52

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa Dimitri kann fè ?
3. Ak kisa Dimitri konstwi jwèt yo ?
4. Ki kote Dimitri jwenn materyo ?
5. Ki jwèt Dimitri konstwi ?
6. Kisa Dimitri fè ak jwèt yo lè li fin konstwi yo ?
7. Nan kisa Dimitri sere kòb li ?
8. Poukisa yo di Dimitri renmen pataje ?
9. Poukisa yo te rele Dimitri « Bòs Didi » ?

M ap li nèt ale 2 A.F.

127

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « atelye » aloral.

☞ Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo atelye ?

☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « atelye » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Jan ap travay nan yon atelye ebenis.

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòmè ak mo « atelye ».

Repons posib :

- (1) Madan Simon gen yon atelye kouti bò mache a.
- (2) Pòl al aprann fè mèb nan atelye bòs Andre a.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil ki sanble ak fraz ki nan « repons posib ».

Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 126.

☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Sou katye** » pou rive nan mo « **konstwi jwèt** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li vizite** » pou rive nan mo « **twal ak fil** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Dimitri sanble** » pou rive nan mo « **bwat katon** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Dimitri itilize** » pou rive nan mo « **bwat sekre** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Dimitri renmen** » pou rive nan mo « **bèl jwèt** »


Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.




Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 127. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan an jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**



 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Bòs Didi


Sou katye David la, gen yon ti gason ki rele Dimitri. Li toujou ap ranmase materyo li bezwen pou li konstwi jwèt. Li vizite atelye ebenis pou li jwenn moso bwa. Li vizite atelye tayè ak koutiryè. Konsa, li jwenn retay twal ak fil. Dimitri sanble boutèy, mamit ak bouchon. Li mete tout materyo sa yo nan yon bwat katon. Dimitri itilize bwa ak klou pou li fè toup. Li fè machin ak mamit ak bouchon. Ansuit, li vann jwèt li yo. Apre sa, li sere kòb la nan yon bwat sekre. Dimitri renmen pataje, li montre tout zanmi l yo konstwi jwèt. Yo rele li Bòs Didi poutèt li toujou konstwi bèl jwèt.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 Fè yon rapèl sou repons elèv te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.


li itilize pou konplete fraz yo ?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Aktivite 5 **Evalyasyon (2 mn)**

 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.

 **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a ?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 53

Objektif:

Entèprete tèks powetik
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Pwodui mo, fraz ak tèks dapre imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 53, paj 128 - 129
Kaye egzèsis, leson 53, paj 132
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (35 mn)



Aktivite 1 Mizantren (6 mn)


1. Pwezi (4 mn)

-  Ekri pwezi a sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo pou yo repete li pou kont yo menm jan.
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi a pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  Pandan w ap fè aktivite saa, verifye si tout elèv ap suiv ou.

Zanmi


Pèt mwen toujou ouvè,
Maten tankou aswè.
Zanmi m jwenn bon akèy.
pou mwen yo san parèy.


- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi 2 elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan l ap fè jès ki mache ak pwezi a.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**


 Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.

 **Bravo! Nou te byen travay!**

2. Rapèl (2 mn)


 Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li anvan an.

 **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)


1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

 Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : asyèt – netwaye – katon – kolabore – espas – poubèl – onèt – pandan.


 **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)


Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede elèv ki fè erè a.


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 128 la.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 128 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 128 la.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi kèk elèv (4 fi ak 4 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz la ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

Leson 53



 samdi - Dòval - fèt - fatige - anvil - espas - poubèl - asyèt - katon - pandan - bous - onèt - kontan

 netwaye - bale - ranmase - jete - siye - mete - jwenn

 - pote - renmen - kolabore

 Li te kòmans netwaye espas fèt la.

 Dòval renmen travay. Li konn kolabore epi tou li onèt.

 Li fè tout sa ak kè kontan.

128 Map li natèl 2 A.F.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

🗨 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

4. Rekonèt, fòme, ekri fraz (11 mn)

Rekonèt fraz (6 mn)

🗨 Ekri gwoup mo sa yo andezòd sou tablo a davans pou aprann elèv yo ranje mo nan lòd pou fòme fraz epi pou konnen wòl kèk mo nan yon fraz.

☞ **Kounye a, nou pral fòme fraz. Men yon gwoup mo an dezòd : Dòval – maten an – tab yo – siye.**

Mete gwoup mo sa a nan lòd pou nou fè yon fraz.

🗨 Bay elèv yo 1 minit pou li mo yo ki sou tablo a byen fò ansanm. Touche mo yo jan yo ye sou tablo a pou elèv yo.

☞ **Anvan nou fòme fraz la nou pral li mo yo ansanm. Nou konprann ?**

🗨 Li mo yo ansanm ak elèv yo byen fò pandan 1 minit. Epi poze yo kesyon sa yo pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la : non moun ki genyen nan fraz la, aksyon moun sa yo pral fè epi kilè yo ap fè yo.

☞ **Ki non moun nou jwenn nan gwoup mo ki andezòd la ?**

🗨 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons:

(1) Dòval

Ekri « **Dòval** » sou tablo a.

☞ **Kisa Dòval fè ?**

🗨 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons:

(2) Dòval **siye** .

🗨 Ekri « **siye** » sou tablo a.

☞ **Kisa Dòval siye ?**

🗨 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons:

(3) Dòval siye **tab yo**.

🗨 Ekri « **tab yo** » sou tablo a.

☞ **Kilè Dòval siye tab yo ?**

🗨 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons:

(3) Dòval siye tab yo **maten an**.

🗨 Ekri « **maten an** » sou tablo a.

☞ **Premye mo nou jwenn nan fraz la se : Dòval. Dòval se moun ki pral fè aksyon an nan fraz la.**

Apre sa nou jwenn yon mo kise : siye, li fè w konnen ki sa Dòval fè.

Lòt gwoup mo nou jwenn nan fraz la se : tab yo. Li fè nou konnen ki sa Dòval siye yo.

Dènye gwoup mo nou jwenn nan fraz la se : maten an. Gwoup mo sa fè nou konnen kilè Dòval siye tab yo.

🗨 Ekri fraz la sou tablo a : Dòval siye tab yo maten an. Mande 2 elèv li fraz la 2 fwa. Epi antoure lèt majiskil ki kòmanse fraz la ak pwen ki fini fraz la.

Leson 53

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

ak - ede - tab - sijè - Dòval - chèz - yo.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Samedì pase, sete _____ manman Katya.
 b) Li te kòmanse _____ espas fèt la.
 c) Dòval _____ travay. Li konn epitou li onèt.

3- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak «netwayaj»: Epi, kaye yo sou liy anba yo.

bale - poubèl - valiz - mab - solèy - fatra

132 Kaye egzèsis

☞ Yon fraz se plizyè mo ki ranje nan yon lòd epi ki gen sans. Li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li toujou fini ak yon pwen.

Egzèsis # 1 (5 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 132 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fòme fraz ak gwoup mo ki andezòd nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 132 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou n ka fòme fraz la. Nou konprann? Kòmanse!
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
 - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li fòme a pou klas la?
 - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz yo fòme a. Si yo genyen difikilte fè yon lòt elèv poze l kesyon pou ede li jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. Toujou ede elèv la pou li ka jwenn kesyon yo. Oubyen poze tout klas la kesyon yo pou yo ka jwenn ansanm pati ki genyen nan fraz la.

Dezyèm pati leson an (38 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « kolabore ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « Kolabore » ?
- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ Kolabore vle di: Mete tèt ansanm pou jwenn rezilta.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
 - ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « kolabore » aloral.
 - ☞ Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo kolabore?
 - ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « kolabore » pou elèv yo sou tablo a.
- Egzanp:**
 Dòval kolabore ak manman li pou netwaye kay la.

- ☁ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòm ak mo « kolabore ». Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 128.
 - ☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?
 - ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa dapre desen nou sot dekri a.
 - ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
 - ☁ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa




- ☁ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
 - Premye** elèv la ap kòmanse nan mo « **Samdi pase** » pou rive nan mo « **netwaye** »
 - Dezyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Men Dòval** » pou rive nan mo « **moun bale** »
 - Twazyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Yo ranmase** » pou rive nan mo « **plas yo** »
 - Katriyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Pandan** » pou rive nan mo « **mèt li** »
 - Senkyèm** elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Dòval renmen** » pou rive nan mo « **kè kontan** »
- Pandan youn elèv ap li, fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.
- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
 - Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 129. Verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan an jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)
 - ☁ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.





Dòval vle kolabore

Samdi pase, sete fèt manman Katya. Apre fèt la, moun yo fatige, yo pa t anvi netwaye. Men Dòval, zanmi Katya a pa t fatige. Li te kòmanse netwaye espas fèt la. Li menm ak de (2) lòt moun bale. Yo ranmase asyèt katon yo. Yo jete yo nan poubèl. Dòval ede siye tab ak chèz yo. Li mete yo youn sou lòt nan plas yo.

Pandan l ap travay, li jwenn yon bous. Li pote li bay paran li pou yo ka jwenn mèt li. Dòval renmen travay, li konn kolabore epitou li onèt. Li fè tout sa ak kè kontan.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn. Bay elèv yo 2 minit pou aktivite sa a.*

5. Reponn kesyon (8 mn)


- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Kòman moun yo santi yo apre fèt la ?
 3. Kisa Dòval ye pou Katya ?
 4. Kisa Dòval te fè apre fèt la ?
 5. Konbyen moun ki t ap bale ?
 6. Kisa yo te fè ak asyèt katon yo ?
 7. Kisa Dòval te fè ak bous li te jwenn nan ?
 8. Èske nou panse Dòval se yon bon timoun? Poukisa?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)


Egzèsis # 2 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 132 pou fè egzèsis # 2 a.


- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 132 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.


Egzèsis # 3 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 132 pou fè egzèsis # 3 a.


- ☞ **Nou pral chwazi mo nan bwat la ki genyen rapò ak mo netwayaj pou nou ekri yo sou liy anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 132 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak netwayaj. Epi kopye yo sou liy anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li ekri yo ki genyen rapò ak mo « netwayaj »?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di, ak eple mo yo chwazi yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.

- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 53

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

ak - ede - tab - siye - Dòval - chèz - yo.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Samedi pase, sete _____ manman Katya.
b) Li te kòmanse _____ espas fèt la.
c) Dòval _____ travay, li konn _____
epitou li onèt.

3- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak «netwayaj». Epi, kopye yo sou liy anba yo.

bale - poubèl - valiz - mòp - solèy - fatra

132 Kaye egzèsis

Leson 54

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 54, paj 130 - 131
Kaye egzèsis, leson 54, paj 133
Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)


1. Kontin (3 mn)

-  Ekri kontin nan sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.

Jodi a se joudlan.
Se jou kè kontan.
Jou tout timoun nan lari,
Tout fanmi reyini.
Se jou youn kenbe men lòt.
Se jou youn sonje lòt.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.

2. Rapèl (2 mn)

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li anvan an.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan**

leson anvan an ?

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : semèn – achte – labatwa – rasanble – pòm detè – epis – lave – kouvè.

Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 130 la.

Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 130 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 130 la.

Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 54



▲ soup - joumou - lakay - semèn - Petyon - pwovizyon - pòm detè - kawòt - labatwa - demen - Salomon - moso - ansuit - epis - kouvè

🍌 renmen - bwè - achte - lave - koupe - reasanble - mete - fini - jwenn

🍌 Lakay Katya, yo bwè soup joumou chak semèn.

🍌 Sant soup la bay tout moun nan kay la kè kontan.

Lè soup la pare, tout moun jwenn.

130 M ap li nèt ale 2 A.F.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (34 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « labatwa ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « labatwa »?

☞ *Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*

- ☞ **Labatwa vle di: kote espesyal yo touye bèt tankou bèf, kabrit ak mouton pou moun manje.**

☞ *Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*

- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « labatwa » aloral.*

- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « labatwa »?**

☞ *Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « labatwa » pou elèv yo sou tablo a.*

Egzanp:

Pyè ale achte vyann kabrit nan labatwa a.

☞ *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « labatwa ».*

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 130.**

☞ *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:*

- ☞ **Konbyen desen nou wè? Ki bèt nou wè nan premye desen an? Kisa moun yo ap fè nan premye desen an? Ki kote moun yo ye? Konbyen moun nou wè nan dezyèm desen an? Kisa moun yo ap fè?**

☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Pwodui mo, fraz, tèks dapre desen sou tablo (5 mn)

☞ *Fè elèv yo di kèk mo ki genyen rapò ak imaj yo sot dekri yo. Ekri chak mo elèv yo di yo sou tablo a byen gwo. Apre sa, fè yo eple mo yo.*

- ☞ **Kounye a, nou pral di kèk mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri yo. M ap ekri chak mo nou di sou tablo a. Apre sa, n ap eple yo.**

Leson 53

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

ak - ede - tab - siye - Dòval - chèz - yo.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Samedi pase, sete _____ manman Katya.


b) Li te kòmanse _____ espas fèt la.

c) Dòval _____ travay, li konn _____ epitou li onèt.


3- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak « netwayaj ». Epi, kopye yo sou liy anba yo.

bale - poubal - valiz - map - solèy - fatra

132 Kaye egzèsis

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di mo yo. Apre sa, chwazi kèk lòt elèv pou eple mo.

☛ **Kounye a, nou pral fòme kèk fraz ki genyen rapò ak mo nou te di yo ki te genyen rapò ak imaj nou te dekri a.**

 Touche chak mo ki sou tablo a epi mande elèv yo fè yon fraz ak chak mo ou touche yo. Ekri fraz elèv yo fè yo sou tablo a, apre sa, fè yo li l. Sonje kòmanse fraz yo ak yon lèt majiskil; pou fini ak yon pwen. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo ou touche yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☛ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☛ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifiye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « Anpil moun » pou rive nan mo « nan mache »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Li achte » pou rive nan mo « labatwa »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Demen maten » pou rive nan mo « pa moso »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Ansuit, li rasanble » pou rive nan mo « kè kontan »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « Katya ak Emil » pou rive nan mo « soup joumou ! »


Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 131. Verifiye si tout elèv nan bon paj la.

☛ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 Pase verifiye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Soup Joumou

Anpil moun renmen soup joumou. Lakay Katya, yo bwè soup joumou chak semèn. Depi samdi, madan Petyon, grann Katya, achte pwovizyon nan mache. Li achte pòm detè, legim tankou chou, joumou, kawòt ak navè. Apre sa, li al achte pye bèf nan labatwa. Demen maten, madan Salomon, manman Katya, lave legim yo. Apre sa, li koupe yo moso pa moso. Ansuit, li rasanble epis pou li mete nan soup la. Pou fini, li mete soup la sou dife. Sant soup la bay tout moun nan kay la kè kontan. Katya ak Emil, mete kouvè sou tab la. Lè soup la pare, tout moun jwenn. Ala bon soup, se soup joumou!

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Chak kilè yo bwè soup joumou lakay Katya ?
3. Kisa madan Petyon ye pou Katya ?
4. Kisa grann Katya fè nan samdi ?
5. Ki kote grann Katya al achte pye bèf ?
6. Kisa manman Katya mete nan soup la ?
7. Kisa ki pase lè manman Katya mete soup la sou dife ?
8. Kisa Katya ak Emil te fè ?
9. Ki jou yo te fè soup joumou an ?

Soup joumou

Anpil moun renmen soup joumou. Lakay Katya, yo bwè soup joumou chak semèn. Depi samdi, madan Petyon, grann Katya, achte pwovizyon nan mache. Li achte pòm detè, legim tankou chou, joumou, kawòt ak navè. Apre sa, li al achte pye bèf nan labatwa. Demen maten, madan Salomon, manman Katya, lave legim yo. Apre sa, li koupe yo moso pa moso. Ansuit, li rasanble epis pou li mete nan soup la. Pou fini, li mete soup la sou dife. Sant soup la bay tout moun nan kay la kè kontan. Katya ak Emil, mete kouvè sou tab la. Lè soup la pare, tout moun jwenn. Ala bon soup, se soup joumou!

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 - ☞ *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☞ *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 - ☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 - ☞ *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (9 mn)

- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Chak kilè yo bwè soup joumou lakay Katya ?
 3. Kisa madan Petyon ye pou Katya ?
 4. Kisa grann Katya fè nan samdi ?
 5. Ki kote grann Katya al achte pye bèf ?
 6. Kisa manman Katya mete nan soup la ?
 7. Kisa ki pase lè manman Katya mete soup la sou dife ?

8. Kisa Katya ak Emil te fè ?
9. Ki jou yo te fè soup joumou an ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)

Leson 54

1-Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo.

2-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Anpil moun _____ soup joumou.
b) Apre sa, li al achte pye bèf nan _____
c) Ansuit, li rasanble _____ pou li nan soup la.

M ep li nèt ale - 2 AF 133

Egzèsis # 1 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 133 pou fè egzèsis # 1 an. Fè elèv yo kopye nan kaye egzèsis yo 2 premye mo ak fraz ki sou tablo a yo te di sou desen an.*
- ☞ **Nou pral kopye 2 premye mo ak fraz nou te di sou desen an nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 133 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo). Gade de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen anvan nou kopye yo. Nou konprann ? Kòmanse!**
 - Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di epi eple pou klas la 2 premye mo yo, apre sa, li 2 premye fraz li te kopye nan kaye egzèsis li a ?**
 - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di, eple 2 premye mo yo, apre sa, li 2 premye fraz li te kopye nan kaye egzèsis li a ?*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a ?**
 - Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

Aktivite 6 Egzèsis pratik pou elèv yo

Leson 54

1-Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo.

2-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Anpil moun _____ soup joumou.
b) Apre sa, li al achte pye bèf nan _____
c) Ansuit, li rasanble _____ pou li nan soup la.

M ep li nèt ale - 2 AF 133

- Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 a pou yo ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson w pral fè avèk yo.*
- ☞ **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 133 la nan egzèsis # 2 a.**
 - Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.*
 - ☞ **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann. Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**

Leson 55 Revizyon

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

Liv lekti, leson 55, paj 132 - 133
Kaye egzèsis, leson 55, paj 134
Kaye bouyon, kreyon, gòm





Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin


-  *Ekri kontin nan sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Mwen souri toutan
Paske mwen gen bon jan.
Souri se pa yon don.
Ala bon sa bon !

-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)


1. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 132 a.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 132 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi kèk elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo, apre sa fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 132 a.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.




- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 55




-  mabouya - Sandra - anpil - salon - aktivite - semèn - jaden - dèyè - pandan - anmwey - zanmi - kontan - moman - ansanm
-  resevwa - fè - chita - pale - ale - jwe - pran - admire - vin - parèt - rele - pase
-  Sandra kon-tan anpil. Li fè yo chita nan salon an. Lè yo wè sa, yo chache manje bay mabouya a. Yo pase youn bon moman ansanm.

132

Map li mèt ale 2 A.F.

Dezyèm pati leson an (42 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè : Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

- ☞ Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 lesan anvan yo. Apre sa, fè elèv yo, li, eple, epi bay sans yo.
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo?**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, raple sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 134 pou fè egzèsis # 1 an. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 134 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, fè yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote li yo pou klas la?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.
- ☞ **Ki fraz nou wè ki bay sans mo a?**
- ☞ Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan pou lòt mo yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz yo chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije ansanm ak tout klas la.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 132.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ **Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**

Leson 55 Revizyon

1- Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.


Atelye	• Lokal kote atizan ak ouvriye travay.
	• Kote ki gen anpil moun k ap chante.
Kolabore	• Travay pou kont ou.
	• Mete ansanm pou jwenn rezilta.

2- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

3- Kopye de (2) premye fraz ki nan istwa a sou liy ki anba yo.

134 Kaye egzèsis

Leson 55



▲ mabouya - Sandra - anpil - salon - aktivite - semèn - jaden - dèyè - pandan - anmwey - zanmi - kontan - moman - ansanm
● resevwa - fè - chita - pale - ale - jwe - pran - admire - vin - parèt - rele - pase
● Sandra kon-tan anpil, li fè yo chita nan salon an.
 Lè yo wè sa, yo chache manje bay mabouya a.
 Yo pase yon bon moman ansanm.

132 N ap li mèl ale 2 A.F.

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon dimanch** » pou rive nan mo « **salon an** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Yo pale** » pou rive nan mo « **jaden an** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Yo pran tan** » pou rive nan mo « **vin parèt** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Sandra** » pou rive nan mo « **pa deplase** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Lè yo wè sa** » pou rive nan mo « **moman ansanm** »


Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.


- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 133. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Lekti fraz nan istwa a 2 pa 2


 Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Yon mabouya kay Sandra

Yon dimanch, Sandra resevwa Katya ak Emil lakay li. Yo se de (2) bon zanmi l. Sandra kontan anpil, li fè yo chita nan salon an. Yo pale sou tout aktivite lekòl la pandan semèn nan. Apre sa, Sandra ale jwe avèk zanmi li yo nan jaden an. Yo pran tan yo pou yo admire flè dèyè kay la. Pandan y ap jwe, yon mabouya vin parèt. Sandra ak zanmi li yo sote, yo sezi, yo rele: "Anmwey!" Mabouya a pa deplase. Lè yo wè sa, yo chache manje bay mabouya a. Li manje ak kè kontan. Yo pase yon bon moman ansanm.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

 Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)

 Ankouraje epi felisite elèv yo.

Yon mabouya kay Sandra

Yon dimanch, Sandra resevwa Katya ak Emil lakay li. Yo se de (2) bon zanmi l. Sandra kontan anpil, li fè yo chita nan salon an. Yo pale sou tout aktivite lekòl la pandan semèn nan. Apre sa, Sandra ale jwe avèk zanmi li yo nan jaden an. Yo pran tan yo pou yo admire flè dèyè kay la. Pandan y ap jwe, yon mabouya vin parèt. Sandra ak zanmi li yo sote, yo sezi, yo rele: "Anmwey!" Mabouya a pa deplase. Lè yo wè sa, yo chache manje bay mabouya a. Li manje ak kè kontan. Yo pase yon bon moman ansanm.

Kesyon

1. Ki jou istwa a te pase ?
2. Site non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a.
3. Kiyès Sandra te resevwa lakay li ?
4. Ki kote timoun yo t ap pale nan kòmansman istwa a ?
5. Ki kote Sandra ak zanmi l yo te al jwe ?
6. Kisa timoun to t ap fè dèyè kay la ?
7. Kisa ki te rive pandan timoun yo t ap jwe a ?
8. Kisa yo te fè lè yo te wè mabouya a ?
9. Èske nou dwe tije mabouya lè nou wè yo ? Poukisa ?

M ap li mèt ale 2 A.F.

133

Lesson 55

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

- ☁ Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kilès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**
 - ☁ Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☁ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 - ☁ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

5. Reponn kesyon (6 mn)

- ☁ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
 - ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki jou istwa a te pase ?
 2. Site non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a.
- Repons posib :**
- (1) Sandra, Katya ak Emil. (2) Sandra, Katya, Emil ak mabouya a.
 3. Kiyès Sandra te resevwa lakay li ?
 4. Ki kote timoun yo t ap pale nan kòmansman istwa a ?
 5. Ki kote Sandra ak zanmi l yo te al jwe ?
 6. Kisa timoun to t ap fè dèyè kay la ?
 7. Kisa ki te rive pandan timoun yo t ap jwe a ?
 8. Kisa yo te fè lè yo te wè mabouya a ?
 9. Èske nou dwe tiye mabouya lè nou wè yo ? Poukisa ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

Leson 55 Revizyon






1- Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Atelye	<ul style="list-style-type: none"> • Lokal kote atizan ak ouvriye travay. • Kote ki gen anpil moun k ap chante.
Kolabore	<ul style="list-style-type: none"> • Travay pou kont ou. • Mete ansanm pou jwenn rezilta.

2- Ekrri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou lity ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

3- Kopye de (2) premye fraz ki nan istwa a sou lity ki anba yo.

134 Kaye egzèsis

-  *Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 ak 3 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.*
-  **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 134 la nan egzèsis # 2 ak 3 a.**
-  *Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.*
-  **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije yo anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis yo lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**
-  *Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.*

Leson 56

Objektif:

Konprann yon devinèt
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral epi alekri



Materyèl:

Liv lekti, leson 56, paj 134 - 135
Kaye egzèsis, leson 56, paj 135
Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (26 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt


-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Yo konn konstwi mwen ak plizyè materyo
Tankou: beton, adoken ak asfalt.
Se sou mwen machin ak moto woule.
Gras ak mwen tout moun ka sikile.
Kisa mwen ye? (Repons : wout / Lari)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (23 mn)

1. Lektè mo sou tablo (6 mn)

-  *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : sante- vwazen - ekip - katye- kouri- mache - jwe - kapab.*
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 134 la.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 134 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 134 la.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 56



▲ espò - sante - maten - Emil - poukisa - chak - vwazen
- baskètbòl - tankou - anvi - foutbòl - ekip - katye - pèmision

👉 mande - kouri - mache - jwe - naje - reponn - kapab - pwofite - pwoteje

👉 Chak maten, mwen wè vwazen yo ap fè espò.
Papa Emil di li : "Wi, mwen ba ou pèmision pou sa".
Fè espò bon pou kò nou, li pwoteje sante nou.

134 Map II nèt ale 2 A.F.

Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

Egzèsis # 1 (5 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 135 pou fè egzèsis # 1 an. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.

☞ **Nou pral kopye mo ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 135 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la pou n ka kopye mo yo. Nou konprann? Kòmanse!**

Leson 56

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

foutbòl - naje - espò - pwoteje - maten - sante

2- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Chak maten, mwen wè vwazen yo ap fè _____.

b) Papa li reponn: "Espò _____ moun viv ansante".

c) Èske mwen kapab _____ vwazen yo pou mwen fè _____ avèk yo?

3- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak «espò». Apre sa, kopye yo sou liy anba yo.

foutbòl - kouri - pyebwa - basketbòl - kriye - naje - volebòl

M ap li nèl ale - 2 AF 135

- ☁ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☁ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li ekri nan kaye li a?**
- ☁ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

Dezyèm pati leson an (38 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « espò ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « espò »?
- ☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ **Espò vle di: Egzèsis moun fè ak kò yo pou kenbe yo an sante. Gen plizyè kalite espò tankou foutbòl, basketbòl, volebòl, kous, natasyon.**
 - ☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
 - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
 - ☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « espò » aloral.
 - ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo espò?**
 - ☁ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « espò » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:

Mwen ale fè espò chak jou.


- ☁ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « espò ».
- Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil.
- Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 134.**
- ☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:

Leson 56



▲ espò - sante - maten - Emil - poukisa - chak - vwazen - basketbòl - tankou - anvi - foutbòl - ekip - katye - pèmasyon


🍌 mande - kouri - mache - jwe - naje - reponn - kapab - pwofite - pwoteje

🍌 Chak maten, mwen wè vwazen yo ap fè espò.

🍌 Papa Emil di li: "Wi, mwen ba ou pèmasyon pou sa". Fè espò bon pou kò nou, li pwoteje sante nou.

134 M ap li nèl ale 2 A.F.

- ☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Maten an** » pou rive nan mo « **Poukisa, papa?** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Papa li** » pou rive nan mo « **fè espò?** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Emil reponn** » pou rive nan mo « **katye a** »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Papa Emil** » pou rive nan mo « **sante ou** »


Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 135. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Espò pwoteje sante

Maten an, Emil mande papa li : "Papa, poukisa moun fè espò ? Chak maten, mwen wè vwazen yo ap fè espò. Yo mache, yo kouri, epi yo jwe baskètbòl. Poukisa, Papa?" Papa li reponn: "Espò pèmèt moun viv ansante. Tout moun ta dwe fè espò tankou : kouri, mache, jwe foutbòl, naje... Ou anvi fè espò?" Emil reponn: "Wi papa. Èske mwen kapab mande vwazen yo pou mwen fè espò avèk yo? Konsa tou, mwen ta pwofite jwe foutbòl nan ekip katye a". Papa Emil di li: "Wi, mwen ba ou pèmisyon pou sa. Fè espò bon pou kò nou, li pwoteje sante nou".

Kesyon




1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Chak kilè vwazen Emil yo te konn fè espò ?
3. Ki espò Emil te wè vwazen yo ap fè ?
4. Poukisa li bon pou moun fè espò ?
5. Ki espò papa Emil te site ?
6. Poukisa Emil te anvi fè espò ?
7. Avèk kiyès Emil te anvi fè espò ?
8. Èske papa Emil te dakò pou li fè espò? Poukisa?

M ap li nèt ale 2 A.F.



135

Espò pwoteje sante


Maten an, Emil mande papa li : "Papa, poukisa moun fè espò ? Chak maten, mwen wè vwazen yo ap fè espò. Yo mache, yo kouri, epi yo jwe baskètbòl. Poukisa, Papa?" Papa li reponn: "Espò pèmèt moun viv ansante. Tout moun ta dwe fè espò tankou : kouri, mache, jwe foutbòl, naje... Ou anvi fè espò ?" Emil reponn: "Wi papa. Èske mwen kapab mande vwazen yo pou mwen fè espò avèk yo? Konsa tou, mwen ta pwofite jwe foutbòl nan ekip katye a". Papa Emil di li: "Wi, mwen ba ou pèmisyon pou sa. Fè espò bon pou kò nou, li pwoteje sante nou".

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (8 mn)

-  *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Sou kisa istwa a pale ?
 2. Chak kilè vwazen Emil yo te konn fè espò ?
 3. Ki espò Emil te wè vwazen yo ap fè ?
 4. Poukisa li bon pou moun fè espò ?
 5. Ki espò papa Emil te site ?
 6. Poukisa Emil te anvè fè espò ?

Repons posib :


(1) Paske li vle viv an sante. (2) Paske papa li te di l tout moun dwe fè espò.

7. Avèk kiyès Emil te anvè fè espò?

8. Èske papa Emil te dakò pou li fè espò? Poukisa?

Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 2 (3 mn)

-  *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 135 pou fè egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 135 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann ? Kòmanse !**

Leson 56

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

foutbòl - naje - espò - pwoteje - maten - sante

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Chak maten, mwen wè vwazen yo ap fè _____.


b) Papa li reponn: "Espò _____ moun viv ansante".

c) Èske mwen kapab _____ vwazen yo pou mwen fè _____ avèk yo?


3- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak «espò». Apre sa, kopye yo sou liy anba yo.

foutbòl - kouri - pyebwa - basketbòl - kriye - naje - volebòl


M ap li nèk ale - 2 AF 135

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.


Egzèsis # 3 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 135 pou fè egzèsis # 3 a.


☞ Nou pral chwazi mo nan bwat la ki genyen rapò ak mo espò pou nou ekri yo sou liy anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 135 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak espò. Apre sa, kopye yo sou liy anba yo). Nou konprann? Kòmanse!

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li kopye yo ki genyen rapò ak mo « espò »?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di, ak eple mo yo chwazi yo.

Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.

☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 57

Objektif:

Eksprime opinyon sou yon tèm
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 57, paj 136 - 137
Kaye egzèsis, leson 57, paj 136
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (21 mn)



Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kozri (3 mn)



-  Mande elèv yo pale sou enpòtans agrikilti.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpòtans agrikilti nan peyi nou. N ap di ki sa li reprezante pou nou. N ap di èske nou renmen li epi poukisa.
-  Chwazi 2 elèv pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou enpòtans agrikilti nan peyi nou.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lektè mo sou tablo (6 mn)

-  Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: enteresan – bonè – kanpe – devan – tandè – aktivite – kouri – anonse.
- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lektè mo nan liv lekti (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 136 la.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 136 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 136 la.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (38 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « sipriz ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « sipriz »?


☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

☞ **Sipriz vle di: Evènman oswa aktivite sanzatann ki planifye an sekre pou fè kè yon moun kontan.**

☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « sipriz » aloral.



☞ Kiyès ki ka fòm epi di yon fraz pou klas la ak mo sipriz ?

☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « sipriz » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :


Papa Katya fè l yon gwo sipriz pou bèl mwayèn li fè.

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòm ak mo « sipriz ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil.

Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Leson 57



☑ sipriz - lendi - elèv - ankò - drapo - aktivite - entèrèsan - dèyè - bonè - Linda - Erik - devan - Katya - David

☑ rive - kanpe - mache - kòmanse - tandè - kouri - pase - anonse - chita - konnen

☑ Lè elèv yo tandè sa, yo mache prese.

☑ Elèv yo pa ka tann kilè pou yo konnen sipriz la.

136 Map li mèt ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 136.

☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

☞ Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon lendi maten** » pou rive nan mo « **monte drapo** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Mèt Michel** » pou rive nan mo « **pase devan** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **David ak Kaya** » pou rive nan mo « **salye yo** »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Li di yo** » pou rive nan mo « **konnen sipriz la** »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 137. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3

Sipriz pou klas la (1)

Yon lendi maten, mèt Michel rive lekòl la byen bonè. Li kanpe nan pòt klas la ap tann elèv yo. Elèv yo fin monte drapo. Mèt Michèl di yo: "Mache vit, nou pral kòmanse travay". Lè elèv yo tandè sa, yo mache prese. Linda ak Erik ki te dèyè, kouri pose devan. David ak Katya ki te devan, mache pi vit ankò. Lè tout elèv fin chita, mèt Michèl salye yo. Li di yo: "Mwen gen yon sipriz pou nou". Katya di: "Depi mèt Michèl anonse sipriz, pral gen yon aktivite entèrèsan". Elèv yo pa ka tann kilè pou yo konnen sipriz la.

Kesyon

1. Ki jou istwa a te pase ?
2. Kilè mèt Michèl te rive lekòl la ?
3. Ki kote mèt Michèl te kanpe ?
4. Kisa mèt Michèl te di elèv yo ?
5. Kisa Linda ak Erik te fè ?
6. Kisa David ak Katya te fè ?
7. Kisa Katya te di ?
8. Kisa nou panse sipriz la ka ye ?




Map li mèt ale 2 A.F. 137

mn)



 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Sipriz pou klas la (1)


Yon lèndi maten, mèt Michel rive lekòl la byen bonè. Li kanpe nan pòt klas la ap tann elèv yo. Elèv yo fin monte drapo. Mèt Michèl di yo: "Mache vit, nou pral kòmanse travay". Lè elèv yo tandè sa, yo mache prese. Linda ak Erik ki te dèyè, kouri pase devan. David ak Katya ki te devan, mache pi vit ankò. Lè tout elèv fin chita, mèt Michèl salye yo. Li di yo: "Mwen gen yon sipriz pou nou". Katya di: "Depi mèt Michèl anonse sipriz, pral gen yon aktivite enteresan". Elèv yo pa ka tann kilè pou yo konnen sipriz la.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.





5. Reponn kesyon (8 mn)

-  Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki jou istwa a te pase ?
 2. Kilè mèt Michèl te rive lekòl la ?
 3. Ki kote mèt Michèl te kanpe ?
 4. Kisa mèt Michèl te di elèv yo ?
 5. Kisa Linda ak Erik te fè ?
 6. Kisa David ak Katya te fè ?

7. Kisa Katya te di ?
8. Kisa nou panse sipriz la ka ye ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 136 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 136 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.

Leson 57

1- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.





a) Yon lendi maten, mèt Michèl _____ lekòl la byen bonè.

b) Li kanpe nan pòt klas la ap _____ elèv yo.



c) Mèt Michèl di yo: "Mache _____, nou _____ kòmanse travay".

136 Kaye egzèsis

Egzèsis # 2 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 136 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 136 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Leson 58

Objektif:

Entèprete tèks powetik
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Pwodui mo, fraz ak tèks dapre imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 58, paj 138 - 139
Kaye egzèsis, leson 58, paj 137
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (37 mn)



Aktivite 1 Mizantren (8 mn)


1. Pwezi (6 mn)

-  Ekri pwezi a sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete l' pou kont yo menm jan.
- ☞ Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifeye si tout elèv ap suiv ou.

Ede


Ede yon moun se yon bon jès.
Li bon pou nou fè l' avèk sajès;
Sa fè tout moun vin itil.
Konsa nou tout ap viv trankil.

- ☞ Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifeye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifeye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi 2 elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan yo ap fè jès ki mache ak pwezi a.
- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.


 Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.

 **Bravo! Nou te byen travay!**

2. Rapèl (2 mn)


 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.

 **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans epi eple mo a?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)


1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

 Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : entèlijan – sonnen – klòch – souri – prèske – jwenn – pandan – poze.


 **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 138 la.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 138 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou li li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo, apre sa, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 138 la.


 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**


 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan yo ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak


Leson 58



 klas - pandan - jounen - elèv - David - Michèl - bravo - anpil - entelijan - prèske - Belinda - meri - klòch - lakay - istorik

 kòmans - poze - konnen - vizite - gade - souri - jwenn - sonnen - pran

Yo bezwen konnen kisa sipriz sa a ye.

 Li di : "Bravo, nou entelijan anpil, nou prèske jwenn sipriz la".


138 M ap li nèt ale 2 A.F.

dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

4. Rekonèt, fòm, ekri fraz (11 mn)

Rekonèt fraz (6 mn)

 *Ekri fraz sa a sou tablo a davans pou aprann elèv yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.*


- Bibliyotèk nan lekòl la genyen anpil liv.

Li fraz la avèk elèv yo. Chwazi de (2) elèv, 1 fi ak 1 gason pou li fraz la. Apre sa, poze yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.


☞ **Kounye a, nou pral jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. An n li fraz sa a ansanm: Bibliyotèk nan lekòl la genyen anpil liv.**

 *Touche fraz ki sou tablo a pandan w ap li l ansanm ak elèv yo.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv pou li fraz la pou kont yo. Kiyès ki ka li fraz la pou kont li pou tout klas la.**

 *Chwazi de (2) elèv pou li fraz la pou kont yo pou klas la. Bay elèv yo de (2) minit pou fè aktivite sa a.*

☞ **Kounye a, m pral poze nou kèk kesyon pou nou ka jwenn kèk pati ki genyen nan fraz la. Kisa ki nan lekòl la ?**


 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons:

(1) Bibliyotèk la

*Souliye mo « **bibliyotèk** » nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Ki kote bibliyotèk la ye ?**


 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons:

(2) Nan lekòl la .

 *Souliye gwoup mo « **nan lekòl la** » nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Kisa bibliyotèk nan lekòl la genyen ?**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons:

(3) Anpil liv.

 *Souliye gwoup mo « **genyen anpil liv** » nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Premye mo nou jwenn nan fraz la se: Bibliyotèk. Bibliyotèk se mo ki pral fè nou konnen kisa ki nan lekòl la nan fraz la.**

Apre sa nou jwenn yon gwoup mo ki se: nan lekòl la, li fè nou konnen ki kote bibliyotèk la ye.

Lòt gwoup mo nou jwenn nan fraz la se: genyen anpil liv. Li fè nou konnen kisa bibliyotèk nan lekòl la genyen.

Leson 58

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

yon - genyen - machann - fwi. - bò - plas - la, - Nan - mache

2- Konplete fraz sa yo dapre listwa a.

a) Pandan jounen lendi a, elèv yo _____ poze kesyon.

b) Mèt Michèl gade elèv yo, li _____.

c) Tout _____ pran _____ lakay yo.

3- Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan listwa a sou liy ki anba yo.

Leson 58

M ap li nèt ale - 2 AF 137

- ☞ *Li chak pati ki souliye nan fraz ki sou tablo a apa. Apre sa, li tout fraz la byen vit ak elèv yo ansanm : Bibliyotèk nan lekòl la genyen anpil liv. Mande 2 elèv li fraz la 2 fwa. Epi antoure lèt majiskil ki kòmanse fraz la ak pwen ki fini fraz la.*
- ☞ **Yon fraz se plizyè mo ki ranje nan yon lòd epi ki gen sans. Li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li toujou fini ak yon pwen.**

Egzèsis # 1 (5 mn)

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 137 pou fè egzèsis # 1 an.*
- ☞ **Nou pral fòme fraz ak gwoup mo ki andezòd nan kaye egzèsis la . Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 137 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou n ka kopye mo a. Nou konprann ? Kòmanse!**
- ☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li fraz li fòme a pou klas la ?**
- ☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li fraz yo fòme a. Si yo genyen difikilte, fè yon lòt elèv poze l kesyon pou ede li jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. Poze elèv yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.*

Dezyèm pati leson an (37 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

1. Vokabilè : Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « Mwa ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « Mwa » ?
- ☞ *Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :*
 - ☞ **Mwa vle di : Pati nan yon ane ki genyen 28, 29, 30 oswa 31 jou.**
 - ☞ *Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*
 - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?**
 - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « mwa » aloral.*
 - ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo mwa ?**
 - ☞ *Ekri yon fraz kòm egzanzp ak mo « mwa » pou elèv yo sou tablo a.*

Egzanp :

Mwa Febriye konn genyen 28 oswa 29 jou.

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòm ak mo « Mwa ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 138.

☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Pandan jounen** » pou rive nan mo « **sipriz sa a ye ?** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Dabò** » pou rive nan mo « **lòt mwa a** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Ansuit** » pou rive nan mo « **sipriz la** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Se konsa** » pou rive nan mo « **lakay yo** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.



- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 139. Verifye si tout elèv nan bon paj la.




☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.





Sipriz pou klas la (2)


Pandan jounen lendi a, elèv yo kòmanse poze kesyon. Yo bezwen konnen kisa sipriz sa a ye. Dabò, David di: "Èske nou pral vizite yon sit istorik?" Apre sa, Katya di: "Genlè se yon poulaye nou pral vizite lòt mwa a". Ansuit, Belinda di: "Nou pral vizite bèl plas bò meri a". Mèt Michèl gade elèv yo, li souri. Li di: "Bravo, nou entelijan anpil, nou prèske jwenn sipriz la". Se konsa klòch la sonnen "Blennng ! Blennng !" Tout elèv pran wout lakay yo.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)





- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (6 mn)





- ☞  *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Sou kisa istwa a pale ?
 2. Ki kesyon elèv yo t ap poze ?
 3. Ki kesyon David te poze mèt Michèl ? Poukisa ?
 4. Lè David fin pale, kisa Katya te di ?
 5. Kisa Belinda te di ?
 6. Ki repons mèt Michèl te bay elèv yo ?
 7. Èske timoun yo te dekouvri sipriz la ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 2 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 137 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 137 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
 - ☞  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - ☞  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
 - ☞  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Egzèsis # 3 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 137 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral ekri fraz dapre istwa a nan kaye nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 137 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo). Reli istwa ki nan liv la pou ka jwenn premye ak dezyèm fraz la. Nou konprann? Kòmanse!**
 - ☞  Bay elèv yo 5 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - ☞  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo jwenn premye ak dezyèm fraz ki nan istwa a.
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye ak dezyèm fraz yo te ekri a dapre istwa a?**
 - ☞  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz yo te ekri yo.

Leson 58

1-Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

yon - genyen - machann - fwi. - bò - plas - la, - Nan - mache

2-Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Pandan joune lendi a, elèv yo _____ poze kesyon.



b) Mèt Michèl gade elèv yo, li _____.

c) Tout _____ pran _____ lakay yo.

3-Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

M ap li nèk ale - 2 AF 137

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
 - ☞  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Leson 59

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 59, paj 140 - 141
Kaye egzèsis, leson 59, paj 138
Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)


1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a davans anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Gade dlo, dlo agogo !
Pou nou wouze jaden,
Pou n benyen, pou n lave.
Dlo se lavi, n ap pwoteje sous yo !

- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (2 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan, fè yo bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans epi eple mo a?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: izin – pyebwa – vizite – mayi – felisite – travay – transfòme – plante.

Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 140 la.

Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 140 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 140 la.

Kounye a nou pral li fraz nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.

Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 59



▲ madi - bonè - Erik - pyebwa - mèn - Simon - izin - ebyen - vizit - agrikilti - travay - mayi - kontan

● rive - kontinye - pale - kòmans - plante - kanpe - vizite - felisite - pèsisite - transfòme

● Nan madi, elèv yo rive byen bonè nan klas la. Yo kontinye pale sou sipriz la. Nou pral vizite izin ki transfòme mayi pou fè akasan ak chanmchan.

140 Map li mèt ale 2 A.F.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « agrikilti ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « agrikilti » ?

- ☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

- ☞ **Agrikilti vle di : Aktivite travay latè pou pwodui manje.**

- ☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

- ☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « agrikilti » aloral.

- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo agrikilti ?**

- ☁ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « agrikilti » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Mwen renmen agrikilti peyi m.

Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « agrikilti ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (10 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 140.**

- ☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

- ☞ **Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.**

- ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.


Pwodui mo, fraz, tèks dapre desen sou tablo (4 mn)

- ☁ Fè elèv yo di kèk mo ki genyen rapò ak imaj yo sot dekri a. Ekri chak mo elèv yo di yo sou tablo a byen gwo, apre sa fè yo eple mo yo.

- ☞ **Kounye a, nou pral di kèk mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri a. M ap ekri chak mo nou di sou tablo a, apre sa n ap eple yo.**

- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di mo yo. Apre sa, chwazi kèk lòt elèv pou eple mo yo.

- ☞ **Kounye a, nou pral fòme kèk fraz ki genyen rapò ak mo nou te di yo ki te**



genyen rapò ak imaj nou te dekri a.

Touche chak mo ki sou tablo a epi mande elèv yo fè yon fraz ak chak mo ou touche yo. Ekri fraz elèv yo fè yo sou tablo a apre sa fè yo li l. Sonje kòmanse fraz yo ak yon lèt majiskil pou fini ak yon pwen. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo ou touche yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Nan madi** » pou rive nan mo « **mòn yo** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Aprè Erik** » pou rive nan mo « **ki pale yo** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Katya pèsiste** » pou rive nan mo « **ak travay** »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Nou pral** » pou rive nan mo « **Weeee!** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 141. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Sipriz pou klas la (3)

Nan madi, elèv yo rive byen bonè nan klas la. Yo kontinye pale sou sipriz la. Pou kòmanse, Erik di : "Nou pral plante pyebwa nan mòn yo". Apre Erik, Simon kanpe, li di : "Nou pral vizite yon izin". Mèt Michèl felisite tout elèv ki pale yo. Katya pèsiste pou li di : "Ebyen mèt, kisa sipriz sa a ye?" Mèt Michèl reponn : "Se yon vizit nou pral fè jou premye me a. Dat sa a se fèt agrikilti ak travay. Nou pral vizite izin ki transfòme mayi pou fè akasan ak chanmchanm". Tout elèv yo kontan, yo di : "Weeee!"

Kesyon

1. Ki jou istwa a te pase ?
2. Sou kisa elèv yo t ap pale lè yo rive nan klas la ?
3. Pou kòmanse, kiyès ki te pale ? Kisa li te di ?
4. Apre sa, kiyès ki te pale ? Kisa li te di ?
5. Ki kesyon Katya te poze ?
6. Kisa mèt Michèl te reponn ?
7. Èske elèv yo te kontan sipriz la ? Poukisa ?

M ap li mèl ale 2 A.F.

141

Sipriz pou klas la (3)


Nan madi, elèv yo rive byen bonè nan klas la. Yo kontinye pale sou sipriz la. Pou kòmanse, Erik di : "Nou pral plante pyebwa nan mòn yo". Apre Erik, Simon kanpe, li di : "Nou pral vizite yon izin". Mèt Michèl felisite tout elèv ki pale yo. Katya pèsiste pou li di : "Ebyen mèt, kisa sipriz sa a ye?" Mèt Michèl reponn : "Se yon vizit nou pral fè jou premye me a. Dat sa a se fèt agrikilti ak travay. Nou pral vizite izin ki transfòme mayi pou fè akasan ak chanmchanm". Tout elèv yo kontan, yo di : "Weeee!"

Leson 59


1-Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a sou liy ki anba yo.


2-Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.


138 Kaye egzèsis

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


 **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di epi eple pou klas la 2 premye mo yo, apre sa, li 2 premye fraz li te kopye nan kaye egzèsis li a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di, eple 2 premye mo yo, apre sa, li 2 premye fraz li te kopye nan kaye egzèsis li a?


Egzèsis # 2 (3 mn)


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 138 pou fè egzèsis # 2 a.


 **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 138 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


 **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.

 **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Leson 60 Revizyon

Objektif:

Aprann yon kontin
 Li mo ak fraz byen epi vit
 Ekri mo byen lizib nan kaye
 Jwenn sans mo pou fòme fraz
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks ak aloral




Materyèl:

Liv lekti, leson 60, paj 142 - 143
 Kaye egzèsis, leson 60, paj 139
 Kaye bouyon, kreyon, gòm





Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin



-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Naje se yon bon espò.
 Ou ka naje nan pisin, rivyè ak lanmè.
 Naje bon pou lasante.
 Li fè w viv pi byen.


-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)


1. Lekti mo nan liv lekti (8 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 142 a.*
-  **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 142 pou nou ka li mo ki nan liy melon**

an ak liy mango a 2 pa 2.

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 142 a.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (42 mn)


Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.


Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)


Revizyon mo vokabilè (3 mn)




 Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.

☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, raple sans mo yo, epi fè yo di yo pou kont yo.

Leson 60



 vizit - plizyè - aktivite - direksyon - izin - ansuit - elèv - pwofesè - koulè - finalman - inifòm - lekòl - bonè - premye
 òganize - mande - ekri - kontakte - lwe - abiye - dwe - rive - kite - tann
 Dabò, li mande direksyon lekòl la ekri paran elèv yo. Apre sa, li mande direksyon an kontakte mèt izin nan.

142 M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 60 Revizyon

1-Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Sipriz	• Evènman oswa aktivite ki planifye an sektrè pou fè kè yon moun kontan.
	• Yon materyèl nou itilize nan lekòl.
Espò	• Remèd ki fè moun dòmi anpil.
	• Egzèsis moun fè ak lò yo pou kenbe yo ansante.

2-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Pou mèt Michèl òganize vizit nan izin nan, li fè plizyè _____.

b) Ansuit, li _____ kèk elèv ak pwofesè nan lòt klas yo.

c) Li lwe yon bèl bis ki gen plizyè _____ pou _____ la.

3-Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

Map li mèt ale - 2 AF 139

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 139 pou fè egzèsis # 1 an. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 139 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz kibò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, fè yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote li yo pou klas la?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo a ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.
- ☞ **Ki fraz nou wè ki bay sans mo a?**
- ☞ Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan pou lòt mo yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz yo chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije ansanm ak tout klas la.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 142.

- ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- ☞ **Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**
- ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo «**Pou mèt Michèl**» pou rive nan mo «**mèt izin nan**»

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo «**Ansuit**» pou rive nan mo «**pou vizit la**»

Leson 60

▲ vizit - plizyè - aktivite - direksyon - izin - ansuit - elèv - pwofesè - koulè - finalman - infòm - lekòl - bonè - premye

🔦 òganize - mande - ekri - kontakte - lwe - abiye - dwe - rive - kite - tann

👉 Dabò, li mande direksyon lekòl la ekri paran elèv yo. Apre sa, li mande direksyon an kontakte mèt izin nan.

142 Map li mèt ale 2 A.F.

Vizit nan izin nan (1)

Pou mèt Michèl òganize vizit nan izin nan, li fè plizyè aktivite. Dabò, li mande direksyon lekòl la ekri paran elèv yo. Apre sa, li mande direksyon an kontakte mèt izin nan. Ansuit, li envite kèk elèv ak pwofesè nan lòt klas yo. Li lwe yon bèl bis ki gen plizyè koulè pou vizit la. Finalman, li mande tout elèv yo abiye ak inifòm yo byen bèl. Elèv yo dwe rive lekòl la byen bonè jou premye me a. Y ap kite lekòl la a 7è 30. Tout elèv yo kontan. Yo pa ka tann kilè pou jou sa a rive.

Kesyon

1. Kisa mèt Michèl t ap òganize ?
2. Dabò, kisa mèt Michèl te fè ?
3. Apre sa, kisa mèt Michèl te fè ?
4. Ansuit, kisa mèt Michèl te fè ?
5. Poukisa mèt Michèl te lwe yon bèl bis ?
6. Finalman, kisa mèt Michèl te fè ?
7. Poukisa tout elèv yo t ap tann jou vizit la rive ?

Lesson 60

M ap li mèl ale 2 A.F.

143

Twazyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo «**Finalman**» pou rive nan mo «**me a**»

katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo «**Y ap kite**» pou rive nan mo «**sa a rive**»

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.


- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 143. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Lekti fraz nan istwa a 2 pa 2


- Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Vizit nan izin nan (1)

Pou mèt Michèl òganize vizit nan izin nan, li fè plizyè aktivite. Dabò, li mande direksyon lekòl la ekri paran elèv yo. Apre sa, li mande direksyon an kontakte mèt izin nan. Ansuit, li envite kèk elèv ak pwofesè nan lòt klas yo. Li lwe yon bèl bis ki gen plizyè koulè pou vizit la. Finalman, li mande tout elèv yo abiye ak inifòm yo byen bèl. Elèv yo dwe rive lekòl la byen bonè jou premye me a. Y ap kite lekòl la a 7è 30. Tout elèv yo kontan. Yo pa ka tann kilè pou jou sa a rive.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)

 Ankouraje epi felisite elèv yo.

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

 Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :

- Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit


- Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.

- Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.

- Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.


- Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.

- Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kilès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?

 Chwazi 10 elèv (5 fi/5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

☞ Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Kisa mèt Michèl t ap òganize ?
2. Dabò, kisa mèt Michèl te fè ?
3. Apre sa, kisa mèt Michèl te fè ?
4. Ansuit, kisa mèt Michèl te fè ?
5. Poukisa mèt Michèl te lwe yon bèl bis?
6. Finalman, kisa mèt Michèl te fè ?
7. Poukisa tout elèv yo t ap tann jou vizit la rive ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

Leson 60 Revizyon

1-Fè yon flèch sotli nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Sipriz	• Evènman oswa aktivite ki planifye an sekè pou fè kè yon moun kontan.
	• Yon materyèl nou itilize nan lekòl.
Espò	• Remèd ki fè moun dòmi anpil.
	• Egzèsis moun fè ak kò yo pou kenbe yo ansante.

2-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Pou mèt Michèl òganize vizit nan izin nan, li fè plizyè

b) Ansuit, li kèk elèv ak pwofesè nan lòt klas yo.

c) Li lwe yon bèl bis ki gen plizyè pou

3-Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

.....


.....

.....

.....

Leson 60

M ap li nèk ale - 2 AF 139

 Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 ak 3 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

☞ Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 139 la nan egzèsis # 2 ak 3 a.

 Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

☞ Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije yo anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis yo lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.

 Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

Leson 61

Objektif:

Konprann yon devinèt
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral epi alekri



Materyèl:

Liv lekti, leson 61, paj 144 - 145
Kaye egzèsis, leson 61, paj 140
Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (26 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt


-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*


Mwen gen fòm won.
Mwen nan syèl la.
Mwen konn bay limyè lannuit.
Pafwa tout kò m pa klere.
Kisa mwen ye? (Repons : lalin)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (23 mn)

1. Leki mo sou tablo (6 mn)

 *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: tankou – parèt – finalman – pasyans – sonje – kilè – sonnen – lakou.*



☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 144 la.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 144 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 144 la.

☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

Egzèsis # 1 (5 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 140 pou fè egzèsis # 1 an. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.

☞ Nou pral kopye mo ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye

Leson 61

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

finalman - pasyans - vizite - klèch - bezwen

2- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Nan lakou a, elèv yo ap pale _____ ak _____.


b) Yo sonje tout sa ki pase depi mèt Michèl anonse _____ la.

c) Finalman, klèch la _____; yo mete yo _____.


3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

140 Kaye egzèsis


egzèsis la, ouvri l nan paj 140 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la pou n ka kopye mo yo. Nou konprann? Kòmanse!

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas premye mo li ekri nan kaye li a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

Dezyèm pati leson an (37 mn)


Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.


Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)


Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « pasyans ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « pasyans »?

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:


☞ **Pasyans vle di: Kapasite yon moun genyen pou li tann san li pa dekouraje.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « pasyans » aloral.

☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « pasyans »?**

 Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « pasyans » pou elèv yo sou tablo a.


Egzanp:

Kiltivatè yo pran pasyans pou tann lapli tonbe.

 Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « pasyans ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Leson 61



▲ tankou - lekòl - lakou - depi - Michèl - sipriz - ankò - klòch - finalman - kontan - apèl - kilè - pasyans
 ● rive - sonje - anonse - reponn - sonnen - mete - parèt - mande - pare - monte - konnen
 ● Tankou Katya ak David, tout elèv rive lekòl la byen bonè.
 ● Mèt Michèl fè apèl pou li wè si tout elèv la, Erik ak Simon te bezwen konnen kilè y ap rive.

144 Map li mèl ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 144.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
 - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
- Premye** elèv la ap kòmanse nan mo « **Jou premye me** » pou rive nan mo « **byen bonè** »
- Dezyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Nan lakou** » pou rive nan mo « **tann ankò** »
- Twazyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Finalman** » pou rive nan mo « **Wiiii!** »
- Katriyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Mèt Michèl fè** » pou rive nan mo « **izin nan** »
- Senkyèm** elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Erik** » pou rive nan mo « **pasyans** »
- Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.
 - Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
 - Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 145. Verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)
 - ☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Vizit nan izin nan (2)

Jou premye me a rive. Tankou Katya ak David, tout elèv rive lekòl la byen bonè. Nan lakou a, elèv yo ap pale youn ak lòt. Yo sonje tout sa ki pase depi mèt Michèl anonse sipriz la. Elèv yo pa ka tann ankò. Finalman, klòch la sonnen ; yo mete yo an ran. Mèt Michèl parèt. Li mande: "Èske nou pare pou vizit la?". Elèv yo reponn ak kè kontan: "Wiiii!". Mèt Michèl fè apèl pou li wè si tout elèv la. Apre sa, yo monte bis la pou al vizite izin nan. Erik ak Simon te bezwen konnen kilè y ap rive. Mèt Michèl di yo pran pasyans.

Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Poukisa tout elèv te rive lekòl la byen bonè ?
3. Sou kisa elèv yo t ap pale nan lakou a ?
4. Ki kesyon mèt Michèl te poze li li parèt ?
5. Kisa elèv yo te fè lè klòch la sonnen ?
6. Kisa mèt Michèl te fè pou li wè si tout elèv la ?
7. Poukisa mèt Michèl te di Erik ak Simon pran pasyans ?

145 Map li mèl ale 2 A.F.

Vizit nan izin nan (2)

Jou premye me a rive. Tankou Katya ak David, tout elèv rive lekòl la byen bonè. Nan lakou a, elèv yo ap pale youn

ak lòt. Yo sonje tout sa ki pase depi mèt Michèl anonse sipriz la. Elèv yo pa ka tann ankò. Finalman, klòch la sonnen ; yo mete yo an ran. Mèt Michèl parèt, li mande: "Èske nou pare pou vizit la?". Elèv yo reponn ak kè kontan: "Wiiii !". Mèt Michèl fè apèl pou li wè si tout elèv la. Apre sa, yo monte bis la pou al vizite izin nan. Erik ak Simon te bezwen konnen kilè y ap rive. Mèt Michèl di yo pran pasyans.

- ☺ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 - ☞ *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☺ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☺ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☞ *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☺ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 - ☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☺ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 - ☞ *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (7 mn)

- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☺ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Sou kisa istwa a pale ?
 2. Poukisa tout elèv te rive lekòl la byen bonè ?
 3. Sou kisa elèv yo t ap pale nan lakou a ?
 4. Ki kesyon mèt Michèl te poze lè li parèt ?
 5. Kisa elèv yo te fè lè klòch la sonnen ?
 6. Kisa mèt Michèl te fè pou li wè si tout elèv la ?
 7. Poukisa mèt Michèl te di Erik ak Simon pran pasyans ?


Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 140 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 140 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 140 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 140 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.



Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 62

Objektif:

Eksprime opinyon sou yon tèm
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 62, paj 146 - 147
Kaye egzèsis, leson 62, paj 141
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (32 mn)



Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kozri


-  Mande elèv yo pale sou enpòtans espò.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpòtans espò nan lavi moun. N ap di ki espò nou renmen? Poukisa nou renmen espò sa? Kòman moun fè espò sa? Ki enpòtans li genyen nan lavi moun?
-  Chwazi 4 elèv pou yo fè aktivite a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou enpòtans espò.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)


1. Lekt mo sou tablo (6 mn)

-  Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: paswa – rakonte – akasan – anonse – moulen – konpòte – akonpaye – wout.
- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekt mo nan liv lekti (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 146 la.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 146 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

Leson 62



▲ vizit - izin - pandan - devan - kòman - akasan - chanmchanm - mayi - moulen - paswa - sachè - kontan - moman - wout
 ● deplase - konpòte - anonse - genyen - akonpaye - rankontre - kòmanse - griye - pase - retounen - rakonte - eksplike
 ☺ Lè bis la rive devan izin nan, tout moun desann. Elèv yo wè kòman yo fè akasan ak chanmchanm.

146 Map II nèt ale 2 A.F.

- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 146 la.
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
 - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

4. Rekonèt, fòm, ekri fraz (11 mn)

Rekonèt fraz (6 mn)

- ☞ Ekri gwoup mo sa yo andezòd sou tablo a davans pou aprann elèv yo ranje mo nan lòd pou fòm fraz epi pou konnen wòl kèk mo nan yon fraz.
- ☞ **Kounye a, nou pral fòm fraz. Men yon gwoup mo an dezòd : yon plas – pral vizite – demen- Erik.**
 - ☞ Mete gwoup mo sa a nan lòd pou nou fè yon fraz.
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou li mo yo ki sou tablo a byen fò ansanm. Touche mo yo jan yo ye sou tablo a pou elèv yo.
- ☞ **Anvan nou fòm fraz la nou pral li mo yo ansanm. Nou konprann ?**
 - ☞ Li mo yo ansanm ak elèv yo byen fò pandan 1 minit. Epi poze yo kesyon sa yo pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la : non moun ki genyen nan fraz la, aksyon moun sa a pral fè epi kilè li ap fè aksyon an.
- ☞ **Ki non moun nou jwenn nan gwoup mo ki an dezòd la ?**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons posib :
 (1) Erik
 Ekri «**Erik**» sou tablo a.

- ☞ **Kisa Erik pral fè ?**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.
- Repons posib :**
 (2) Erik pral vizite.

Ekri «pral vizite» sou tablo a.

☞ **Kisa Erik pral vizite?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons posib:

(3) Erik pral vizite yon plas.

Ekri «yon plas» sou tablo a.

☞ **Kilè Erik pral vizite yon plas (plas la)?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons posib:

(3) Erik pral vizite yon plas demen.

Ekri «demen» sou tablo a.

☞ **Premye mo nou jwenn nan fraz la se: Erik. Erik se moun ki pral fè aksyon an nan fraz la.**

Aprè sa, nou jwenn yon gwoup mo ki se: pral vizite, li fè w konnen ki sa Erik pral fè.

Lòt gwoup mo nou jwenn nan fraz la se: yon plas. Li fè nou konnen ki sa Erik pral vizite a.

Dènye mo nou jwenn nan fraz la se: demen. Mo sa fè nou konnen kilè Erik pral vizite plas la.

Ekri fraz la sou tablo a: Erik pral vizite yon plas demen. Mande 2 elèv li fraz la 2 fwa. Epi antoure lèt majiskil ki kòmanse fraz la ak pwèn ki fini fraz la.

☞ **Yon fraz se plizyè mo ki ranje nan yon lòd epi ki gen sans. Li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li toujou fini ak yon pwèn.**

Leson 62

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

gabò - Pou - chanmchanm, - fè - yo - griye - mayi a

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Li _____ yo genyen gid ki pral akonpaye yo pandan _____ la.

b) Yo rankontre gid yo epi yo _____ vizite.

c) Elèv yo wè _____ yo fè akasan ak chanmchanm.

3- Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

M ap li mèl ale - 2 AF 341

Egzèsis # 1 (5 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 141 pou fè egzèsis # 1 an.

☞ **Nou pral fòme fraz ak gwoup mo ki andezòd nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 141 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou n ka fòme fraz la. Nou konprann? Kòmanse!**

Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li fòme a pou klas la?**

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li fraz yo fòme a. Si yo genyen difikilte fè yon lòt elèv poze kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. Toujou ede elèv yo pou yo ka jwenn kesyon yo. Oubyen poze tout klas la kesyon yo pou yo ka jwenn ansanm pati ki genyen nan fraz la.

Dezyèm pati leson an (37 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « moulen ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « moulen »?

☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

- ☞ **Moulen vle di: Aparèy ki sèvi pou kraze diferan kalite grenn tankou mayi, pitimi, diri, pistach... Aparèy sa a kapab transfòme legim ak fwi tou. Kote yo mete aparèy sa a, yo kapab rele li moulen tou.**

☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « moulen » aloral.

- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo moulen?**

☁ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « moulen » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:

Lakay Emil la gen yon moulen tou nèf.

☁ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « moulen ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil.

Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 146.**

☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:

- ☞ **Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.**

☁ Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.


Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

Leson 62



▲ vizit - izin - pandan - devan - kòman - akasan - chanmchanm - mayi - moulen - paswa - sachè - kontan - moman - wout

🍌 deplase - konpète - anonse - genyen - akonpaye - rankontre - kòmanse - griye - pase - retounen - rakonte - eksplike

🔥 Lè bis la rive devan izin nan, tout moun desann.

🔥 Elèv yo wè kòman yo fè akasan ak chanmchanm.

146 Map li nètle 2 A.F.

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Jou vizit la** » pou rive nan mo « **vizit la** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Lè bis la** » pou rive nan mo « **vizite** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Elèv yo** » pou rive nan mo « **mayi a** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Ansuit** » pou rive nan mo « **nan sachè** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Aprè vizit la** » pou rive nan mo « **yo te wè** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 147. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Vizit nan izin nan (3)

Jou vizit la, bis la pral deplase pou ale nan izin nan. Mèt Michèl eksplike elèv yo ki jan pou yo konpòte yo. Li anonse yo genyen gid ki pral akonpaye yo pandan vizit la.

Lè bis la rive devan izin nan, tout moun desann. Yo rankontre gid yo epi yo kòmanse vizite.

Elèv yo wè kòman yo fè akasan ak chanmchanm. Pou fè chanmchanm, dabò yo griye mayi a. Ansuit, yo pase li nan moulen. Apre sa, yo pase li nan paswa. Finalman, yo mete li nan sachè. Apre vizit la, tout elèv monte bis la pou yo retounen. Elèv yo te kontan moman vizit la. Sou tout wout la, y ap rakonte sa yo te wè.

Kesyon

1. Kisa mèt Michèl te di elèv yo lè bis la pral deplase ?
2. Kiyès mèt Michèl te anonse ki pral akonpaye elèv yo pandan vizit la ?
3. Ki kote moun yo te desann bis la ?
4. Kisa elèv yo te wè nan izin nan ?
5. Kòman elèv yo wè yo fè chanmchanm ?
6. Kisa elèv yo te fè apre vizit la ?
7. Poukisa elèv yo te kontan vizit la ?

Map li mèl ale 2 A.F.

147


Vizit nan izin nan (3)

Jou vizit la, bis la pral deplase pou ale nan izin nan. Mèt Michèl eksplike elèv yo ki jan pou yo konpòte yo. Li anonse yo genyen gid ki pral akonpaye yo pandan vizit la.

Lè bis la rive devan izin nan, tout moun desann. Yo rankontre gid yo epi yo kòmanse vizite.

Elèv yo wè kòman yo fè akasan ak chanmchanm. Pou fè chanmchanm, dabò yo griye mayi a. Ansuit, yo pase li nan moulen. Apre sa, yo pase li nan paswa. Finalman, yo mete li nan sachè. Apre vizit la, tout elèv monte bis la pou yo retounen. Elèv yo te kontan moman vizit la. Sou tout wout la, y ap rakonte sa yo te wè.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn**

kesyon yo.

Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Kisa mèt Michèl te di elèv yo lè bis la pral deplase ?
2. Kiyès mèt Michèl te anonse ki pral akonpanye elèv yo pandan vizit la ?
3. Ki kote moun yo te desann bis la ?
4. Kisa elèv yo te wè nan izin nan ?
5. Kòman elèv yo wè yo fè chanmchanm ?
6. Kisa elèv yo te fè apre vizit la ?
7. Poukisa elèv yo te kontan vizit la ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 62

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

dabò - Pou - chanmchanm, - fè - yo - griye - mayi a.

.....

.....

.....

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Li yo genyen gid ki pral akonpaye yo pandan la.

b) Yo rankontre gid yo epi yo vizite.

c) Elèv yo wè yo fè akasan ak chanmchanm.

3- Ekri premye fraz ak dezèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

.....

.....

.....

LESON 62

M op li nèt ale - 2 AF 141

Egzèsis # 2 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 141 pou fè egzèsis # 2 a.

☞ Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 141 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann ? Kòmanse !

Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo ?

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Leson 62

1-Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

dabò - Pou - chanmchanm, - fè - yo - griye - mayi a.

2-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Li _____ yo genyen gid ki pral akonpaye yo pandan _____ la.

b) Yo rankontre gid yo epi yo _____ vizite.


c) Elèv yo wè _____ yo fè akasan ak chanmchanm.


3-Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

M ap li mèl ale - 2 AF 141


Egzèsis # 3 (3 mn)


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 141 pou fè egzèsis # 3 a.


 **Nou pral ekri fraz dapre istwa a nan kaye nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 141 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri premye fraz ak dezyèm fraz nan istwa a sou liy ki anba yo). Reli istwa ki nan liv la pou ou ka jwenn premye ak dezyèm fraz la. Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 5 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifiye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifiye si yo jwenn premye ak dezyèm ki nan istwa a.


 **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye ak dezyèm fraz li te ekri yo dapre istwa a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz yo te ekri yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.

 **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Leson 63

Objektif:

Entèprete tèks powetik
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Pwodui mo, fraz ak tèks dapre imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 63, paj 148 - 149
Kaye egzèsis, leson 63, paj 142
Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (26 mn)

Aktivite 1 Mizantren (8 mn)

1. Pwezi (6 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit, epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit, epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Aprann yon metye
Mwen pa vle yon parese.
Nan rete chita gade.
M ap aprann yon metye.
Pou m itil lasosyete !

- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi 2 elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan l ap fè jès ki mache ak pwezi a.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**

☞ Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.

☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

2. Rapèl (2 mn)

☞ Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li anvan an.

☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan lesanm anvan an?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : zansèt – reponn – kalite – rakonte – dodin – lanjelis – istwa – chita.

☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 148 la.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 148 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 148 la.


☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

Leson 63



▲ Istwa - Lorán - katye - granmoun - anvan - lanjelis - timoun - lakay - toujou - dodin - kalite - zansèt - kontan - pafwa

🔊 re - rive - renmen - chita - rakonte - reponn - chante

👉 Anvan lanjelis rive, anpil timoun renmen ale lakay Pè Lorán. Gras ak Pè Lorán, timoun nan zòn nan konn anpil istwa.

148 Map li mèl ale 2 A.F.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

- ☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (39 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « Lanjelis ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « lanjelis »?

- ☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

☞ **Lanjelis vle di: Moman lè solèy fenk kouche, li kòmanse fènwa.**

- ☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

- ☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « lanjelis » aloral.

☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « lanjelis »?**

- ☁ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « lanjelis » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:

Timoun pa dwe rete nan lari lè lanjelis rive.

- ☁ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Lanjelis ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (10 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)


☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 148.**

- ☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:

☞ **Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?**

- ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Leson 63



- ▲ istwa - Lorán - katye - granmoun - anvan - lanjelis - timoun - lakay - toujou - dadin - kalite - zansèt - kontan - pafwa
- re - rive - renmen - chita - rakonte - reponn - chante
- Anvan lanjelis rive, anpil timoun renmen ale lakay Pè Lorán. Gras ak Pè Lorán, timoun nan zòn nan konn anpil istwa.

148 Map II nòt ale 2 A.F.

Pwodui mo, fraz, tèks dapre desen sou tablo (4 mn)

- ☞ Fè elèv yo di kèk mo ki genyen rapò ak imaj yo sot dekri a. Ekri chak mo elèv yo di yo sou tablo a byen gwo, apre sa fè yo eple mo yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral di kèk mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri a. M ap ekri chak mo nou di yo sou tablo a apre sa n ap eple yo.**
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di mo yo. Apre sa, chwazi kèk lòt elèv pou eple mo yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral fòme kèk fraz ki genyen rapò ak mo nou te di yo ki te genyen rapò ak imaj nou te dekri a.**
 - ☞ Touche chak mo ki sou tablo a epi mande elèv yo fè yon fraz ak chak mo ou touche yo. Ekri fraz elèv yo fè yo sou tablo a apre sa fè yo li yo. Sonje kòmanse fraz yo ak yon lèt majiskil pou fini ak yon pwen. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo ou touche yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**
 - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Nan katye** » pou rive nan mo « **lakay pè Loran** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li toujou** » pou rive nan mo « **Krak** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li rakonte** » pou rive nan mo « **yo kontan** »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Pafwa** » pou rive nan mo « **timoun kontan** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 149. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**
 - ☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Istwa Pè Loran yo

Nan katye Emil la, gen yon granmoun yo rele Pè Loran. Anvan lanjèl rive, anpil timoun renmen ale lakay Pè Loran. Li toujou chita sou yon dodin pou rakonte timoun yo istwa. Lè li di : "Krik!". Timoun yo reponn : "Krik!". Li rakonte yo tout kalite istwa. Gen istwa ki te pase nan zòn nan lè li te jèn. Gen lòt istwa sou zansèt yo ki fè timoun yo kontan. Pafwa, istwa yo konn fè yo pè. Men, yo plis chante ak ri. Gras ak Pè Loran, timoun nan zòn nan konn anpil istwa. Depi Pè Loran di "krik", kè tout timoun kontan.

Kesyon




1. Ki tit istwa a ?
2. Ki kote Pè Loran rete ?
3. Kilè timoun yo konn ale lakay Pè Loran ?
4. Sou kisa Pè Loran chita pou rakonte istwa yo ?
5. Ki kalite istwa Pè Loran konn rakonte timoun yo ?
6. Èske timoun yo renmen Pè Loran? Poukisa ?

Lesson 63



H ap li mèl ak 2 A.F. 149

Istwa Pè Loran yo

Nan katye Emil la, gen yon granmoun yo rele Pè Loran. Anvan lanjelis rive, anpil timoun renmen ale lakay Pè Loran. Li toujou chita sou yon dodin pou rakonte timoun yo istwa. Lè li di : "Krik!". Timoun yo reponn : "Krik !". Li rakonte yo tout kalite istwa. Gen istwa ki te pase nan zòn nan lè li te jèn. Gen lòt istwa sou zansèt yo ki fè timoun yo kontan. Pafwa, istwa yo konn fè yo pè. Men, yo plis chante ak ri. Gras ak Pè Loran, timoun nan zòn nan konn anpil istwa. Depi Pè Loran di "krik", kè tout timoun kontan.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (6 mn)


- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Ki kote Pè Loran rete ?
 3. Kilè timoun yo konn ale lakay Pè Loran ?
 4. Sou kisa Pè Loran chita pou rakonte istwa yo ?
 5. Ki kalite istwa Pè Loran konn rakonte timoun yo ?
 6. Èske timoun yo renmen Pè Loran? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)


Egzèsis # 1 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 142 pou fè egzèsis # 1 an. Fè elèv yo kopye nan kaye egzèsis yo de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a yo te di sou desen an.


- ☞ **Nou pral kopye de (2) premye mo ak fraz nou te di sou desen an nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 142 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo). Gade de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen anvan nou kopye yo. Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di epi eple pou klas la 2 premye mo yo, apre sa, li de (2) premye fraz li te kopye nan kaye egzèsis li a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di, eple de (2) premye mo yo, apre sa, li de (2) premye fraz li te kopye nan kaye egzèsis li a?


Egzèsis # 2 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 142 pou fè egzèsis # 2 a.


- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 142 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan lesan an, bay sans li epi eple mo a.

- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 63

1- Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Anvan lanjèl rive, anpil timoun _____ ale lakay pè Loran.

b) Li toujou _____ sou yon dadin pou rakonte timoun yo _____.

c) Pafwa, _____ yo konn fè yo pè.

142 Kaye egzèsis

Leson 64

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 64, paj 150 - 151
Kaye egzèsis, leson 64, paj 143
Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)


1. Kontin (3 mn)

-  Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.

Onè, respè pou zansèt yo.
San yo koule pou libète.
N ap pwoteje sa yo kite,
Pou peyi nou ka avanse.

- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
 Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
 Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.

2. Rapèl (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple li?

- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: *kiltivatè – resevwa – ansuit – aprann – pwodui – eksperyans – itilize – eksplike.*

- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 150 la.

- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 150 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

- ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 150 la.

- ☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

- ☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.


- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.


- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

- ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.



Dezyèm pati leson an (48 mn)

Tranzisyon (1 mn)

-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.


Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (36 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)


Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « kiltivatè ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « kiltivatè » ?

-  Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :


☞ **Kiltivatè vle di: Moun k ap travay latè.**

-  Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?**

-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « kiltivatè » aloral.

☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « kiltivatè » ?**

-  Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « kiltivatè » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Kiltivatè a plante yon gwo jaden mayi.

-  Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « kiltivatè ».


Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (8 mn)


☞ **Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.**

-  Ekri 2 mo yo sou tablo a davans : Kiltivatè – plantè.

☞ **Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo : Kiltivatè ak plantè pou nou di sa nou panse sou 2 mo sa yo.**

-  Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo kiltivatè ak mo plantè. Pase verifye si tout elèv ap travay. Mande elèv yo :

☞ **Kiyès ki ka di klas la sa li panse sou 2 mo sa yo : kiltivatè ak plantè ?**

-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo :

☞ **Mo kiltivatè vle di: Moun k ap travay latè.**

Mo plantè vle di: Moun k ap travay latè.

Sa vle di mo kiltivatè ak mo plantè genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.

Egzanp :

Pyè se yon kiltivatè bannann nan Akayè.

Pyè se yon plantè bannann nan Akayè.

Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.


☞ **Kiyès ki ka li fraz ki sou tablo a byen fò pou klas la ?**

Aprè sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande elèv yo ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo : kiltivatè ak plantè.

☞ **Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki genyen menm sans ak mo « kiltivatè » epi « plantè » pou klas la nan memn jan ak modèl ki sou tablo a ?**

Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme yo sou tablo a. Aprè sa, mande tout klas la li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesèsè. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.

Leson 64



▲ agrikilti - plizyè - aktivite - semèn - envite - kiltivatè
- machann - kòman - ansuit - pwodui - manje - eksperyans - tankou - kilè

🔦 antre - resevwa - vizite - aprann - pale - reponn - eksplike - plante - itilize - kuit - prepare - kòmanse

👉 Jodi a, mè Michèl antre nan klas la byen bonè.
N ap gen chans fè lòt eksperyans tankou prepare pwòp manje nou.

150 M ap li nèt ale 2 A.F.

3. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 150.**

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

☞ **Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « Jodi a » pou rive nan mo « plizyè envite »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Apre sa » pou rive nan mo « avèk nou ? »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Mèt Michel » pou rive nan mo « kuit manje »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « N ap gen chans » pou rive nan mo « yo kòmanse »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Aprè sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Aprè sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 151. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3**

Agrikilti peyi nou


Jodi a, mè Michèl antre nan klas la byen bonè. Li di elèv yo : "N ap gen plizyè aktivite pou semèn nan. Nou pral aprann anpil sou agrikilti peyi nou. Nou pral resevwa plizyè envite. Aprè sa, nou pral vizite kiltivatè ak machann nan zòn nan". David di : "Waw ! Se anpil aktivite nou pral fè ! Sou kisa envite yo pral pale avèk nou ?". Mèt Michèl reponn : "Dabò, y ap eksplike nou kòman yo plante. Ansuit, y ap eksplike kòman yo itilize pwodui yo pou kuit manje. N ap gen chans fè lòt eksperyans tankou prepare pwòp manje nou". Tout elèv yo kontan. Yo pa ka tann kilè pou aktivite yo kòmanse.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki aktivite mè Michèl te anonse elèv yo ?
3. Kisa David te di ?
4. Ki repons mè Michèl te bay ?
5. Kisa envite yo pral eksplike elèv yo ?
6. Ki lòt eksperyans elèv yo pral gen chans fè ankò ?
7. Poukisa elèv yo te kontan ?




M ap li nèt ale 2 A.F. 151

mn)



 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Agrikilti peyi nou


Jodi a, mè Michèl antre nan klas la byen bonè. Li di elèv yo : "N ap gen plizyè aktivite pou semèn nan. Nou pral aprann anpil sou agrikilti peyi nou. Nou pral resevwa plizyè envite. Apre sa, nou pral vizite kiltivatè ak machann nan zòn nan". David di : "Waw ! Se anpil aktivite nou pral fè ! Sou kisa envite yo pral pale avèk nou ?". Mèt Michèl reponn : "Dabò, y ap eksplike nou kòman yo plante. Ansuit, y ap eksplike kòman yo itilize pwodui yo pou kuit manje. N ap gen chans fè lòt eksperyans tankou prepare pwòp manje nou". Tout elèv yo kontan. Yo pa ka tann kilè pou aktivite yo kòmanse.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

6. Reponn kesyon (7 mn)

-  Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Ki aktivite mè Michèl te anonse elèv yo ?
 3. Kisa David te di ?
 4. Ki repons mè Michèl te bay ?

Leson 64

1- Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.

chapo - Plantè - ale


1- Kiltivatè yo toujou leve bonè pou wouze jaden.
2- _____ yo toujou leve bonè pou wouze jaden.

2- Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo.





3- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) David di: "Waw! Se anpil _____ nou pral fè!"
b) Apre sa, nou pral _____ kiltivatè ak machann nan zòn nan.
c) N ap gen chans fè lòt _____ tankou prepare _____ manje nou.



M ap li mèl ale - 2 AF 143

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di, eple 2 premye mo yo, apre sa, li 2 premye fraz li te kopye nan kaye egzèsis li a?

Egzèsis # 3 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 143 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 143 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo. Si elèv yo genyen difikilte, reprann fraz ki genyen rapò ak fraz elèv yo genyen pou konplete yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Leson 65 Revizyon

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Ekri mo byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

- Liv lekti, leson 65, paj 152 - 153
- Kaye egzèsis, leson 65, paj 144
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (19 mn)





Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin

-  Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.
-  Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.


Pataje

Se yon jès renmen.
M ap bay menm si li piti.
M ap bay ak tout kè m.
An nou pataje youn ak lòt.


-  Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
 -  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
-  Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
 -  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)


1. Lektè mo nan liv lekti (8 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 152 a.


- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 152 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 152 a.

- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.


- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (42 mn)


Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.


Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

 Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.

- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, raple sans mo yo, epi fè yo di yo pou kont yo.

Leson 65 Revizyon

1- Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Posyons	<ul style="list-style-type: none"> Kapasite yon moun genyen pou li tann san li pa dekouraje. Pwason ki viv nan rivyè.
Kiltivatè	<ul style="list-style-type: none"> Materiyò yo itilize pou fè twati kay. Moun k ap travay latè.

2- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak «kiltivatè». Apre sa, kopye yo sou liy anba yo.

jaden - plant - bato - rekòt - wouze - tablo


3- Kopye de (2) premye fraz ki nan istwa a sou liy ki anba yo.

144 Kaye egzèsis

Egzèsis # 1 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 144 pou fè egzèsis # 1 an. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.*
- ☞ **Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri li nan paj 144 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann? Kòmanse!**
 - Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, fè yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.*
 - ☞ **Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote li yo pou klas la?**
 - Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo a ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.*
 - ☞ **Ki fraz nou wè ki bay sans mo a?**
 - Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan pou lòt mo yo.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a?**
 - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz yo chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije ansanm ak tout klas la.*

Leson 65



▲ vizit - elèv - lekòl - kontan - byenvini - mèsi - bonjou
- Jesika - Sanon - dabò - kòman - ansante - ansanm

🍌 rive - diskite - akeyi - kòmanse - chante - resevwa - souri - gadè - prezante - pèmèt - manje - tann

🍷 Madi maten, elèv yo rive lekòl la ak kè kontan.
Mèt Michèl prezante madan Sanon.
Mwen byen kontan vizite nou jedi a.

152 M ap li nèt ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 152.**
 - Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:*
- ☞ **Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?**
 - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
 - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**
 - Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

- Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
- Premye elèv la ap kòmanse nan mo « Madi maten » pou rive nan mo « akeyi envite a »**
- Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Lè mèt Michèl » pou rive nan mo « souri »**

Vizit madan Sanon an (1)

Madi maten, elèv yo rive lekòl la ak kè kontan. Y ap diskite sou kòman pou yo akeyi envite a. Lè mèt Michèl rive ak envite a, elèv yo kòmanse chante : "Byenvini ! Nou kontan resevwa w !" Mèt Michèl ak envite a souri. Youn gade lòt epi yo di elèv yo : "Mèsi". Mèt Michèl prezante madan Sanon. Madan Sanon di : "Bonjou tout elèv. Mwen rele Jesika Sanon. Mwen byen kontan vizite nou jodi a. Dabò, mwen pral pale sou kòman ak kisa pou nou manje. Sa ap pèmèt nou viv ansante. Apre sa, nou pral manje ansanm". Elèv yo di : "Weeee !" Y ap tann kilè pou madan Sanon kòmanse aktivite yo.

Kesyon

1. Kòman elèv yo te santi yo lè yo rive lekòl la ?
2. Sou kisa elèv yo t ap diskite ?
3. Kisa elèv yo te fè pou akeyi envite a ?
4. Kisa mèt Michèl ak envite a te di elèv yo ?
5. Kòman envite a rele ?
6. Sou kisa envite a te di elèv yo li pral pale ?
7. Poukisa elèv yo te anvi aktivite yo kòmanse ?

M ap li mèt ale 2 A.F. 153

Leson 65

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Youn gade lòt** » pou rive nan mo « **Sanon Jesika** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Mwen byen kontan** » pou rive nan mo « **ansante** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Aprè sa** » pou rive nan mo « **aktivite yo** »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 153. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Lekti fraz nan istwa a 2 pa 2

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*

Vizit Madan Sanon an (1)

Madi maten, elèv yo rive lekòl la ak kè kontan. Y ap diskite sou kòman pou yo akeyi envite a. Lè mèt Michèl rive ak envite a, elèv yo kòmanse chante : "Byenvini ! Nou kontan resevwa w !" Mèt Michèl ak envite a souri. Youn gade lòt epi yo di elèv yo : "Mèsi". Mèt Michèl prezante madan Sanon. Madan Sanon di : "Bonjou tout elèv. Mwen rele Jesika Sanon. Mwen byen kontan vizite nou jodi a. Dabò, mwen pral pale sou kòman ak kisa pou nou manje. Sa ap pèmèt nou viv ansante. Apre sa, nou pral manje ansanm". Elèv yo di : "Weeee !" Y ap tann kilè pou madan Sanon kòmanse aktivite yo.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

- ☞ *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
- ☞ *Ankouraje epi felisite elèv yo.*

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :*
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.

- Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kilès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**

☞ Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Kòman elèv yo te santi yo lè yo rive lekòl la ?
2. Sou ki sa elèv yo t ap diskite ?
3. Kisa elèv yo te fè pou akeyi envite a ?
4. Kisa mèt Michèl ak envite a te di elèv yo ?
5. Kòman envite a rele ?
6. Sou ki sa envite a te di elèv yo li pral pale ?
7. Poukisa elèv yo te anvi aktivite yo kòmanse ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

Leson 65 Revizyon

1- Fè yon flich soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Pasyans	• Kapasite yon moun genyen pou li tann san li pa dekouraje.
	• Pwason ki viv nan rivyè.
Kiltivatè	• Materyo yo itilize pou fè twati kay.
	• Moun k ap travay latè.

2- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak «kiltivan». Agre si, kopye yo sou liy anba yo.

jaden - plant - boto - rekòt - wouze - tablo

3- Kopye de (2) premye fraz ki nan istwa a sou liy ki anba yo.

144 Kaye egzèsis

☞ Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 ak 3 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

☞ **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 144 la nan egzèsis # 2 ak 3 a.**

☞ Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

☞ **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije yo anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis yo lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**

☞ Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

Leson 66

Objektif:

Konprann yon devinèt
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòmè fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral epi alekri



Materyèl:

Liv lekti, leson 66, paj 154 - 155
Kaye egzèsis, leson 66, paj 145
Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (26 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt




-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen grandi, mwen fleri.
Mwen donnen anpil chak sezon.
Anpil moun al cheche fwi mwen yo lè yo tonbe.
Timoun renmen voye wòch sou mwen.
Kisa mwen ye? (Repons : pye mango)








-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)








1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

-  *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: kesyon – pwason – bravo – prezante – labouyi – bwè – apremidi – desen.*
-  **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche ansanm. (2 mn)**
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.*


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)




-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 154 la.*
-  **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 154 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*
-  **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.*
-  **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  *Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

-  *Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 154 la.*
-  **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*
-  **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
-  **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

Leson 66




-  kesyon - lakay - Erik - kompliman - afich - kalite - desen - apremidi - mayi - pwason - labouyi - anvan - bravo - anpil
-  poze - manje - reponn - prezante - gade - bwè - lave
-  Erik reponn: "Mwen manje fwi chak maten".
Toujou lave men nou anvan nou manje.
Elèv yo bat bravo epi yo di: "Mèsi madan Sanon!"


154 Map li nèk ale 2 A.F.

Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)


Egzèsis # 1

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 145 pou fè egzèsis # 1 an. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.


- ☞ **Nou pral kopye mo ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 145 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la pou n ka kopye mo a. Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li ekri nan kaye li a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

Leson 66

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

elèv - prezante - lekòl - aswè - labouyi - balansin

2- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Erik reponn: "Mwen _____ fwi chak maten".

b) Katya di: "Mwen konn manje diri ak _____".

c) Madan Sanon di elèv yo: "Maten, nou ka manje _____ ak _____".


3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Soti kòmmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

Leson 66

M ap li mèl ale - 2 AF 145

Dezyèm pati leson an (38 mn)


Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.


Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)


Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « konpliman ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « konpliman »?

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:


- ☞ **Konpliman vle di: Pawòl pou ankouraje yon moun lè li fè yon bon aksyon.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « konpliman » aloral.

- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « konpliman »?**

 Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « konpliman » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:

Manman David toujou fè li konpliman lè li fè bèl mwayèn.

- ☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « konpliman ».
- Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil.
- Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 154.
- ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?
- ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
- Premye** elèv la ap kòmanse nan mo « **Pandan vizit la** » pou rive nan mo « **lakay nou ?** »
- Dezyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Erik reponn** » pou rive nan mo « **sot lekòl** »
- Twazyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Madan Sanon fè** » pou rive nan mo « **desen yo bèl** »
- Katriyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Madan Sanon di** » pou rive nan mo « **vyann** »
- Senkyèm** elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Epi aswè** » pou rive nan mo « **Mèsi madan Sanon !** »
- Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.
 - Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
 - Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 155. Verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan

Leson 66



- ▲ kesyon - lakay - Erik - konpliman - ofich - kalite - desen - apre midi - mayi - pwason - labouyi - anvan - bravo - anpil
- 👉 poze - manje - reponn - prezante - gade - bwè - lave
- 👉 Erik reponn: "Mwen manje fwi chak maten".
- 👉 Toujou lave men nou anvan nou manje. Elèv yo bat bravo epi yo di: "Mèsi madan Sanon!"

154 Map li mèl ale 2.A.F.

Vizit Madan Sanon an (2)

Pandan vizit la, madan Sanon poze elèv yo yon kesyon. Li di yo: "Kisa nou konn manje plis lakay nou?" Erik reponn: "Mwen manje fwi chak maten". Katya di: "Mwen konn manje diri ak fèy lè mwen sot lekòl". Madan Sanon fè elèv yo konpliman. Apre sa, li prezante yon ofich ki gen anpil kalite manje. Alina gade desen yo byen epi li di: "Waw! Desen yo bèl".

Madan Sanon di elèv yo: "Maten, nou ka manje fwi ak legim. Apre midi, nou ka manje mayi, diri, pwa, pwason, legim, vyann. Epi aswè nou ka bwè labouyi. Toujou lave men nou anvan nou manje". Elèv yo bat bravo epi yo di: "Mèsi madan Sanon!"


Leson 66

Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Ki kesyon madan Sanon te poze elèv yo ?
3. Kisa Erik te reponn ?
4. Kisa Katya te di ?
5. Kòman Alina te wè desen yo sou tablo a ?
6. Ki manje madan Sanon te di ki bon pou nou manje maten ?
7. Kisa nou dwe toujou fè anvan nou manje ?
8. Èske timoun yo te renmen vizit madan Sanon an ? Poukisa ?

Map li mèl ale 2.A.F. 155




jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.



Vizit Madan Sanon an (2)

Pandan vizit la, madan Sanon poze elèv yo yon kesyon. Li di yo: "Kisa nou konn manje plis lakay nou?" Erik reponn: "Mwen manje fwi chak maten". Katya di: "Mwen konn manje diri ak fèy lè mwen sot lekòl". Madan Sanon fè elèv yo konpliman. Apre sa, li prezante yon afich ki gen anpil kalite manje. Alina gade desen yo byen epi li di: "Waw! Desen yo bèl".

Madan Sanon di elèv yo : "Maten, nou ka manje fwi ak legim. Apremidi, nou ka manje mayi, diri, pwa, pwason, legim, vyann. Epi aswè nou ka bwè labouyi. Toujou lave men nou anvan nou manje". Elèv yo bat bravo epi yo di : "Mèsi madan Sanon !"

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.



4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Sou kisa istwa a pale ?

Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*

Leson 67

Objektif:

Eksprime opinyon sou yon tèm
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 67, paj 156 - 157
Kaye egzèsis, leson 67, paj 146
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (21 mn)



Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kozri (3 mn)


-  Mande elèv yo pou yo pale sou enpòtans plante pyebwa.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpòtans plante pyebwa. N ap di ki jan yo plante pyebwa, kisa pyebwa reprezante pou nou, epi n ap di èske nou renmen plante pyebwa, poukisa.
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou enpòtans plante pyebwa.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekt mo sou tablo (6 mn)

-  Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: rekreyasyon – kontan – balansin – foutbòl – marèl – jwe – sote – rantr.
- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekt mo nan liv lekti (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 156 la.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 156 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

Leson 67



▲ rekreyasyon - elèv - bonè - Mari - kontan - lekòl - kalite - lakou - foutbòl - balansin - marèl - moman - tago - glisad - anpil
● rive - jwe - sonnen - renmen - monte - sote - fini - rantrè
● Pòl renmen jwe foutbòl ak monte balansin. Tout elèv mete yo an ran pou rantrè nan klas.

156 M ap li nèk ale 2 A.F.

- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
 - ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 156 la.
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
 - ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
 - ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (44 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (35 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « klòch ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « klòch » ?
- ☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ **Klòch vle di: Enstriman ki sèvi pou sonnen lè gen yon aktivite nan legliz, nan lekòl oswa nan biwo.**
 - ☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
 - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «klòch» aloral.

☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo klòch ?**

☁ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «klòch» pou elèv yo sou tablo a.


☞ **Egzanp :**

Pòl tande klòch la sonnen pou rekreyasyon, li kontan.

☁ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «klòch».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Leson 67



- ▲ rekreyasyon - elèv - bonè - Mari - kontan - lekòl - kalite - lakou - foutbòl - balansin - marèl - moman - lago - glisad - anpil
- 🍌 rive - jwe - sonnen - renmen - monte - sote - fini - rantrè
- 🏀 Pòl renmen jwe foutbòl ak monte balansin.
- 👉 Tout elèv mete yo an ran pou rantrè nan klas.

156 Map li nèt ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (12 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 156.**

☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ **Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui mo, fraz, tèks dapre desen sou tablo (5 mn)

☁ Fè elèv yo di kèk mo ki genyen rapò ak imaj yo sot dekri a. Ekri chak mo elèv yo di yo sou tablo a byen gwo, apre sa fè yo eple mo yo.

☞ **Kounye a, nou pral di kèk mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri a. M ap ekri chak mo nou di yo sou tablo a apre sa n ap eple yo.**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di mo yo. Apre sa, chwazi kèk lòt elèv pou eple mo yo.

☞ **Kounye a, nou pral fòme kèk fraz ki genyen rapò ak mo nou te di yo ki te genyen rapò ak imaj nou te dekri a.**

☁ Touche chak mo ki sou tablo a epi mande elèv yo fè yon fraz ak chak mo ou touche yo. Ekri fraz elèv yo fè yo sou tablo a apre sa fè yo li l. Sonje kòmanse fraz yo ak yon lèt majiskil pou fini ak yon pwen. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo ou touche yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

☁ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☁ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo «**Jodi a**» pou rive nan mo «**menm klas**»

Rekreyasyon

Rekreyasyon se moman nan jounen lekòl la elèv yo renmen anpil. Pòl ak Mari gen menm laj, yo nan menm klas. Lè rekreyasyon rive, yo toujou kontan pou yo al jwe ansanm. Vè dizè, klòch la sonnen. Elèv yo kontan, yo di: "Weeee! Nou pral jwe!". Lekòl la gen tout kalite jwèt nan lakou a. Pòl renmen jwe foutbòl ak monte balansin. Mari li menm pa renmen balansin, men li renmen jwe marèl. Rekreyasyon se moman elèv yo fè tout kalite jwèt. Yo renmen fè lago, sote kòd, glisad ak anpil lòt jwèt ankò. Klòch la sonnen "Blennng! Blennng! Blennng!". Rekreyasyon fini. Tout elèv mete yo an ran pou rantre nan klas. Rekreyasyon se moman tout elèv renmen anpil.

Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Kisa ki genyen nan lakou lekòl la ?
3. Kiyès ki renmen jwe foutbòl ak monte balansin ?
4. Ki jwèt Mari pa renmen ?
5. Kiyès ki renmen jwe marèl ?
6. Ki jwèt elèv yo renmen fè lè yo nan rekreyasyon ?
7. Kisa elèv yo fè lè rekreyasyon an fini ?
8. Ki moman tout elèv renmen ?
9. Èske ou renmen lè ou nan rekreyasyon ? Poukisa ?

M ap ti mèl ale 2 A.F. 157

Leson 67

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo «**Lè rekreyasyon**» pou rive nan mo «**yo di: Weeee!**»

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo «**Nou pral**» pou rive nan mo «**monte balansin**»

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo «**Mari li menm**» pou rive nan mo «**lòt jwèt ankò**»

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo «**Klòch la**» pou rive nan mo «**elèv renmen anpil**»

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 157. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*

Rekreyasyon

Rekreyasyon se moman nan jounen lekòl la elèv yo renmen anpil. Pòl ak Mari gen menm laj, yo nan menm klas. Lè rekreyasyon rive, yo toujou kontan pou yo al jwe ansanm. Vè dizè, klòch la sonnen. Elèv yo kontan, yo di: "Weeee ! Nou pral jwe!". Lekòl la gen tout kalite jwèt nan lakou a. Pòl renmen jwe foutbòl ak monte balansin. Mari li menm pa renmen balansin, men li renmen jwe marèl. Rekreyasyon se moman elèv yo fè tout kalite jwèt. Yo renmen fè lago, sote kòd, glisad ak anpil lòt jwèt ankò. Klòch la sonnen "Blennng! Blennng! Blennng!". Rekreyasyon fini. Tout elèv mete yo an ran pou rantre nan klas. Rekreyasyon se moman tout elèv renmen anpil.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

☞ *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

☞ *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (9 mn)

 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Sou kisa istwa a pale ?
 2. Kisa ki genyen nan lakou lekòl la ?
 3. Kiyès ki renmen jwe foutbòl ak monte balansin ?
 4. Ki jwèt Mari pa renmen ?
 5. Kiyès ki renmen jwe marèl ?
 6. Ki jwèt elèv yo renmen fè lè yo nan rekreyasyon ?
 7. Kisa elèv yo fè lè rekreyasyon an fini ?
 8. Ki moman tout elèv renmen ?
 9. Èske ou renmen lè ou nan rekreyasyon ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 67

1- Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.


a) Rekreyasyon se moman nan jounen lekòl la _____ yo renmen anpil.




b) Pèl ak Mari _____ menm laj, yo nan menm klas.

c) Lè rekreyasyon _____ yo kontan pou yo al jwe ansanm.

146 Kaye egzèsis

Egzèsis # 1 (3 mn)

 *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 146 pou fè egzèsis # 1 an. Fè elèv yo kopye nan kaye egzèsis yo de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a yo te di sou desen an.*

- ☞ Nou pral kopye de (2) premye mo ak fraz nou te di sou desen an nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 146 pou fè egzèsis #1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo). Gade de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen anvan nou kopye yo. Nou konprann ? Kòmanse!
-  *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
 -  *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di epi eple pou klas la 2 premye mo yo, apre sa, li de (2) premye fraz li te kopye nan kaye egzèsis li a ?
 -  *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di, eple 2 premye mo yo, apre sa, li de (2) premye fraz li te kopye nan kaye egzèsis li a ?*

Leson 67

1- Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.





a) Rekreasyon se moman nan jounen lekòl la _____ yo renmen anpil.

b) Pòl ak Mari _____ menm laj, yo nan menm klas.



c) Lè rekreasyon _____ yo kontan pou yo ajwe ansanm.

146 Kaye egzèsis

Egzèsis # 2 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 146 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 146 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Leson 68

Objektif:

Entèprete tèks powetik
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Pwodui mo, fraz ak tèks dapre imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 68, paj 158 - 159
Kaye egzèsis, leson 68, paj 147
Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (38 mn)


Aktivite 1 Mizantren (9 mn)

1. Pwezi (6 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifeye si tout elèv ap suiv ou.*


Mango Peyi m !
Mango se yon bèl fwi.
Chak sezon li vini.
An nou plante mango.
Pou n manje agogo !

- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifeye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifeye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi 2 elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan l ap fè jès ki mache ak pwezi a.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**

 Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.

☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

2. Rapèl (2 mn)


 Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li anvan an.

☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.s

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)


1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

 Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: felisitasyon – pwomèt – mwayèn – rantrè – kado – entelijan – fanmi – salye.


☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)


Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 158 la.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 158 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 158 la.


☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan yo ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak

Leson 68



▲ kado - vakans - kilè - kanè - tonton - mwayèn - kontan - poutèt - fanmi - bravo - felisitasyon - gason - entelijan - Kiko.

🔦 rive - pwomèt - danse - rantrè - salye - rele - remèt

👂 Tonton Pyè pwomèt li yon kado si li fè bèl mwayèn.

👂 Y ap danse poutèt yo fè bèl mwayèn.

158 Map li nèt ale 2.A.F.

dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

4. Rekonèt, fòm, ekri fraz (11 mn)

Rekonèt fraz (6 mn)

☞ *Ekri fraz sa a sou tablo a davans pou aprann elèv yo idantifye chak pati ki genyen nan fraz la.*

- Bato papa David la bò plaj la.

Li fraz la avèk elèv yo. Chwazi de (2) elèv, 1 fi ak 1 gason pou li fraz la. Apre sa, poze yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.

☞ **Kounye a, nou pral idantifye chak pati ki genyen nan fraz la. An n li fraz sa a ansanm : Bato papa David la bò plaj la.**

☞ *Touche fraz ki sou tablo a pandan w ap li l ansanm ak elèv yo.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv pou li fraz la pou kont yo. Kiyès ki ka li fraz la pou kont li pou tout klas la.**

☞ *Chwazi de (2) elèv pou li fraz la pou kont yo pou klas la. Bay elèv yo de (2) minit pou fè aktivite sa a.*

☞ **Kounye a, m pral poze nou kèk kesyon pou nou ka idantifye kèk pati ki genyen nan fraz la.**

Kisa ki pou papa David ?

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib :

(1) Bato a

*Souliye mo « **bato** » nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Pou kiyès bato a ye ?**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib :

(2) Pou **papa David**

☞ *Souliye gwoup mo « **papa David la** » nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Ki kote bato papa David la ye ?**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib :

(3) Bato papa David la **bò plaj la**.

☞ *Souliye gwoup mo « **bò plaj la** » nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Premye mo nou jwenn nan fraz la se : Bato. Bato se mo ki pral fè nou konnen kisa ki pou papa David nan fraz la.**

Apre sa nou jwenn yon gwoup mo ki se : papa David la, li fè nou konnen pou kiyès bato a ye.

Lòt gwoup mo nou jwenn nan fraz la se : bò plaj la. Li fè nou ki kote bato papa David la ye.

☞ *Li chak pati ki souliye nan fraz ki sou tablo a apa. Apre sa, li tout fraz la byen vit ak elèv yo ansanm : Bato papa David la bò plaj la. Mande 2 elèv li fraz la 2 fwa. Epi antoure lèt majiskil ki kòmanse fraz la ak pwen ki fini fraz la.*

Leson 68

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

nan lakou a. - papa Katya a - Machin

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Vakans pral _____.

b) Jak pa ka _____ kilè pou yo bay kanò.

c) Tanton Pyè _____ li yon _____ si li fè bèl mwayèn.

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

M op II nèt ale - 2 AF 147

- ☞ Yon fraz se plizyè mo ki ranje nan yon lòd epi ki gen sans. Li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li toujou fini ak yon pwen.

Egzèsis # 1 (5 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 147 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fòme fraz ak gwoup mo ki andezòd nan kaye egzèsis la . Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 147 la pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou n ka kopye mo a. Nou konprann ? Kòmanse!
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li fraz li fòme a pou klas la ?
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li fraz yo fòme a. Si yo genyen difikilte, fè yon lòt elèv poze yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. Poze elèv yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.

Dezyèm pati leson an (38 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « Entèlijan ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « Entèlijan » ?
- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ Entèlijan vle di : Moun eveye, ki panse epi ki konprann, ki aji vit.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
 - ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « entèlijan » aloral.
 - ☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « entèlijan » ?
 - ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « entèlijan » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Emil se yon gason entèlijan poutèt li fè bèl mwayèn.

☁ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòm ak mo « entèlijan ».
Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Leson 68



▲ kado - vakans - kilè - kanè - tonton - mwayèn - kontan - poutèt - fanmi - bravo - felisitasyon - gason - entelijan - Kiko.

👉 rive - pwomèt - danse - rantrè - salye - rele - remèt

👉 Tonton Pyè pwomèt li yon kado si li fè bèl mwayèn. Y ap danse poutèt yo fè bèl mwayèn.

158 M ap li mèl ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 158.
- ☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- ☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?
- ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
- ☁ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☁ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
 - Premye** elèv la ap kòmanse nan mo « **Vakans pral rive** » pou rive nan mo « **li fè bèl mwayèn** »
 - Dezyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Madi byen bonè** » pou rive nan mo « **yo fè bèl mwayèn** »
 - Twazyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Jak rantrè** » pou rive nan mo « **kanè a** »
 - Katriyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Tout moun** » pou rive nan mo « **men kado a** »
 - Senkyèm** elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Jak di** » pou rive nan mo « **li Kiko** »
- Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.
- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
 - Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 159. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)


Yon bèl Kado

Vakans pral rive. Jak pa ka tann kilè pou yo bay kanè. Tonton Pyè pwomèt li yon kado si li fè bèl mwayèn. Madi byen bonè, tout elèv yo ale lekòl la. Lè yo rive, yo sezi wè se kanè k ap bay. Tout elèv nan klas Jak la kontan. Y ap danse poutèt yo fè bèl mwayèn. Jak rantrè lakay li ak kè kontan. Li salye tout fanmi li epi li remèt kanè a. Tout moun di: "Bravo Jak, felisitasyon! Ou se yon gason entelijan". Tonton Pyè di: "Men kado a". Jak di: "Waw! Mési tonton. Se yon bèl ti chen! M ap rele li Kiko".

Kesyon




1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa Tonton Pyè te pwomèt Jak si li fè yon bèl mwayèn ?
3. Kisa elèv yo te sezi wè y ap bay lekòl la jou madi a ?
4. Poukisa elèv yo t ap danse nan klas la ?
5. Kisa Tonton Pyè te bay Jak ?
6. Èske Jak te renmen kado a ?
7. Ki non Jak bay ti chen li an?
8. Èske fè bèl mwayèn enpòtan ? Poukisa ?

M ap li mèl ale 2 A.F. 159



 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Yon bèl Kado


Vakans pral rive. Jak pa ka tann kilè pou yo bay kanè. Tonton Pyè pwomèt li yon kado si li fè bèl mwayèn. Madi byen bonè, tout elèv yo ale lekòl la. Lè yo rive, yo sezi wè se kanè k ap bay. Tout elèv nan klas Jak la kontan. Y ap danse poutèt yo fè bèl mwayèn. Jak rantre lakay li ak kè kontan. Li salye tout fanmi li epi li remèt kanè a. Tout moun di : "Bravo Jak, felisitasyon ! Ou se yon gason entelijan". Tonton Pyè di : "Men kado a". Jak di : "Waw ! Mèsi tonton. Se yon bèl ti chen ! M ap rele li Kiko".

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (8 mn)


-  Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Kisa Tonton Pyè te pwomèt Jak si li fè yon bèl mwayèn ?
 3. Kisa elèv yo te sezi wè y ap bay lekòl la jou madi a ?
 4. Poukisa elèv yo t ap danse nan klas la ?
 5. Kisa Tonton Pyè te bay Jak ?
 6. Èske Jak te renmen kado a ?
 7. Ki non Jak bay ti chen li an ?
 8. Èske fè bèl mwayèn enpòtan ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)


Egzèsis # 2 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 147 pou fè egzèsis # 2 a.


- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 147 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.


Egzèsis # 3 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 147 pou fè egzèsis # 3 a.


- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 147 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.

Leson 68

1-Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

nan lakou a. - papa Katya a - Machin

2-Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Vakans pral _____.

b) Jak pa ka _____ kilè pou yo bay kanè.

c) Tonton Pyè _____ li yon _____ si li fè bèl mwayèn.

3-Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

M ap li mèt ale - 2 AF 147


Leson 68

Leson 68

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.

- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 69

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 69, paj 160 - 161
Kaye egzèsis, leson 69, paj 148
Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)


1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Tout timoun renmen joko,
Li repete mo menm jan ak yo.
An n pwoteje tout zwazo.
Pou lanati kontan.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (2 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple li?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : konbit – wouze – pyebwa – lave – enpòtan – rivyè – pwoteje – savon.

☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

Kouye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kouye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 160 la.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 160 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ Kouye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ Kouye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 160 la.

☞ Kouye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ Kouye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.


Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.


☞ Kouye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.



Dezyèm pati leson an (45 mn)

Tranzisyon (1 mn)

-  *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*


Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (36 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)


Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « konbit ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « konbit »?

 *Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*


- ☞ **Konbit vle di: Rasanbleman moun ki mete tèt ansanm pou fè yon travay tankou travay latè.**

 *Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*

- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**


 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « konbit » aloral.*

- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « konbit »?**

 *Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « konbit » pou elèv yo sou tablo a.*

Egzanp:

Katya renmen al nan konbit plante pyebwa.

 *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « konbit ».*


Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (8 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.**

 *Ekri 2 mo yo sou tablo a davans: konbit – rasanbleman.*

- ☞ **Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo: konbit ak rasanbleman pou nou di sa nou panse sou 2 mo sa yo.**

 *Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo konbit ak mo rasanbleman. Pase verifye si tout elèv ap travay. Mande elèv yo:*

- ☞ **Kiyès ki ka di klas la sa li panse sou 2 mo sa yo: konbit ak rasanbleman?**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo:*

- ☞ **Mo konbit vle di: rasanbleman moun ki reyini pou fè yon travay.**

Mo rasanbleman vle di: lè moun reyini pou fè yon travay.

Sa vle di mo konbit ak mo rasanbleman genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.


Egzanp:

Elèv yo ale nan konbit bò plas la.

Elèv yo ale nan rasanbleman bò plas la.

- ☞ Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.
- ☞ **Kiyès ki li fraz ki sou tablo a byen fò pou klas la?**
 - ☞ Apre sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande elèv yo ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo : konbit ak rasanbleman.
- ☞ **Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki genyen menm sans ak mo « konbit » epi « rasanbleman » pou klas la nan menm jan ak modèl ki sou tablo a?**
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme yo sou tablo a. Apre sa, mande tout klas la li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesèsè. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.

Leson 69



▲ enpòtan - jedi - elèv - Katya - Erik - manman - savon
 - bravo - pyebwa - peyi - anpil - rivyè - konbit - mèsi

● kòmanse - pale - mande - leve - kanpe - lave - wouze
 - reponn - genyen - bwè - pwoteje

● Yon jedi, mè Michèl kòmanse pale ak klas la sou enpòtans dlo.
 Li mande elèv yo : "Kisa nou konn fè ak dlo ?"

160 M ap li mèl ale 2 A.F.

3. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 160.**
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ **Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**
 - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
- Premye elèv la ap kòmanse nan mo « *Yon jedi* » pou rive nan mo « *ak dlo ?* »**
- Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « *Katya leve* » pou rive nan mo « *plant yo* »**
- Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « *Mèt Michèl* » pou rive nan mo « *ak pyebwa* »**
- Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « *Nan peyi* » pou rive nan mo « *bwè dlo trete* »**
- Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « *Men fòk* » pou rive nan mo « *Mèt Michèl ?* »**
- Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.
 - Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
 - Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 161. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz**

Dlo enpòtan anpil !

Yon jedi, mè Michèl kòmanse pale ak klas la sou enpòtans dlo. Li mande elèv yo : "Kisa nou konn fè ak dlo ?" Katya leve men l, li di : "Mwen konn bwè dlo". Erik kanpe, li di : "Manman m konn lave ak dlo ak savon". David di : "Nou sèvi ak dlo pou nou wouze plant yo". Mèt Michèl di : "Bravo timoun, nou byen reponn. Dlo enpòtan nan lavni moun, bièt ak pyebwa. Nan peyi nou, genyen anpil sous dlo ak bèl rivyè. Erik di : "Èske nou ka bwè dlo sous ak dlo rivyè ?" Mèt Michèl reponn : "Non ! Nou dwe bwè dlo trete. Men fòk nou fè konbit pou nou pwoteje sous nou yo". Elèv yo bat yon gwo bravo, yo di : "Mèsi mè Michèl !"


Leson 69

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou istwa a ap pase ?
3. Dapre Katya ak Emil, kisa moun konn fè ak dlo ?
4. Kisa David te di ?
5. Èske elèv yo te byen reponn ? Poukisa ?
6. Poukisa dlo enpòtan pou pyebwa ?
7. Ki dlo nou dwe bwè ? Poukisa ?
8. Kisa nou ka fè pou nou pwoteje sous nou yo ?




M ap li mèl ale 2 A.F. 161

ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)



 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Dlo enpòtan anpil!

Yon jedi, mè Michèl kòmanse pale ak klas la sou enpòtans dlo. Li mande elèv yo : "Kisa nou konn fè ak dlo ?" Katya leve men l, li di : "Mwen konn bwè dlo". Erik kanpe, li di : "Manman m konn lave ak dlo ak savon". David di : "Nou sèvi ak dlo pou nou wouze plant yo". Mèt Michèl di : "Bravo timoun, nou byen reponn. Dlo enpòtan nan lavi moun, bèt ak pyebwa. Nan peyi nou, genyen anpil sous dlo ak bèl rivyè. Erik di : "Èske nou ka bwè dlo sous ak dlo rivyè ?" Mèt Michèl reponn : "Non ! Nou dwe bwè dlo trete. Men fòk nou fè konbit pou nou pwoteje sous nou yo". Elèv yo bat yon gwo bravo, yo di : "Mèsi mè Michèl !"

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.





6. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?

2. Ki jou istwa a ap pase ?
3. Dapre Katya ak Emil, kisa moun konn fè ak dlo ?
4. Kisa David te di ?
5. Èske elèv yo te byen reponn ? Poukisa ?
6. Poukisa dlo enpòtan pou pyebwa ?
7. Ki dlo nou dwe bwè ? Poukisa ?
8. Kisa nou ka fè pou nou pwoteje sous nou yo ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 148 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral ranplase yon mo pa yon lòt mo ki genyen menm sans avèk li. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 148 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi youn nan mo ki nan bwat la, ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la). Nou konprann ? Kòmanse !**
-  Fè elèv yo li premye fraz la. Apre sa, fè yo li tout mo ki nan bwat la. Epi fè yo chwazi mo ki genyen menm sans ak mo ki souliye a pou yo konplete dezyèm fraz la. Si yo genyen difikilte, ede yo.
- Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi nan bwat la pou konplete dezyèm fraz la. Si elèv yo pa jwenn bon mo a, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon mo a pou konplete fraz la. Mande elèv la poukisa se mo sa a li chwazi.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi nan bwat la pou li konplete dezyèm fraz la ? Poukisa se mo sa a ou chwazi ?**
-  Ekri dezyèm fraz la ak mo ki kòrèk la sou tablo a pou tout klas la. Fè elèv yo li fraz la byen fò. Felisite, ankouraje tout elèv yo.

Leson 69

1- Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.

epòk - konbit - jwèt

1- Gen yon rasanbleman pou plante pyebwa.

2- Gen yon _____ pou plante pyebwa.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.




a) Dlo enpòtan nan lavi _____, bèt ak _____.


b) Erik di: "Èske nou ka bwè dlo _____ ak dlo _____?"

c) Mèt Michèl reponn: "Non ! Nou dwe _____ dlo trete".



148 Kaye egzèsis

Egzèsis # 2 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 148 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 148 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann ? Kòmanse !**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo ?**

-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo. Si elèv yo genyen difikilte, reprann fraz ki genyen rapò ak fraz elèv yo genyen pou konplete yo.

Aktivite 5 **Evalyasyon (2 mn)**

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 70 Revizyon

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Ekri mo byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

- Liv lekti, leson 70, paj 162 - 163
- Kaye egzèsis, leson 70, paj 149
- Kaye bouyon, kreyon, gòm





Premye pati leson an (15 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin



-  Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.
-  Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.

Mwen santi m byen lekòl.
Mwen etidye, mwen fè devwa m.
Tout pwofesè felisite m.
Mwen renmen lekòl.


-  Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
-  Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (12 mn)

1. Lektè mo nan liv lekti (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 162 a.
-  Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 162 pou nou ka li mo ki nan liy melon

Leson 70



▲ Jako - Emil - kote - koulè - zwazo - anpil - lesan - toujou - manje - kamarad - enteljan - zanmi.
 ● achte - repete - renmen - deside - etidye - pale - eksplike - rele - tande
 ☹️ Jako a gen bèk long.
 ☹️ Plim kò li vèt, plim nan ke li koulè wouj ak vèt.
 Jako a enteljan anpil, li rele Emil lè li tande vwa l.

162 W ap li nèk ale 2 A.F.

an ak liy mango a 2 pa 2.

- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 162 a.
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
 - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati lesan an (43 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati lesan an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (33 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

- ☞ Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 lesan anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.
- ☞ **Ki elèv nan klas ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo?**
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, raple sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.

Egzèsis # 1 (3 mn)

Leson 70 Revizyon

1- Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Konpliman	<ul style="list-style-type: none"> Pawòl pou ankouraje yon moun lè li fè yon bon aksyon. Se yon zwazo.
Konbit	<ul style="list-style-type: none"> Rasanbleman moun ki mete tèt ansanm pou fè yon travay tankou travay latè. Se yon pyebwa ki bay anpil fwi.

2- Ekrri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.
 Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

3- Ekrri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

M ap li nèl ale - 2 AF 149

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 149 pou fè egzèsis # 1 an. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ **Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 149 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann? Kòmanse!**

Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, fè yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.

☞ **Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote li yo pou klas la?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo a ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.

☞ **Ki fraz nou wè ki bay sans mo a?**


Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan pou lòt mo yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a?**

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz yo chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije ansanm ak tout klas la.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Leson 70



▲ Jako - Emil - kote - koulè - zwazo - anpil - leson - toujou - manje - kamarad - entelijan - zanmi.

🍌 achte - repete - renmen - deside - etidye - pale - eksplike - rele - tande

🐦 Jako a gen bèk long.

🐣 Plim kò li vèt, plim nan ke li koulè wouj ak vèt. Jako a entelijan anpil, li rele Emil lè li tande vwa l.

162 M ap li nèl ale 2 A.F.

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 162.**

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:

☞ **Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou li? Kisa l ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo «**Papa Emil**» pou rive nan mo «**renmen l**»

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo «**Li repete**» pou rive nan mo «**apre l**»

Jako Papa Emil la.

Papa Emil achte yon bèl jako. Li gen bèk long. Plim kò li vèt, plim nan ke li koulè wouj ak vèt. Se yon bèl zwazo, anpil moun renmen l. Li repete tout sa moun di fò bò kote l. Emil decide fè Jako a repete leson li yo. Lè Emil ap etidye, li pale fò, jako a repete apre l. Jako a toujou repete fraz yo byen klè. Emil renmen jako a anpil. Li toujou ba li manje. Emil renmen eksplike kamarad li yo sa jako a fè. Jako a entelijan anpil, li rele Emil lè li tande vwa l. Emil ak jako a se de (2) bon zanmi.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jan jako a ye ?
3. Kilè Emil fè zwazo a repete leson li yo ?
4. Kòman jako a repete fraz yo ?
5. Kisa Emil toujou bay jako a ?
6. Kisa Emil eksplike kamarad li yo ?
7. Kisa jako a fè lè li tande vwa Emil ?
8. Poukisa Emil ak jako a se de (2) bon zanmi ?

Map li mèt ale 2 A.F. 163

Leson 70

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Jako a toujou » pou rive nan mo « manje »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « Emil renmen » pou rive nan mo « bon zanmi »


Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.




Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 163. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**


 *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*

Jako Papa Emil lan.

Papa Emil achte yon bèl jako. Li gen bèk long. Plim kò li vèt, plim nan ke li koulè wouj ak vèt. Se yon bèl zwazo, anpil moun renmen l. Li repete tout sa moun di fò bò kote l. Emil decide fè Jako a repete leson li yo. Lè Emil ap etidye, li pale fò, jako a repete apre l. Jako a toujou repete fraz yo byen klè. Emil renmen jako a anpil. Li toujou ba li manje. Emil renmen eksplike kamarad li yo sa jako a fè. Jako a entelijan anpil, li rele Emil lè li tande vwa l. Emil ak jako a se de (2) bon zanmi.


- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.


- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Ki jan jako a ye ?
 3. Kilè Emil fè zwazo a repete lesan li yo ?
 4. Kòman jako a repete fraz yo ?
 5. Kisa Emil toujou bay jako a ?
 6. Kisa Emil eksplike kamarad li yo ?
 7. Kisa jako a fè lè li tande vwa Emil ?
 8. Poukisa Emil ak jako a se de (2) bon zanmi ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)


Egzèsis # 2 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 149 pou fè egzèsis # 2 a.


- ☞ Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 149 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann? Kòmanse!

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.


Egzèsis # 3 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 149 pou fè egzèsis # 3 a.

- ☞ Nou pral kopye fraz. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 149 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo). Reli istwa ki nan liv la pou nou ka jwenn de (2) dènye fraz yo. Nou konprann? Kòmanse!

 Bay elèv yo 5 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo jwenn premye ak dezyèm fraz ki nan istwa a.

- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la

Leson 70 Revizyon

1-Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Konpliman	• Pawòl pou ankouraje yon moun lè li fè yon bon aksyon. • Se yon zwazo.
Konbit	• Rasanbleman moun ki mete tèt ansanm pou fè yon travay tankou travay latè. • Se yon pyebwa ki bay anpil fwi.


2-Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.
Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

3-Ekri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.




Leson 70

M ap li mèl ale - 2 AF 149

premye ak dezyèm fraz yo te ekri dapre istwa a ?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz yo te ekri yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
-  Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a ?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 71

Objektif:

Konprann yon devinèt
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral epi alekri



Materyèl:

Liv lekti, leson 71, paj 164 - 165
Kaye egzèsis, leson 71, paj 150
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (26 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt

-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*


Mwen renmen libète.

Mwen gen zèl pou m vole.

Mwen fè nich sou pyebwa.

Timoun renmen tann pyèj pou kenbe mwen.

Kisa mwen ye ? (Repons : Zwazo)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

- ☁ *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: peyi – konstwi – lennmi – endepandans – vizite – pwoteje – kanno – boulèt.*
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
- ☁ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.*


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

- ☁ *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 164 la.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 164 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☁ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☁ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☁ *Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☁ *Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 164 la.*
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☁ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☁ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☁ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

Leson 71



▲ rekreyasyon - elèv - foto - zansèt - endepandans - poukisa - konsa - Fèmat - lennmi - anndan - anpil - boulèt - istwa - peyi - kanno

🔥 rantrè - kole - rele - pwoteje - konstwi - renmen - vizite - sonje


👤 Yo wè mèl la kole yon gwo foto sou mi an.

👤 Se yon kay yo te fè pou pwoteje peyi a kont lennmi.


164 Map li nèt ale 2 A.F.

Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)


Egzèsis # 1 (5 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 150 pou fè egzèsis # 1 an. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.


☞ **Nou pral kopye mo ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 150 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la pou n ka kopye mo a. Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li ekri nan kaye li a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

Leson 71

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

zansèt - endepandans - konstwi - pwoteje - rekreyasyon -	kanno
--	-------

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

Mèt Michèl reponn : "Se yon fò ki sou tèt mòn _____".

Mèt Michèl reponn : "Se _____ nou yo ki te fè li apre endepandans peyi a".

Anpil moun _____ fò nou yo.


3- Ekri non tout pèsanaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.

Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

150 Kaye egzèsis

Dezyèm pati leson an (39 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.


Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)


Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « fò ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « fò »?

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:


☞ **Fò vle di: Yon gwo kay kote sòlda rete epi ki fèt pou pwoteje peyi ak moun.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « fò » aloral.

☞ **Kiyès ki ka fòme yon fraz epi di l pou klas la ak mo « Fò »?**

 Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « fò » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:

Nan fò Sitadèl genyen anpil zam ak gwo pyès kanno.

 Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòm ak mo « fò ».


Repons posib :




(1) Bò lakay mwen gen yon fò Desalin te konstwi. (2) Mwen renmen vizite fò paske sa fè m sonje batay lontan yo.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil ki sanble ak fraz ki nan « repons posib » yo.

Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Leson 71




-  rekreyasyon - elèv - foto - zansèt - endepandans - poukisa - kansa - Fèmat - lennmi - anndan - anpil - boulèt - istwa - peyi - kanno
-  rantrè - kole - rele - pwoteje - konstwi - renmen - vizite - sonje
-  Yo wè mèl la kole yon gwo foto sou mi an.
Se yon kay yo te fè pou pwoteje peyi a kont lennmi.

164 Map li nèt ale 2 A.F.


2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

 Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 164.


 Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

 Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

 Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

 Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon jou madi** » pou rive nan mo « **mi an** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Katya mande** » pou rive nan mo « **Fò Jak** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **David mande** » pou rive nan mo « **peyi a** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Katya mande** » pou rive nan mo « **lennmi** »


Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Anndan li** » pou rive nan mo « **peyi nou** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 165. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

 Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3

Fò Jak


Yon Jou madi apre rekreyasyon, elèv yo rantrè nan klas la. Yo wè mèl la kole yon gwo foto sou mi an. Katya mande : "Kisa gwo kay sa a ye ?" Mèt Michèl reponn : "Se yon fò ki sou tèt mòn Fèmat. Yo rele li Fò Jak". David mande : "Kiyès ki konstwi li ?" Mèt Michèl reponn : "Se zansèt nou yo ki te fè li apre endepandans peyi a". Katya mande : "Poukisa yo fè yon gwo kay kansa sou tèt yon mòn ?" Mèt Michèl reponn : "Se yon kay yo te fè pou pwoteje peyi a kont lennmi. Anndan li te gen anpil zam ak anpil boulèt kanno. Anpil moun renmen vizite fò nou yo. Fò yo fè nou sonje istwa peyi nou".

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou istwa a te pase ?
3. Kisa mèl la te kole sou mi an ?
4. Ki jan fò a rele ?
5. Kiyès ki te konstwi fò a ?
6. Poukisa yo te konstwi fò a ?
7. Kisa yo te mete anndan fò a ?
8. Kisa fò yo fè nou sonje ?
9. Èske nou konn vizite fò ? Eksplike kòman vizit la te ye ?




Map li nèt ale 2 A.F. 165

mn)



 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Fò Jak

Yon jou madi apre rekreyasyon, elèv yo rantre nan klas la. Yo wè mèt la kole yon gwo foto sou mi an. Katya mande : "Kisa gwo kay sa a ye ?" Mèt Michèl reponn : "Se yon fò ki sou tèt mòn Fèmat. Yo rele li Fò Jak". David mande : "Kiyès ki konstwi li ?" Mèt Michèl reponn : "Se zansèt nou yo ki te fè li apre endepandans peyi a". Katya mande : "Poukisa yo fè yon gwo kay konsa sou tèt yon mòn ?" Mèt Michèl reponn : "Se yon kay yo te fè pou pwoteje peyi a kont lennmi. Anndan li te gen anpil zam ak anpil boulèt kanno. Anpil moun renmen vizite fò nou yo. Fò yo fè nou sonje istwa peyi nou".

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (9 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Ki jou istwa a te pase ?
 3. Kisa mèt la te kole sou mi an ?
 4. Ki jan fò a rele ?

5. Kiyès ki te konstwi fò a ?
6. Poukisa yo te konstwi fò a ?
7. Kisa yo te mete anndan fò a ?
8. Kisa fò yo fè nou sonje ?
9. Èske nou konn vizite fò ? Eksplike kòman vizit la te ye ?

Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis #2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 150 pou fè egzèsis #2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 150 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann ? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo ?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

Leson 71

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

zansèt - endepandans - konstwi - pwoteje - rekreyasyon - kanno

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

Leson 71
Mèt Michèl reponn : "Se yon fò ki sou tèt mòn _____".
Mèt Michèl reponn : "Se _____ nou yo ki te fè li apre endepandans peyi a".
Anpil moun _____ fò nou yo.



3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.
Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

150 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 150 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 150 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann ? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo ?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.

Aktivite 6 **Evalyasyon (2 mn)**

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*

Leson 72

Objektif:

Eksprime opinyon sou yon tèm
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

Liv lekti, leson 72, paj 166 - 167
Kaye egzèsis, leson 72, paj 151
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (21 mn)




Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kozri (3 mn)




-  Mande elèv yo pale sou kanaval.
-  Kounye a, nou pral pale sou kanaval. N ap di ki jan li fèt, ki koulè rad moun yo mete, kisa kanaval la ye. N ap di èske nou renmen kanaval, epi poukisa.
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou kanaval.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)


1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

-  Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: twonpèt – mwayèn – manman – mizik – fredone – anbrase – kondisyon – peye.
-  Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 166 la.
-  Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 166 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

Leson 72



▲ mizik - samdi - fanfa - lakay - tèlman - toujou - manman - twonpèt - poutèt - kondisyon - mwàyèn - twazyèm - trimès
 ● aprann - pase - fredone - mande - pote - travay - achte - peye - anbrase
 ☺ Mizik la tèlman bèl, David toujou ap fredone l.
 ☺ Manman an kontan anpil, li achte yon twonpèt pou David.
 Li peye yon kou mizik pou li tou.

166 M ap li nèt ale 2 A.F.

☺ **Koune a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☺ **Koune a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 166 la.

☺ **Koune a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☺ **Koune a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☺ **Koune a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (41 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Koune a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « fanfa ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « fanfa »?


☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

☺ **Fanfa vle di: Gwoup mizisyen ki ap jwe gwo kès ak tout enstriman moun ka soufle.**

☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

☺ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

Leson 72



▲ mizik - samdi - fanfa - lakay - tèlman - toujou - manman - twonpèt - poutèt - kondisyon - mwayèn - twazyèm - trimès
 🍌 aprann - pase - fredone - mande - pote - travay - achte - peye - anbrase
 🍌 Mizik la tèlman bèl, David toujou ap fredone l.
 🍌 Manman an kontan anpil. Li achte yon twonpèt pou David.
 Li peye yon kou mizik pou li tou.

166 Map li nèt ale 2 A.F.

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « fanfa » aloral.

☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « fanfa » ?

☁ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « fanfa » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Fanfa lekòl la te jwe nan dizwi (18) me

☁ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « fanfa ».

Repons posib :

(1) Papa m jwe nan fanfa legliz la paske li renmen sa.

(2) Mwen renmen gade lè fanfa ap pase nan lari a.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil ki sanble ak fraz ki nan « repons posib » yo.

Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 166.

☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☁ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☁ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon samdi** » pou rive nan mo « **jwe mizik** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li mande** » pou rive nan mo « **kay la** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Nan twazyèm** » pou rive nan mo « **manman l** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Manman an kontan** » pou rive nan mo « **pou li tou** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **David tèlman** » pou rive nan mo « **manman cheri!** »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

David vle aprann mizik

Yon samdi, David wè yon fanfa ap pase bò lakay li. Mizik la tèlman bèl, David toujou ap fredone l. Poutèt sa, li anvi aprann jwe mizik. Li mande manman l achte yon twonpèt pou li. Manman l dakò ak yon kondisyon. Fòk David pote yon bèl mwayèn nan kay la. Nan twazyèm trimès la, David travay byen. Li pote yon bèl mwayèn pou manman l. Manman an kontan anpil, li achte yon twonpèt pou David. Li peye yon kou mizik pou li tou. David tèlman kontan, li anbrase l. Apre sa, li di: "Mèsi manman cheri!"

Kesyon

1. Ki kote David wè fanfa a ap pase ?
2. Lè fanfa a fin pase, kisa David kontinye fè ?
3. Poukisa David anvi aprann jwe mizik ?
4. Kisa David te mande manman l achte pou li ?
5. Ki kondisyon manman David pote avè l ?
6. Ki rekonsan manman David te ba li ?
7. Kisa David fè lè manman l fin achte twonpèt la pou li epi enskri l nan kou mizik la ?

M ap li nèt ale 2 A.F.

167

Leson 72

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 167. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*

David vle aprann mizik

Yon samdi, David wè yon fanfa ap pase bò lakay li. Mizik la tèlman bèl, David toujou ap fredone l. Poutèt sa, li anvi aprann jwe mizik. Li mande manman l achte yon twonpèt pou li. Manman l dakò ak yon kondisyon. Fòk David pote yon bèl mwayèn nan kay la. Nan twazyèm trimès la, David travay byen. Li pote yon bèl mwayèn pou manman l. Manman an kontan anpil, li achte yon twonpèt pou David. Li peye yon kou mizik pou li tou. David tèlman kontan, li anbrase l. Apre sa, li di: "Mèsi manman cheri!"

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
☞ *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
☞ *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
☞ *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

Leson 73

Objektif:

Entèprete tèks powetik
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Pwodui mo, fraz ak tèks dapre imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 73, paj 168 - 169
Kaye egzèsis, leson 73, paj 152
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (33 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*



Sous dlo


Sous dlo wouze pyebwa.

Toupatou se lespwa.

An nou plante pyebwa.


Pou sous dlo toujou la.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi 2 elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan y ap fè jès ki mache ak pwezi a.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**


 Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.

 **Bravo! Nou te byen travay!**

2. Rapèl (2 mn)


 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.

 **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple li?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (28 mn)


1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

 Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: bibliyotèk – renmen – albòm – rakonte – kamarad – randevou – kalite – prete.


 **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 168 la.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 168 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 168 la.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak

Leson 73



 zanmi - anpil - vandredi - toujou - bibliyotèk - lekòl
 - desen - albòm - kalite - kamarad - istwa - kòman - entèresan - randevou
 renmen - prete - genyen - rele - rive - rakonte - eksplik
 Emil, Alina ak Fara se twa (3) bon zanmi.
 Yo toujou prete liv pou yo ale li lakay yo.
 Depi lè sa a, randevou kase chak vandredi nan bibliyotèk lekòl la.

168 Map li nèt ale 2 A.F.

dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

4. Rekonèt, fòme, ekri fraz (10 mn)

Rekonèt fraz (6 mn)

☁ *Ekri gwoup mo sa yo andezòd sou tablo a davans pou aprann elèv yo ranje mo nan lòd pou fòme fraz epi pou konnen wòl kèk mo nan yon fraz.*

☞ **Kounye a, nou pral fòme fraz. Men yon gwoup mo andezòd : yon liv – prete – Emil – nan bibliyotèk la.**

Mete gwoup mo sa nan lòd pou nou fè yon fraz.

☁ *Bay elèv yo 1 minit pou li mo yo ki sou tablo a byen fò ansanm. Touche mo yo jan yo ye sou tablo a pou elèv yo.*

☞ **Anvan nou fòme fraz la nou pral li mo yo ansanm. Nou konprann ?**

☁ *Li mo yo ansanm ak elèv yo byen fò pandan 1 minit. Epi poze yo kesyon sa yo pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la : non moun ki genyen nan fraz la, aksyon moun sa yo pral fè epi ki kote yo prale.*

☞ **Ki non moun nou jwenn nan gwoup mo ki andezòd la ?**

☁ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib :

(1) Emil

*Ekri «**Emil**» sou tablo a.*

☞ **Kisa Emil fè ?**

☁ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib :

(2) Emil prete .

*Ekri «**prete**» sou tablo a.*

☞ **Kisa Emil prete ?**

☁ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib :

(3) Emil prete **yon liv**.

Ekri «yon liv» sou tablo a.

☞ **Ki bò Emil prete yon liv (liv la) ?**

☁ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.*

Repons posib :

(3) Emil prete yon liv **nan bibliyotèk la**.

☁ *Ekri «nan bibliyotèk la» sou tablo a.*

☞ **Premye mo nou jwenn nan fraz la se : Emil. Emil se moun ki pral fè aksyon an nan fraz la.**

Apre sa, nou jwenn yon mo ki se : prete. Li fè w konnen kisa Emil fè.

Lòt gwoup mo nou jwenn nan fraz la se : yon liv. Li fè nou konnen kisa Emil prete a.

Dènye gwoup mo nou jwenn nan fraz la se : nan bibliyotèk la. Gwoup mo sa a fè nou konnen kibò Emil prete liv la.

Leson 73

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

li, - Fara - ranmen - Emil, - Alina - ak

2- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a) Chak lendi, yo rive lekòl la byen _____.






b) Tout elèv vin _____ ale _____ nan bibliyotèk la.

c) Depi lè sa a, randevou kase chak vandredi nan lekòl la.

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.


152 Kaye egzèsis

Egzèsis # 1 (4 mn)

-  *Ekri fraz la sou tablo a: Emil prete yon liv nan bibliyotèk la. Mande 2 elèv li fraz la 2 fwa. Epi antoure lèt majiskil ki kòmanse fraz la ak pwen ki fini fraz la.*
- ☞ **Yon fraz se plizyè mo ki ranje nan yon lòd epi ki gen sans. Li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li toujou fini ak yon pwen.**
-  *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 152 pou fè egzèsis # 1 an.*
- ☞ **Nou pral fòme fraz ak gwoup mo ki andezòd nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 152 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou n ka fòme fraz la. Nou konprann? Kòmanse!**
-  *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li fòme a pou klas la?**
-  *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz yo fòme a. Si yo genyen difikilte fè yon lòt elèv poze l kesyon pou ede li jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. Toujou ede elèv la pou li ka jwenn kesyon yo. Oubyen poze tout klas la kesyon yo pou yo ka jwenn ansanm pati ki genyen nan fraz la.*





Dezyèm pati leson an (38 mn)

Tranzisyon (1 mn)

-  *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « Istwa ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « Istwa »?**
-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*
 - ☞ **Istwa vle di: Yon evènman ki te pase yo rakonte nan yon liv.**
 -  *Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*
 - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
 -  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « istwa » aloral.*
 - ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « istwa »?**
 -  *Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « istwa » pou elèv yo sou tablo a.*

Leson 73



▲ zanmi - anpil - vandredi - toujou - bibliyotèk - lekòl
 - desen - albòm - kalite - kamarad - istwa - kòman - entèrèsan - randevou
● renmen - prete - genyen - rele - rive - rakonte - eksplike
● Emil, Alina ak Fara se twa (3) bon zanmi.
 Yo toujou prete liv pou yo ale li lakay yo.
 Depi lè sa a, randevou kase chak vandredi nan bibliyotèk lekòl la.
 168 Map li mèt ale 2 A.F.

Zanmi yo renmen li

Emil, Alina ak Fara se twa (3) bon zanmi. Yo renmen li anpil. Chak vandredi, yo toujou ale nan bibliyotèk lekòl la pou yo li. Emil ak Alina renmen li liv ki genyen desen ak istwa kout. Yo rele ti liv sa yo albòm. Fara li menm renmen li tout kalite liv. Yo toujou prete liv pou yo ale li lakay yo. Chak lendi, yo rive lekòl la byen bonè. Yo rakonte kamarad yo bèl istwa yo te li yo. Yo eksplike kòman liv yo entèrèsan. Tout elèv vin renmen ale li nan bibliyotèk la. Depi lè sa a, randevou kase chak vandredi nan bibliyotèk lekòl la.

Kesyon

1. Kisa Emil, Alina ak Fara renmen fè ?
2. Ki jou nan semèn nan yo prete liv nan bibliyotèk la ?
3. Poukisa Fara ale nan bibliyotèk la ?
4. Kisa elèv yo fè ak liv yo prete nan bibliyotèk la ?
5. Kòman yo rele liv ki gen desen ak istwa kout nan yo ?
6. Èske se sèl albòm Fara renmen li ?
7. Kisa yo rakonte kamarad yo jou lendi ?
8. Poukisa tout elèv yo al li nan bibliyotèk la ?

169 Map li mèt ale 2 A.F.

Egzanp :

Papa m rakonte m yon bèl istwa sou zansèt yo.

Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Istwa ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 168.**

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ **Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « Emil » pou rive nan mo « yo li »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Emil ak Alina » pou rive nan mo « kalite liv. »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Yo toujou » pou rive nan mo « te li yo »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Yo eksplike » pou rive nan mo « lekòl la »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.




Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 169. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**



Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Zanmi yo renmen li

Emil, Alina ak Fara se twa (3) bon zanmi. Yo renmen li anpil. Chak vandredi, yo toujou ale nan bibliyotèk lekòl la pou yo li. Emil ak Alina renmen li liv ki genyen desen ak istwa kout. Yo rele ti liv sa yo albòm. Fara li menm renmen li tout kalite liv. Yo toujou prete liv pou yo ale li lakay yo. Chak lendi, yo rive lekòl la byen bonè. Yo rakonte kamarad yo bèl istwa yo te li yo. Yo eksplike kòman liv yo enteresan. Tout elèv vin renmen ale li nan bibliyotèk la. Depi lè sa a, randevou kase chak vandredi nan bibliyotèk lekòl la.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Kisa Emil, Alina ak Fara renmen fè ?
 2. Ki jou nan semèn nan yo prete liv nan bibliyotèk la ?
 3. Poukisa Fara ale nan bibliyotèk la ?
 4. Kisa elèv yo fè ak liv yo prete nan bibliyotèk la ?
 5. Kòman yo rele liv ki gen desen ak istwa kout nan yo ?
 6. Èske se sèl albòm Fara renmen li ?
 7. Kisa yo rakonte kamarad yo jou lendi ?
 8. Poukisa tout elèv yo al li nan bibliyotèk la?

Leson 74

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 74, paj 170 - 171
Kaye egzèsis, leson 74, paj 153
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

1. kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*



Lapli

Lapli tonbe, plant yo pouse !



Se pa toutan lapli fè byen.

Li konn mete dlo nan je.

Lè li tonbe anpil, rivyè yo debòde.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (2 mn)

-  *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li anvan an.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

- ☞ *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : nenpòt – konpòs – samdi – pouse – konsèy – wouze – semans – plastik.*
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.*

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 170 la.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 170 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ *Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 170 la.*
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

Leson 74



▲ nenpòt - devan - mache - konsèy - konpòs - sachè
 - lapli - plastik - semans - ekzanp - lakay - samdi -
 ladrès

● plante - pouse - montre - prepare - suiv - wouze -
 mete - achte - aprann - soti

● Tout moun di li gen don plante.
 Li bon pou gramoun ak timoun aprann kòman yo plante.

170 Map li nèt ate 2 A.F.

Dezyèm pati leson an (41 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « plan ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « plan »?

- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ Plan vle di: Grenn pyebwa oswa rasin yon moun chwazi pou li plante oubyen pou li fè jaden.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
 - ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « plan » aloral.
 - ☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « plan »?
 - ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « plan » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:

Papa Katya ap prepare plan bannann pou li vann nan mache.

- ☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « plan ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesese. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 170.
- ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- ☞ Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodi mo, fraz, tèks dapre desen sou tablo (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo di kèk mo ki genyen rapò ak imaj yo sot dekri a. Ekri chak mo elèv yo di yo sou tablo a byen gwo apre sa fè yo eple mo yo.
- ☞ Kounye a, nou pral di kèk mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri a. M ap ekri chak mo nou di yo sou tablo a apre sa n ap eple yo.
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di mo yo. Apre sa, chwazi kèk lòt elèv pou eple mo.

Leson 74



▲ nenpòt - devan - mache - konsèy - konpòs - sachè -
- lapli - plastik - semans - egzanp - lakay - samdi -
ladrès

🍷 plante - pouse - montre - prepare - suiv - wouze -
mete - achte - aprann - soti


👤 Tout moun di li gen don plante.

👨‍🌾 Li bon pou granmoun ak timoun aprann kòman yo plante.

170


Map li mèt ale 2 A.F.

- ☞ Kounye a, nou pral fòme kèk fraz ki genyen rapò ak mo nou te di yo ki te genyen rapò ak imaj nou te dekri a.

 Touche chak mo ki sou tablo a epi mande elèv yo fè yon fraz ak chak mo ou touche yo. Ekri fraz elèv yo fè yo sou tablo a apre sa fè yo li yo. Sonje kòmanse fraz yo ak yon lèt majiskil pou fini ak yon pwen. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo ou touche yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- ☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Papa Katya** » pou rive nan mo « **don plante** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Se papa li** » pou rive nan mo « **fèy ki tonbe** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li mete konpòs** » pou rive nan mo « **yo pouse** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li mete yo** » pou rive nan mo « **pou plante** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Se youn bèl** » pou rive nan mo « **kòman yo plante** »


Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 171. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Bon men pou plante

Papa Katya ak Emil gen bon men pou plante. Nenpòt plant li plante, li pouse byen vit. Tout moun di li gen don plante. Se papa li ki montre l prepare tè. Li suiv tout konsèy yo. Lè pa gen lapli, li wouze. Li prepare konpòs ak fèy ki tonbe. Li mete konpòs yo nan sachè plastik. Li mete grenn semans nan yo. Lè plan yo jèmen, plant yo pouse. Li mete yo devan lakay li. Chak samdi, moun ki soti nan mache vin achte. Papa Emil ak Katya gen anpil ladrès pou plante. Li bon pou granmoun ak timoun aprann kòman yo plante.

Kesyon

1. Ki don papa Katya ak Emil genyen ?
2. Poukisa yo di papa Emil ak Katya gen bon men ?
3. Poukisa yo di papa Emil ak Katya gen don sa ?
4. Kiyès ki montre papa Emil ak Katya prepare tè ?
5. Ak kisa yo prepare konpòs ?
6. Kisa ki fè plant papa Emil ak Katya yo pouse konsa ?
7. Kisa li fè avèk plant yo apre ?
8. Èske nou ta renmen aprann plante ? Poukisa ?

W ap li mèl ale 2 A.F.

171

Bon men pou plante

Papa Katya ak Emil gen bon men pou plante. Nenpòt plant li plante, li pouse byen vit. Tout moun di li gen don plante. Se papa li ki montre l prepare tè. Li suiv tout konsèy yo. Lè pa gen lapli, li wouze. Li prepare konpòs ak fèy ki tonbe. Li mete konpòs yo nan sachè plastik. Li mete

greenn semans nan yo. Lè plan yo jèmen, plant yo pouse. Li mete yo devan lakay li. Chak samdi, moun ki soti nan mache vin achte. Papa Emil ak Katya gen anpil ladrès pou plante. Li bon pou granmoun ak timoun aprann kòman yo plante.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 - ☞ Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 - ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 - ☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

- ☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki don papa Katya ak Emil genyen ?
 2. Poukisa yo di papa Emil ak Katya gen bon men?
 3. Poukisa yo di papa Emil ak Katya gen don sa ?
 4. Kiyès ki montre papa Emil ak Katya prepare tè?
 5. Ak kisa yo prepare konpòs ?
 6. Kisa ki fè plant papa Emil ak Katya yo pouse konsa ?
 7. Kisa li fè avèk plant yo apre ?
 8. Èske nou ta renmen aprann plante ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 153 pou fè egzèsis # 1 an. Fè elèv yo kopye nan kaye egzèsis yo 2 premye mo ak fraz ki sou tablo a yo te di sou desen an.

Leson 74

1- Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo.

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

Papa Katya ak Emil gen bon _____ pou plante.

Chak samdi, moun ki soti nan _____ vin ochte.

Li bon pou _____ ak _____ aprann kòman yo plante.

LESON 74

M ap li nèt ale - 2 AF 153

- ☞ **Nou pral kopye 2 premye mo ak fraz nou te di sou desen an nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 153 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo). Gade de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen anvan nou kopye yo. Nou konprann? Kòmanse!**

☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di epi eple pou klas la 2 premye mo yo, apre sa, li 2 premye fraz li te kopye nan kaye egzèsis li a?**

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di, eple 2 premye mo yo, apre sa, li 2 premye fraz li te kopye nan kaye egzèsis li a?

Egzèsis # 2 (3 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 153 pou fè egzèsis # 2 a.

- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 153 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo. Si elèv yo genyen difikilte, reprann fraz ki genyen rapò ak fraz elèv yo genyen pou konplete yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

☞ Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.

- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 75 Revizyon

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral


Materyèl:

Liv lekti, leson 75, paj 172 - 173
Kaye egzèsis, leson 75, paj 154
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin

 Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.


- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!

 Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.

Blow ! Blow ! Blow ! Frappe pòt,
antre lakay, fè travay.
Myaw ! Myaw ! Myaw ! Chat la kontan,
mwen rantre.

Woup ! Woup ! Woup ! Chen an kontan, mèt li vini.

- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.





 Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.

- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.





 Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)

1. Lekti mo nan liv lekti (8 mn)


-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 172 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 172 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

-  Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 172 la.
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

- Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.
- Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo.**
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, raple sans mo yo, epi fè yo di yo pou kont yo.

Egzèsis # 1 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 154 pou fè egzèsis # 1 an. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri li nan paj 154 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann? Kòmanse!**
- Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, fè yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.
- Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote li yo pou klas la?**
- Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo a ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.
- Ki fraz nou wè ki bay sans mo a?**
- Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si elèv la gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan pou lòt mo yo.
- Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a?**
- Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz yo chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije ansanm ak tout klas la.

Leson 75 Revizyon

1- Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.


Istwa	<ul style="list-style-type: none"> Se yon evènman ki te pase yo rakonte nan yon liv. Se yon pwason nan lanmè.
Fanfa	<ul style="list-style-type: none"> Se yon pyebwa. Gwoup mizisyen ki ap jwe gwo kès ak tout enstriman moun ka soufle.

2- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

3- Ekri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

154 Kaye egzèsis

Leson 75



vandredi - apremidi - lekòl - soulye - kbdonye - samdi - toujou - poutèt - maten - sandal - lakòl - zegwi - ansuit

soti - rive - gwamèt - rankontre - ranje - fini - remèsye - eseye - netwaye - sonje - koud - kole

Yo bay Bòs Eli ranje soulye a.

Là Bòs la fini, li netwaye l epi Alina eseye l.

Alina kontan anpil poutèt soulye a vin byen bèl.

172 Map li nèt ale 2 A.F.


2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 172.**
- Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?**
- Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon(20 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon vandredi** » pou rive nan mo « **ranje I** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Samdi maten** » pou rive nan mo « **ranje yo tou** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Yo bay Bòs Eli** » pou rive nan mo « **eseye I** »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Alina kontan** » pou rive nan mo « **dekole** »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Lekti fraz nan istwa a 2 pa 2

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 173. Verifye si tout elèv nan bon paj la.


- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Bòs Eli, bon kòdonnye

Yon vandredi apremidi, Alina ap soti lekòl. Sou wout la, soulye li pi renmen an dekole. Lè li rive lakay li, manman l wè sa. Li pwomèt li pou fè yon kòdonnye ranje I. Samdi maten, Alina pral nan mache ak manman l. Sou wout la, yo rantre kay Bòs Eli. Bòs la konn fè soulye ak sandal, li ranje yo tou. Yo bay Bòs Eli ranje soulye a. Dabò, Bòs la pran lakòl, fil ak gwo zegwi li. Ansuit, li kole epi koud soulye a. Lè Bòs la fini, li netwaye l epi Alina eseye l. Alina kontan anpil poutèt soulye a vin byen bèl. Alina remèsye Bòs Eli. Li toujou sonje l depi li wè soulye timoun dekole.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 Ankouraje epi felisite elèv yo.

Bòs Eli, bon kòdonnye

Yon vandredi apremidi, Alina ap soti lekòl. Sou wout la, soulye li pi renmen an dekole. Lè li rive lakay li, manman l wè sa. Li pwomèt li pou fè yon kòdonnye ranje I. Samdi maten, Alina pral nan mache ak manman l. Sou wout la, yo rantre kay Bòs Eli. Bòs la konn fè soulye ak sandal, li ranje yo tou. Yo bay Bòs Eli ranje soulye a. Dabò, Bòs la pran lakòl, fil ak gwo zegwi li. Ansuit, li kole epi koud soulye a. Lè Bòs la fini, li netwaye l epi Alina eseye l. Alina kontan anpil poutèt soulye a vin byen bèl. Alina remèsye Bòs Eli. Li toujou sonje l depi li wè soulye timoun dekole.

Kesyon

1. Ki jou istwa a te pase?
2. Kisa ki te rive Alina ?
3. Kisa manman l te pwomèt li?
4. Ki jou yo te rankontre Bòs Eli?
5. Ak kisa bòs Eli ranje soulye Alina a ?
6. Poukisa Alina te kontan ?
7. Kisa Alina sonje lè li wè soulye timoun dekole?
8. Èske ou renmen metye kòdonnye ? Poukisa ?

M ap li nèt ale 2 A.F. 173

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

- ☞ Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kilès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**

- ☞ Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

- ☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

- ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

- ☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Ki jou istwa a te pase?
2. Kisa ki te rive Alina ?
3. Kisa manman l te pwomèt li?
4. Ki jou yo te rankontre Bòs Eli?
5. Ak kisa bòs Eli ranje soulye Alina a ?
6. Poukisa Alina te kontan ?
7. Kisa Alina sonje lè li wè soulye timoun dekole?
8. Èske ou renmen metye kòdonye ? Poukisa ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo






Leson 75 Revizyon

1-Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Istwa	• Se yon evènman ki te pase yo rakonte nan yon liv. • Se yon pwason nan lanmè.
Fanfa	• Se yon pyebwa. • Gwoup mizisyen ki ap jwe gwo kès ak tout enstriman moun ka soufle.

2-Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

3-Ekri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

-  *Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 ak 3 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.*
-  **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 154 la nan egzèsis # 2 ak 3 a.**
-  *Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.*
-  **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije yo anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis yo lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**
-  *Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.*

Leson 76

Objektif:

Konprann yon devinèt
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral epi alekri



Materyèl:

Liv lekti, leson 76, paj 174 - 175
Kaye egzèsis, leson 76, paj 155
Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (32 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt


-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Lè yo mache avè m.
Nan lari yo toujou fèmen mwen.
Lè gen lapli, yo ouvè mwen.
Mwen pare lapli pou moun.
Kisa mwen ye? (Repons : Parapli)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (24 mn)

1. Leki mo sou tablo (8 mn)

 *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: fete – nasyonal – zansèt – òganize – militè – abiye – defile – Akayè.*



☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (8 mn)

☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 174 la.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 174 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 174 la.

☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

Egzèsis # 1

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 155 pou fè egzèsis # 1 an. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.

☞ Nou pral kopye mo ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 155 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiyan lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv

Leson 76

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

Ayiti - Akayè - nasyonal - militè - vizitè - fyète

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

Nan peyi Ayiti, nou _____ drapo chak 18 me nan vil Akayè.

Chak 18 me, _____ toujou òganize bès defile nan vil Akayè.

Elèv lekòl nan peyi Ayiti toujou fete _____ ak anpil _____.

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

M op li mèl ale - 2.A.F. 185

modèl la pou n ka kopye mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !

Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li ekri nan kaye li a ?**
 - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.*

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « defile ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « defile » ?

- Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :*
- ☞ **Defile vle di : Mache nan liy oswa nan ran youn apre lòt.**
 - Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?**
 - Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « defile » aloral.*
- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo defile ?**
 - Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « defile » pou elèv yo sou tablo a.*

Egzanp :

Elèv yo ale nan defile 18 me a.

Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « defile ».

Repons posib :

(1) Emil te ale nan defile lekòl li a paske li renmen drapo peyi l. (2) Defile a te fèt nan vil Akayè avèk kè kontan paske tout moun te satisfè.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil ki sanble ak fraz ki nan « repons posib » yo.

Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Leson 76



- ▶ peyi - drapo - Akayè - zansèt - koulè - palmis - mitan - Leta - fanfa - nasyonal - pantalon - mayo - foulè - chapo - militè - fyète
- ▶ fete - kreye - òganize - abiye - make - chante - defile - mete
- ▶ Y ap chante ansanm, y ap defile devan vizitè yo.
- ▶ Elèv lekòl nan peyi Ayiti toujou fete drapo ak anpil fyète.

174 M ap li nèk ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 174.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
 - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
- Premye** elèv la ap kòmanse nan mo « **Zansèt nou** » pou rive nan mo « **mitan li** »
- Dezyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Chak 18 me** » pou rive nan mo « **ak fanfa** »
- Twazyèm** elèv la ap kòmanse nan mo « **Nadin ak Kalo** » pou rive nan mo « **tankou militè** »
- Katriyèm** elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Yo kontan** » pou rive nan mo « **anpil fyète** »
- Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.
 - Apre sa, fè tout klas la li ansanm.
 - Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 175. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)
 - ☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Fèt drapo Peyi Ayiti

Nan peyi Ayiti, nou fete drapo chak 18 me nan vil Akayè. Zansèt nou yo te kreye drapo a 18 me 1803. Drapo a gen koulè ble, wouj ak yon palmis nan mitan li. Chak 18 me, Leta toujou òganize bèl defile nan vil Akayè. Jou sa a,

Fèt drapo peyi Ayiti

Nan peyi Ayiti, nou fete drapo chak 18 me nan vil Akayè. Zansèt nou yo te kreye drapo a 18 me 1803. Drapo a gen koulè ble, wouj ak yon palmis nan mitan li. Chak 18 me, Leta toujou òganize bèl defile nan vil Akayè. Jou sa a, tout lekòl òganize bèl defile ak fanfa.

Nadin ak Kalo se de (2) elèv nan lekòl nasyonal Akayè. Yo toujou nan tèt defile nan vil la. Yo abiye ak pantalon blan, mayo wouj ak yon foulè ble. Yo mete yon chapo ble tankou militè. Yo kontan, y ap make pa. Y ap chante ansanm, y ap defile devan vizitè yo. Elèv lekòl nan peyi Ayiti toujou fete drapo ak anpil fyète.




Leson 76

Kesyon



1. De ki fèt y ap pale nan istwa sa a ?
2. Nan ki vil nan peyi a Leta fete drapo a ?
3. Nan ki dat yo fete fèt drapo a ?
4. Ki koulè drapo Ayiti a ye ?
5. Ki aktivite lekòl yo òganize jou fèt drapo a ?
6. Nan ki lekòl Nadin ak Kalo ye ?
7. Ki jan yo abiye jou fèt drapo a ?
8. Poukisa elèv yo kontan jou fèt drapo a ?

M ap li nèk ale 2 A.F. 175

tout lekòl òganize bèl defile ak fanfa.
Nadin ak Kalo se de (2) elèv nan lekòl nasyonal Akayè.
Yo toujou nan tèt defile nan vil la. Yo abiye ak pantalon blan, mayo wouj ak yon foula ble. Yo mete yon chapo ble tankou militè. Yo kontan, y ap make pa. Y ap chante ansanm, y ap defile devan vizitè yo. Elèv lekòl nan peyi Ayiti toujou fete drapo ak anpil fyète.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (10 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. De ki fèt y ap pale nan istwa sa a ?
 2. Nan ki vil nan peyi a Leta fete drapo a?
 3. Nan ki dat yo fete fèt drapo a?
 4. Ki koulè drapo Ayiti a ye?
 5. Ki aktivite lekòl yo òganize jou fèt drapo a ?
 6. Nan ki lekòl Nadin ak Kalo ye?
 7. Ki jan yo abiye jou fèt drapo a ?
 8. Poukisa elèv yo kontan jou fèt drapo a ?

Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 155 pou fè egzèsis # 2 a.*

Leson 76

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

Ayiti - Akayè - nasyonal - militè - vizitè - fyète

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

Nan peyi Ayiti, nou _____ drapo chak 18 me nan vil Akayè.

Chak 18 me, _____ toujou òganize bèl defile nan vil Akayè.

Elèv lekòl nan peyi Ayiti toujou fete _____ ak anpil _____.

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

M ap li mèl ale - 2 AF 155

☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 155 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**

☞ *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifeye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifeye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**

☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.*

Egzèsis # 3 (3 mn)

☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 155 pou fè egzèsis # 3 a.*

☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 155 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann? Kòmanse!**

☞ *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifeye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifeye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?**

☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.*

Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

☞ *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*

Leson 77

Objektif:

Eksprime opinyon sou yon tèm
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

Liv lekti, leson 77, paj 176 - 177
Kaye egzèsis, leson 77, paj 156
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (27 mn)




Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kozri




-  Mande elèv yo pale sou enpòtans dlo.
-  Kounye a, nou pral pale sou enpòtans dlo. Ki bò dlo a soti? Ki kote nou ka jwenn dlo? Kisa li itil? Kisa yo fè ak dlo? Èske nou ka bwè nenpòt dlo?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou enpòtans dlo.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (24 mn)


1. Lekti mo sou tablo (8 mn)

-  Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: rekreyasyon – rafrechi – prepare – konsève – vann – machann – graje – natirèl.
-  Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (8 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 176 la.
-  Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 176 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

Leson 77




▲ fresko - rafrechi - graje - kalite - siwo - plizyè - machann - cheve - natirèl - grenadya - sitwon - kokoye - seriz - rekreyasyon

🍷 rele - prepare - achte - vann - renmen - genyen - itilize

🍌 Devan lekòl kotya ak Emil lan, genyen yon machann fresko. Li toujou achte bon glas ki fèt ak dlo trete.

176 M ap li mèl ale 2 A.F.

Leson 77



▲ fresko - ratrechri - graje - kalite - siwo - plizyè - machann - cheve - natirèl - grenadya - sitwon - kokoye - seriz - rekreyasyon
● rele - prepare - achte - vann - renmen - genyen - itilize
● Devan lekòl katya ak Emil lan, genyen yon machann fresko.
 Li toujou achte bon glas ki fet ak dio trete.

176 M ap li nèl ale 2 A.F.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 176 la.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (45 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (39 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)


Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «graje». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «graje»?

☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

☞ **Graje vle di: Fwote yon moso fwi, legim, viv sou yon moso tòl chaje ak ti twou byen file pou li ka vin pi piti. Gen graj yo itilize pou yo graje glas.**

☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «graje» aloral.

☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo «graje»?**

 Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «graje» pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Emil ap graje kokoye pou manman l.

 Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «graje».

Repons posib:


(1) Papa Pòl konn graje kokoye ak kawòt pou li fè ji anvan Pòl ale lekòl. (2) Manman Alina ap graje manyòk pou li fè kasav.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil ki sanble ak fraz ki nan «repons posib» yo.

Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Rekonèt, fòme, ekri fraz (10 mn)

Rekonèt fraz (6 mn)

 Ekri fraz sa a sou tablo a davans pou aprann elèv yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.


- Bouwèt machann fresko a toujou pwòp.

Li fraz la avèk elèv yo. Chwazi de (2) elèv, 1 fi ak 1 gason pou li fraz la. Apre sa, poze yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.

☞ **Kounye a, nou pral jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. An n li fraz sa a ansanm: Bouwèt machann fresko a toujou pwòp.**


 Touche fraz ki sou tablo a pandan w ap li l ansanm ak elèv yo.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv pou li fraz la pou kont yo. Kiyès ki ka li fraz la pou kont li pou tout klas la?**

 Chwazi de (2) elèv pou li fraz la pou kont yo pou klas la. Bay elèv yo de (2) minit pou fè aktivite sa a.

☞ **Kounye a, m pral poze nou kèk kesyon pou nou ka jwenn kèk pati ki genyen nan fraz la.**

Kisa ki pou machann fresko a?


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons posib:

(1) Bouwèt la

*Souliye mo «**bowwèt**» nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Pou kiyès bowwèt la ye?**


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons posib:

(2) Pou machann fresko a .

*Souliye gwoup mo «**machann fresko a**» nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Kòman bowwèt machann fresko a toujou ye?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.

Repons posib:

(3) Bouwèt machann fresko a **toujou pwòp**.

*Souliye gwoup mo «**toujou pwòp**» nan fraz ki sou tablo a.*

☞ **Premye mo nou jwenn nan fraz la se: Bouwèt. Bouwèt se mo ki pral fè nou konnen kisa ki pou machann fresko a nan fraz la.**

Aprè sa nou jwenn yon gwoup mo ki se: machann fresko a, li fè nou konnen pou kiyès bouwèt la ye.

Lòt gwoup mo nou jwenn nan fraz la se: toujou pwòp. Li fè nou konnen kòman bouwèt machann fresko a ye.

Li chak pati ki souliye nan fraz ki sou tablo a apa. Aprè sa, li tout fraz la byen vit ak elèv yo ansanm: Bouwèt machann fresko a toujou pwòp. Mande 2 elèv li fraz la 2 fwa. Epi antoure lèt majiskil ki kòmanse fraz la ak pwen ki fini fraz la.

☞ Yon fraz se plizyè mo ki ranje nan yon lòd epi ki gen sans. Li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li toujou fini ak yon pwen.

Leson 77

1- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

bon. - machann - fresko a - Siwo

2- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

Fresko se yon _____.

Devan lekòl _____ ak Emil lan, genyen yon machann fresko.

Li se yon _____, li kout, cheve li blan.

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

156 Kaye egzèsis

Egzèsis # 1 (4 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 156 pou fè egzèsis # 1 an.

☞ Nou pral fòme fraz ak gwoup mo ki andezòd nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 156 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou n fòme fraz la. Nou konprann? Kòmanse!

Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li fòme a pou klas la?

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li fraz yo fòme a. Si yo genyen difikilte, fè yon lòt elèv poze yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. Poze elèv yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la.

3. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 176.

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:

☞ Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?

Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)


Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Leson 77



▲ fresko - rafrechri - graje - kalite - siwo - plizyè - machann - cheve - natirèl - grenadya - sitwon - kokoye - seriz - rekreyasyon

🍷 rele - prepare - achte - vann - renmen - genyen - itilize

🍷 Devan lekòl katya ak Emil lan, genyen yon machann fresko.

🍷 Li toujou achte bon glas ki fèt ak dlo trete.

176 Map li nèt ale 2 A.F.

Kifikif, bon machann fresko

Fresko se yon rafrech. Li fèt ak glas graje epi plizyè kalite siwo. Devan lekòl Katya ak Emil lan, genyen yon machann fresko. Yo rele li Kifikif. Li se yon lepè ki saj, li kout, cheve li blan. Li toujou pwòp. Kifikif prepare siwo a ak dlo trete epi ak ji fwi. Li itilize fwi natirèl tankou grenadya, sitron, kokoye, seriz. Li toujou achte bon glas ki fèt ak dlo trete. Kote l ap vann fresko toujou pwòp. Glas ak siwo li yo toujou byen konsève. Nan rekreyasyon, tout elèv renmen achte fresko nan men Kifikif. Li vann vit, li pwòp epi fresko li yo bon. Kifikif se yon bon machann fresko.

Kesyon

1. Sou kiyès istwa a pale ?
2. Kisa fresko ye ?
3. Poukisa siwo Kifikif bon ?
4. Ak kisa Kifikif prepare siwo a ?
5. Kòman Kifikif ye ?
6. Poukisa tout elèv renmen achte fresko nan men Kifikif ?
7. Poukisa yo di Kifikif se yon bon machann fresko ?
8. Èske li bon pou sèvi ak glas ki fèt ak dlo trete ? Poukisa ?

M ap li nèt ale 2 A.F.

177

Leson 77

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « Fresko » pou rive nan mo « rele li Kifikif »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Li se » pou rive nan mo « seriz »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Li toujou » pou rive nan mo « konsève »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « Nan rekreyasyon » pou rive nan mo « machann fresko »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 177. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Kifikif, bon machann fresko

Fresko se yon rafrech. Li fèt ak glas graje epi plizyè kalite siwo. Devan lekòl Katya ak Emil lan, genyen yon machann fresko. Yo rele li Kifikif. Li se yon lepè ki saj, li kout, cheve li blan. Li toujou pwòp. Kifikif prepare siwo a ak dlo trete epi ak ji fwi. Li itilize fwi natirèl tankou grenadya, sitron, kokoye, seriz. Li toujou achte bon glas ki fèt ak dlo trete. Kote l ap vann fresko toujou pwòp. Glas ak siwo li yo toujou byen konsève. Nan rekreyasyon, tout elèv renmen achte fresko nan men Kifikif. Li vann vit, li pwòp epi fresko li yo bon. Kifikif se yon bon machann fresko.

- **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te**

Leson 78

Objektif:

Entèprete tèks powetik
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Pwodui mo, fraz ak tèks dapre imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 78, paj 178 - 179
Kaye egzèsis, leson 78, paj 157
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)



Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo pou yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Lavi

Lavi se yon gwo richès.
Lavi pa vann nan mache.
Respekte youn lòt.
Pou lavi n ka pi bèl.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi 2 elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan l ap fè jès ki mache ak pwezi a.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**

- Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.

2. Rapèl (2 mn)

- Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li anvan an.
- ☞ Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: diskisyon – manje – maten – pwomèt – mayi – eskiz – rezoud – solid.
- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 178 la.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 178 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 178 la.
- ☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.
☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.
☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

Leson 78



▲ madi - maten - jaden - mayi - kazèk - Salòn - konsa - mamit - diskisyon - eskiz - pwoblèm

● kase - kòmanse - manje - fache - tonbe - pale - pote - rive - mande - pwomèt - more

🍌 Bèf la ale nan Jaden mayi Anita a.
Anita sezi wè sa bèf la fè jaden an.
Kazèk Jaj mande Salòn mare bèf la ak yon kòd pi solid.

178 Map li nèt ale 2 A.F.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

- ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (45 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (36 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «Eskiz». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «Eskiz»?

- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

☞ **Eskiz vle di: Mande gras oubyen padon pou yon fot ou komèt.**

- ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «eskiz» aloral.

☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo «Eskiz»?**

- ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «Eskiz» pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:

Solon mande Anita eskiz pou pye mayi yo bèf la manje.

- ☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «eskiz».

Repons posib:

(1) Emil mande papa l ak manman l eskiz poutèt li pa t fè devwa l. (2) Tout elèv yo mande pwofesè a eskiz pou sa ki te pase nan klas la.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil ki sanble ak fraz ki nan «repons posib» yo.


Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (7 mn)


☞ **Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.**

- ☞ Ekri 2 mo yo sou tablo a davans: Eskiz – padon.

☞ **Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo: Eskiz ak padon pou nou di sa nou panse sou 2 mo sa yo.**

 Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo eskiz ak mo padon. Pase verifye si tout elèv ap travay. Mande elèv yo.

☞ **Kiyès ki ka di klas la sa li panse sou 2 mo sa yo : Eskiz – Padon ?**


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo :

☞ **Mo Eskiz vle di : Mande gras oubyen padon pou yon fot ou komèt. Mo Padon vle di : Mande gras oubyen eskiz pou yon fot ou komèt. Sa vle di mo eskiz ak mo padon genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.**


Egzanp :

Solon mande Anita eskiz pou pye mayi yo bèf la manje.


Solon mande Anita padon pou pye mayi yo bèf la manje.

 Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.

☞ **Kiyès ki ka li fraz yo ki sou tablo a byen fò pou klas la ?**

 Apre sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande elèv yo ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo : **Eskiz ak Padon**

☞ **Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki genyen menm sans ak mo « Eskiz » epi « Padon » pou klas la nan menm jan ak modèl ki sou tablo a ?**

 Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme yo sou tablo a. Apre sa, mande tout klas la li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesèsè. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.


3. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 178.**

 Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ **Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :


- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon madi** » pou rive nan mo « **kòmanse manje** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Anita** » pou rive nan mo « **kazèk Jòj** »

Leson 78



▲ madi - maten - jaden - mayi - kazèk - Solon - konsa - mamit - diskisyon - eskiz - pwoblèm

● kase - kòmanse - manje - fache - tonbe - pale - pote - rive - mande - pwomèt - mare

☺ Bèf la ale nan jaden mayi Anita a.
Anita tezi wè sa bèf la fè jaden an.
Kazèk Jòj mande Solon mare bèf la ak yon kòd pi solid.

178 M ap li nèl ale 2 A.F.

Bèf Solon an

Yon madi maten, bèf Solon an kase kòd. Bèf la ale nan jaden mayi Anita a. Li kòmanse manje. Anita sezi wè sa bèf la fè jaden an. Li fache epi li tonbe pale fò. Anita mennen bèf la kay kazèk Jòj. Li pote plent pou Solon. Kazèk Jòj di : "An n al gade". Lè yo rive, yo wè gen sèt (7) pye mayi bèf la manje.

Aprè diskisyon, kazèk la di : "Antann nou pou sèt (7) pye mayi yo". Solon mande eskiz, li pwomèt Anita yon mamit mayi. Anita dakò. Kazèk Jòj mande Solon mare bèf la ak yon kòd pi solid. Se konsa pwoblèm nan rezoud.

Kesyon

1. Ki jou nan semèn nan istwa a te pase ?
2. Ki kote bèf la te ale ?
3. Poukisa Anita te sezi ?
4. Kisa Anita te fè lè li wè bèf la ap manje nan jaden mayi li a ?
5. Aprè diskisyon, kisa kazèk Jòj te di Solon ak Anita ?
6. Konbyen pye mayi bèf la te manje ?
7. Kisa Solon te fè ?
8. Èske Solon se yon moun kisaj ? Poukisa ?

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo «Li pote plent» pou rive nan mo «bèf la manje»

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo «Aprè diskisyon» pou rive nan mo «Anita dakò»

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo «Kazèk Jòj» pou rive nan mo «nan rezoud»

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 179. Verifye si tout elèv nan bon paj la.




- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*


Bèf Solon an

Yon madi maten, bèf Solon an kase kòd. Bèf la ale nan jaden mayi Anita a. Li kòmanse manje. Anita sezi wè sa bèf la fè jaden an. Li fache epi li tonbe pale fò. Anita mennen bèf la kay kazèk Jòj. Li pote plent pou Solon. Kazèk Jòj di : "An n al gade". Lè yo rive, yo wè gen sèt (7) pye mayi bèf la manje.

Aprè diskisyon, kazèk la di : "Antann nou pou sèt (7) pye mayi yo". Solon mande eskiz, li pwomèt Anita yon mamit mayi. Anita dakò. Kazèk Jòj mande Solon mare bèf la ak yon kòd pi solid. Se konsa pwoblèm nan rezoud.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

6. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki jou nan semèn nan istwa a te pase ?
 2. Ki kote bèf la te ale ?
 3. Poukisa Anita te sezi ?
 4. Kisa Anita te fè lè li wè bèf la ap manje nan jaden mayi li a ?
 5. Apre diskisyon, kisa kazèk Jòj te di Solon ak Anita ?
 6. Konbyen pye mayi bèf la te manje ?
 7. Kisa Solon te fè ?
 8. Èske Solon se yon moun kisaj ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 78

1. Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.

manje – eskiz – dife

1) Solon mande padan pou pye mayi yo bèf la manje.

2) Solon mande _____ pou pye mayi yo bèf la manje.

2. Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

.....

.....

.....

.....

Leson 78

M ap li nèk ale - 2 AF 157

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 157 pou fè egzèsis # 1 an.*
- ☞ **Nou pral ranplase yon mo pa yon lòt mo ki genyen menm sans avèk li. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 157 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la). Nou konprann ? Kòmmanse !**
- ☞ *Fè elèv yo li premye fraz la. Apre sa, fè yo li tout mo ki nan bwat la. Epi fè yo chwazi mo ki genyen menm sans ak mo ki souliye a pou yo konplete dezyèm fraz la. Si yo genyen difikilte ede yo.*
- Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Koune a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi nan bwat la pou konplete dezyèm fraz la. Si elèv yo pa jwenn bon mo a, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon mo a pou konplete fraz la. Mande elèv la poukisa se mo sa a li chwazi.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi nan bwat la pou li konplete dezyèm fraz la ? Poukisa se mo sa ou chwazi ?**
- ☞ *Ekri dezyèm fraz la ak mo ki kòrèk la sou tablo a pou tout klas la. Fè elèv yo li fraz la byen fò. Felisite, ankouraje tout elèv yo.*

Leson 78

1. Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki soulye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.

manje - eskiz - dife

1) Solon mande **padan** pou pye mayi yo bèf la manje.
 2) Solon mande _____ pou pye mayi yo bèf la manje.

2- Èkri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

.....

Leson 78

M ap li mèl ale - 2 AF 157

Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 157 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 157 pou fè egzèsis #2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil). Nou konprann? Kòmanse!**
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?**
 - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 79

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

Liv lekti, leson 79, paj 181 - 181
Kaye egzèsis, leson 79, paj 158
Kaye bouyon, kreyon, gòm





Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Rivyè Peyi m
Nan peyi Ayiti genyen anpil rivyè !
Yo itilize dlo rivyè pou wouze jaden.
Rivyè yo itil anpil !

-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (2 mn)

-  *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li anvan an.*
-  **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?**
 -  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : granmoun – patat – plizyè – retounen – kontan – lakay – jaden – plante.
- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 180 an.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 180 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 180 an.
- ☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.
☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.
☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz, fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 79




- ▲ granmoun - patat - samdi - malad - anpil - lakay - bonjou - Tisavyen - jaden - dakò - plizyè - zanmi - jounen - kontan - maten
- rele - plante - renmen - rive - reponn - pase - ede - genyen
- You samdi maten, Nadin ak Emil al nan jaden an. Pè Tisavyen dakò, li ba yo plizyè plan patat.

180 M ap li nè ale 2 A.F.





Dezyèm pati leson an (42 mn)

Tranzisyon (1 mn)

-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.


Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (33 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « plante ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « plante »?
 -  Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ Plante vle di: Mete grenn oswa rasin pyebwa nan tè pou li grandi.
 -  Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?
 -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « plante » aloral.
- ☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « plante »?
 -  Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « plante » pou elèv yo sou tablo a.



Egzanp:

Emil ap plante nan jaden an.



-  Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « plante ».
Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesese. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

7. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 180.
 -  Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- ☞ Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.
 -  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui mo, fraz, tèks dapre desen sou tablo (4 mn)

-  Fè elèv yo di kèk mo ki genyen rapò ak imaj yo sot dekri a. Ekri chak mo elèv yo di yo sou tablo a byen gwo apre sa fè yo eple mo yo.
- ☞ Kounye a, nou pral di kèk mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri a. M ap ekri chak mo nou di yo sou tablo a apre sa n ap eple yo.
 -  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di mo yo. Apre sa, chwazi kèk lòt elèv pou eple mo yo.
- ☞ Kounye a, nou pral fòme kèk fraz ki genyen rapò ak mo nou te di yo ki te genyen rapò ak imaj nou te dekri a.

Leson 79



▲ granmoun - patat - samdi - malad - anpil - lakay -
banjou - Tisavyen - jaden - dakò - plizyè - zammi -
jounen - kontan - maten

🍌 rele - plante - renmen - rive - reponn - pase - ede -
genyen

👤 Yon samdi maten, Nadin ak Emil al nan jaden an.
Pè Tisavyen dakò, li ba yo plizyè plan patat.

180

M ou li mèl ale 2 A.F.

Touche chak mo ki sou tablo a epi mande elèv yo fè yon fraz ak chak mo ou touche yo. Ekri fraz elèv yo fè yo sou tablo a apre sa fè yo li yo. Sonje kòmanse fraz yo ak yon lèt majiskil pou fini ak yon pwen. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo ou touche yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo «Bò lakay Emil» pou rive nan mo «vin ede l».

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo «Yon samdi» pou rive nan mo «genlè malad».

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo «Nadin di» pou rive nan mo «Bonjou Pè Tisavyen!».

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo «Pè Tisavyen reponn» pou rive nan mo «pou ou».

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo «Pè Tisavyen dakò» pou rive nan mo «kè kontan».

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 181. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Pè Tisavyen

Bò lakay Emil, gen yon granmoun ki rele Tisavyen. Li renmen plante patat anpil. Chak fwa l ap plante, anpil timoun vin ede l. Yon samdi maten, Nadin ak Emil al nan jaden an. Lè yo rive, yo pa wè Pè Tisavyen. Emil di : "Pè Tisavyen genlè malad". Nadin di : "An n al lakay li pou nou wè sa l genyen". Lè yo rive, yo jwenn pè Tisavyen malad. Yo di : "Bonjou Pè Tisavyen !" Pè Tisavyen reponn : "Bonjou timoun ! Jodi a, mwen pa ka al nan jaden an". Zanmi yo di : "Ban nou al plante pou ou". Pè Tisavyen dakò. Li ba yo plizyè plan patat. Konsa zanmi yo pase jounen an ap plante ak kè kontan.

Leson 79

kesyon

1. Sou kiyès istwa a pale ?
2. Ki kote Pè Tisavyen rete ?
3. Kisa li renmen fè ?
4. Kiyès ki konn vin ede li plante ?
5. Kisa Nadin ak Emil fè lè yo pa wè Pè Tisavyen nan jaden an ?
6. Kisa Pè Tisavyen genyen ?
7. Ki sèvis timoun yo te vle rann Pè Tisavyen ?
8. Èske Nadin ak Emil se de (2) timoun sa ? Poukisa ?

M ap li mèl ak 2 A.F. 181

Pè Tisavyen

Bò lakay Emil, gen yon granmoun ki rele Tisavyen. Li renmen plante patat anpil. Chak fwa l ap plante, anpil timoun vin ede l. Yon samdi maten, Nadin ak Emil al nan jaden an. Lè yo rive, yo pa wè Pè Tisavyen. Emil di : "Pè Tisavyen genlè malad". Nadin di : "An n al lakay li pou nou wè sa l genyen". Lè yo rive, yo jwenn pè Tisavyen malad. Yo di : "Bonjou Pè Tisavyen !" Pè Tisavyen reponn : "Bonjou

timoun ! Jodi a, mwen pa ka al nan jaden an". Zanmi yo di : "Ban nou al plante pou ou". Pè Tisavyen dakò. Li ba yo plizyè plan patat. Konsa zanmi yo pase jounen an ap plante ak kè kontan.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 - ☞ Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 - ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 - ☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.


5. Reponn kesyon (7 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Sou kiyès istwa a pale ?
 2. Ki kote Pè Tisavyen rete ?
 3. Kisa li renmen fè ?
 4. Kiyès ki konn vin ede li plante ?
 5. Kisa Nadin ak Emil fè lè yo pa wè pè Tisavyen nan jaden an ?
 6. Kisa Pè Tisavyen genyen ?
 7. Ki sèvis timoun yo te vle rann pè Tisavyen ?
 8. Èske Nadin ak Emil se de (2) timoun saj ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ **Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 158 pou fè egzèsis # 1 an. Fè elèv yo kopye nan kaye yo mo ak fraz yo te di sou desen an.**
- ☞ **Nou pral kopye mo ak fraz nou te di sou desen an nan kaye egzèsis nou.**



Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 158 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo). Gade chak mo ak fraz byen anvan nou konprann? Kòmanse!

- Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li ekri nan kaye li a?**
 - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

Egzèsis # 2 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 158 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 158 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
 - Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
 - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo. Si elèv yo genyen difikilte, reprann fraz ki genyen rapò ak fraz elèv yo genyen pou konplete yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**
 - Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 80 Revizyon

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

Liv lekti, leson 80, paj 182 - 183
Kaye egzèsis, leson 80, paj 159
Kaye bouyon, kreyon, gòm





Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin


-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Bèl flè choublak
Mwen se yon bèl flè choublak.
Tout tifi renmen mete m nan tèt yo pou fè bèlbèl.
Mwen se bon remèd pou grip.
Tout kote mwen ye, se mèvèy !

-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)


1. Lekti mo nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 182 a.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 182 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 182 a.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (42 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.



Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

- ☞ Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo.**
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, raple sans mo yo, epi fè yo di yo pou kont yo.

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 159 pou fè egzèsis #1 an. Pase verifeye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 159 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann? Kòmanse!**
 - ☞ Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, fè yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.
 - ☞ **Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote li yo pou klas la?**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo a ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.
 - ☞ **Ki fraz nou wè ki bay sans mo a?**
 - ☞ Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si elèv la gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan pou lòt mo yo.
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a?**
 - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz li chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije ansanm ak tout klas la.

Leson 80 Revizyon

1- Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Defile	Mache nan liy oswa nan ran youn apre lòt.
	Noje nan lanmè.

Eskiz


Pawòl yon moun di pou l mande padon.
Se yon pye fwi.

2- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak let majiskil.

3- Ekri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

M ap li mèl ale - 2 A.F. 159

Leson 80



nasyonal - Ayiti - kondisip - almanak - lanmò - Desalin - Latousen - batay - Vètyè - endepandans - zansèt - kanaval - travay - agrikiilt

fete - pran - sonje - deside - chache - identifiye

Chak ane nan peyi Ayiti yo fete fèt nasyonal. Polo, Lili, Chantal ak Bèto deside chache tout dat fèt nasyonal yo.

182 M ap li mèl ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 182.**
 - ☞ Pase verifeye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
 - ☞ **Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
 - ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**
 - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa



Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « Chak ane » pou rive nan mo « fèt nasyonal yo »

Dezyèm elèv la ap kòm-anse nan mo « Yo pran » pou rive nan mo « lanmò Desalin »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « Lili wè » pou rive nan mo « dat kanaval la »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « Bèto » pou rive nan mo « travay sa a »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 183. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Lekti fraz nan istwa a 2 pa 2

- Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)



Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Fèt nasyonal peyi Ayiti

Chak ane nan peyi Ayiti, yo fete fèt nasyonal. Sa fè nou sonje istwa peyi nou. Polo, Lili, Chantal ak Bèto decide chache tout dat fèt nasyonal yo. Yo pran almanak la. Yo idantifye dat fèt nasyonal yo. Polo idantifye 17 oktòb ki se fèt lanmò Desalin. Lili wè premye ak 2 novanm ki se fèt Latousen. Epi li wè 18 novanm ki se batay Vètyè. Chantal idantifye premye ak 2 janvyè. Dat sa yo se fèt endepandans peyi a ak zansèt yo. Apre sa, li wè dat kanaval la. Bèto li menm idantifye premye me ki se fèt agrikilti ak travay. Epi li wè 18 me ki se fèt drapo. Polo ak kondisip li yo byen kontan pou bon travay sa a.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn



Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)



Ankouraje epi felisite elèv yo.

Fèt nasyonal peyi Ayiti


Chak ane nan peyi Ayiti, yo fete fèt nasyonal. Sa fè nou sonje istwa peyi nou. Polo, Lili, Chantal ak Bèto decide chache tout dat fèt nasyonal yo. Yo pran almanak la. Yo idantifye dat fèt nasyonal yo. Polo idantifye 17 oktòb ki se fèt lanmò Desalin. Lili wè premye ak 2 novanm ki se fèt Latousen. Epi li wè 18 novanm ki se batay Vètyè. Chantal idantifye premye ak 2 janvyè. Dat sa yo se fèt endepandans peyi a ak zansèt yo. Apre sa, li wè dat kanaval la. Bèto li menm idantifye premye me ki se fèt agrikilti ak travay. Epi li wè 18 me ki se fèt drapo. Polo ak kondisip li yo byen kontan pou bon travay sa a.

kesyon


1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Ki jan kondisip Polo yo rele ?
3. Kisa Polo ak kondisip li yo t ap fè ? Poukisa ?
4. Kisa Polo ak kondisip li yo pran pou chache tout dat fèt nasyonal yo ?
5. Ki dat Polo te rive idantifye nan fèt nasyonal yo ?
6. Ki dat Lili ak Chantal te rive idantifye ?
7. Ki dat Bèto te rive idantifye ?
8. Èske fèt nasyonal yo enpòtan pou nou ? Poukisa ?

Map 11 mèl ale 2 A.F. 183

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)


-  Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.

☞ Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kilès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la?

-  Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

☞ Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.

-  Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.


-  Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.

Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

-  Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (8 mn)

-  Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Ki jan kondisip Polo yo rele ?
3. Kisa Polo ak kondisip li yo t ap fè ? Poukisa ?
4. Kisa Polo ak kondisip li yo pran pou chache tout dat fèt nasyonal yo ?
5. Ki dat Polo te rive idantifye nan fèt nasyonal yo ?
6. Ki dat Lili ak Chantal te rive idantifye ?
7. Ki dat Bèto te rive idantifye ?
8. Èske fèt nasyonal yo enpòtan pou nou ? Poukisa ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

Leson 80 Revizyon

1-Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Defile	<ul style="list-style-type: none"> • Mache nan liy oswa nan ran youn apre lòt. • Naje nan lanmè.
Eskiz	<ul style="list-style-type: none"> • Pawòl yon moun di pou l mande padon. • Se yon pye fwi.

2-Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.
 Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

3-Ekri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

Leson 80

M ap li nèt ale - 2 AF 159

- Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 ak 3 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.*
- ☞ **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 159 la nan egzèsis # 2 ak 3 a.**
- Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.*
- ☞ **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije yo anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis yo lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**
- Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.*

Leson 81

Objektif:

Konprann yon devinèt
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks aloral epi alekri



Materyèl:

Liv lekti, leson 81, paj 184 - 185
Kaye egzèsis, leson 81, paj 160
Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (21 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt


-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen pote anpil moun
Sòti nan yon peyi rive nan yon lòt.
Mwen vole wo epi mwen gen zèl.
Kisa mwen ye? (Repons : Avyon)


-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

-  *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: fyè – malarya – moustik – medikaman – manyen – netwaye – pike – santi.*
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak**

Leson 81



fyè - malarya - malad - moustik - anofèl - kansa - frison - doule - vant - medikaman - lakou

manyen - sanble - genyen - mennen - achte - rele - pike - santi - netwaye - konprann

Yon lendi maten, Emil malad, li pa ka al lekòl. Se yon moustik ki rele anofèl ki pike l. Mwen pral netwaye lakou a.

184 Map li mèl ale 2 A.F.

mo mwen touche. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

☁ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 184 la.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 184 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 184 la.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (46 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.


Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (37 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)


Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « medikaman ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « medikaman »?

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:


- ☞ **Medikaman vle di: Remèd moun pran lè yo malad.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « medikaman » aloral.

- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « medikaman »?**

 Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « medikaman » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:

Katya al achte medikaman pou Emil ki gen lafyèv.

 Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « medikaman ».

Repons posib:

(1) Pòl achte medikaman an pou manman l. (2) Alina ale lopital, doktè a ba li anpil medikaman pou li pran chak maten.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil ki sanble ak fraz ki nan « repons posib » yo.


Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (6 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.**

 Ekri 2 mo yo sou tablo a davans: Medikaman – Remèd.

- ☞ **Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo: Medikaman ak Remèd pou nou di sa nou panse sou 2 mo sa yo.**

 Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo medikaman ak mo remèd. Pase verifye si tout elèv ap travay. Mande elèv yo.

- ☞ **Kiyès ki ka di klas sa li panse sou 2 mo sa yo: Medikaman ak Remèd?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo:

- ☞ **Mo Medikaman vle di: remèd doktè ba ou lè ou malad.**

Mo Remèd vle di: medikaman doktè ba ou lè ou malad.

Sa vle di mo medikaman ak mo remèd genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.

Egzanp:

Pyè bwè medikaman pou li ka geri.

Pyè bwè remèd pou li ka geri.

 Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.

- ☞ **Kiyès ki ka li fraz yo ki sou tablo a byen fò pou klas la?**

☁ Apre sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande elèv yo ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo : medikaman ak remèd.

☞ Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki genyen menm sans ak mo « Medikaman » epi « Remèd » pou klas la nan menm jan ak modèl ki sou tablo a ?

☁ Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme yo sou tablo a. Apre sa, mande tout klas la li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesèsè. Toujou felisite epi ankonraje elèv yo.

3. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 184.

☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☁ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☁ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon lendi maten** » pou rive nan mo « **se malarya li genyen** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **M ap mennen l** » pou rive nan mo « **medikaman pou li** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Se yon moustik** » pou rive nan mo « **nan zo l** »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Manman Emil** » pou rive nan mo « **Mèsi anpil doktè** »


Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 185. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3



184 M ap li mèl ale 2 A.F.

Malarya

Yon lendi maten, Emil malad. Li pa ka al lekòl. Manman Emil manyen l, li wè li gen fyèv. Manman l di: "Ooo! Pite mwen an malad. Sanble se malarya li genyen. M ap mennen l lopital". Lè li rive, yo fè analiz. Doktè a di: "Se malarya li genyen. Men preskripsyon pou achte medikaman pou li. Se yon moustik ki rele anofèl ki pike l. Konsa li fè li fèb, chak apremidi li gen fyèv frison. Li santi doule nan vant ak nan zo l". Manman Emil di: "Mwen konprann. Mwen pral netwaye lakou a. M ap ba li medikaman yo. Mèsi anpil doktè".

Kesyon

1. Ki jou istwa a te pase ?
2. Kiyès ki te malad ?
3. Kisa Emil te genyen ?
4. Kòman yo fè konnen Emil gen malarya ?
5. Kisa ki te bay Emil malarya ?
6. Kisa doktè a te bay manman Emil ? Poukisa ?
7. Kisa manman Emil te di doktè a ?
8. Èske li bon pou fè pwòpte lakou ou ? Poukisa ?
9. Kisa ou dwe fè lè ou malad ?




M ap li mèl ale 2 A.F. 185

mn)



 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Malarya


Yon lendi maten, Emil malad. Li pa ka al lekòl. Manman Emil manyen l, li wè li gen fyèv. Manman l di: "Oooo! Piti mwen an malad. Sanble se malarya li genyen. M ap mennen l lopital". Lè li rive, yo fè analiz. Doktè a di: "Se malarya li genyen. Men preskripsyon pou achte medikaman pou li. Se yon moustik ki rele anofèl ki pike l. Konsa li fè li fèb, chak apremidi li gen fyèv frison. Li santi doulè nan vant ak nan zo l". Manman Emil di: "Mwen konprann. Mwen pral netwaye lakou a. M ap ba li medikaman yo. Mèsi anpil doktè".

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.





6. Reponn kesyon (10 mn)

-  Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki jou istwa a te pase ?
 2. Kiyès ki te malad ?
 3. Kisa Emil te genyen ?
 4. Kòman yo fè konnen Emil gen malarya ?
 5. Kisa ki te bay Emil malarya ?





6. Kisa doktè a te bay manman Emil ? Poukisa?
7. Kisa manman Emil te di doktè a ?
8. Èske li bon pou fè pwòpte lakay ou ? Poukisa ?
9. Kisa ou dwe fè lè ou malad ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 1 (3 mn)

-  *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 160 pou fè egzèsis # 1 an.*
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 160 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
-  *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
-  *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li mo yo itilize pou konplete fraz yo.*

Egzèsis # 2 (3 mn)

-  *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 160 pou fè egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Nou pral ranplase yon mo pa yon lòt mo ki genyen menm sans avèk li. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 160 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la). Nou konprann? Kòmanse!**
-  *Fè elèv yo li premye fraz la. Apre sa, fè yo li tout mo ki nan bwat la. Epi fè yo chwazi mo ki genyen menm sans ak mo ki souliye a pou yo konplete dezyèm fraz la. Si yo genyen difikilte ede yo.*
- Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi nan bwat la pou konplete dezyèm fraz la. Si elèv yo pa jwenn bon mo a, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon mo a pou konplete fraz la. Mande elèv la poukisa se mo sa a li chwazi.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi nan bwat la pou li konplete dezyèm fraz la? Poukisa se mo sa ou chwazi?**
-  *Ekri dezyèm fraz la ak mo ki kòrèk la sou tablo a pou tout klas la. Fè elèv yo li fraz la byen fò. Felisite, ankouraje tout elèv yo.*

Leson 81



1- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.
 Manman Emil _____ l, li wè li gen fyèv.
 Se yon _____ ki rele _____ ki pike l.
 Mwen pral _____ lakou a.

2- Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.
 _____ padon - remèd - lanmè

1- Moun ki gen malarya ki pa pran medikaman ka mouri.
 2- Moun ki gen malarya ki pa pran _____ ka mouri.

160 Kaye egzèsis

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans epi eple mo a?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*

Leson 82

Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Ekri mo byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòme fraz
- Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 82, paj 186 - 187
- Kaye egzèsis, leson 82, paj 161
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (26 mn)



Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kozri (3 mn)



-  Mande elèv yo pou yo pale sou enpòtans pwòpte.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpòtans pwòpte. Kisa pwòpte ye? Kisa li reprezante pou nou? N ap di si nou renmen pwòpte, epi poukisa.
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou enpòtans pwòpte.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

-  Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: katye – enpotan – konbit – paran – rasanble – kapte – bonè – mennen.
- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 186 la.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 186 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

Leson 82



▲ samdi - zanmi - bonè - galon - timoun - katye -
 enpòtan - anpil - lakay - paran - devan - ebyen -
 konbit - kontan
 🍌 deside - leve - jwenn - rive - kouri - kapte -
 rasanble - mennen
 🍌 Yon samdi, Emil ak zanmi li yo deside al pran dlo.
 Yo leve byen bonè, yo pran galon yo, yo pran wout la.
 Tout moun nan zòn nan kontan.

186 M ap li nèk ale 2 A.F.

☺ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 186 la.

☺ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☺ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

Leson 82

1-Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

zanmi - deside - galon - enpòtan - rasanble

2-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

Yo leve byen bonè, yo pran _____ yo, yo pran wout la.

Ki jan nou ka _____ dlo sa a nan katye a?

Yo fè yon gwo _____ yo mennen _____ a nan katye a.

3-Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak «dlo». Epi kopye yo sou liy anba yo.

rivyè - sous - Pòl - kanal - pi

M ap li nèk ale - 2 AF 161

Egzèsis # 1 (5 mn)

☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 161 pou fè egzèsis # 1 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.

☺ **Nou pral kopye mo ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 161 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la pou n ka kopye mo a. Nou konprann? Kòmanse!**

☁ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☺ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☁ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☺ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**

☁ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « sous ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « sous » ?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ **Sous vle di: Kote dlo soti anba tè a.**
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad yo pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « sous » aloral.
- ☞ **Kiyès ki ka fòme yon fraz epi di l pou klas la ak mo « sous »?**
 - ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « sous » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Katya al pran dlo nan sous la.

- ☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « sous ». Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks oubyen ki pi difisil. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.


2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 186.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ **Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**
 - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.



3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa



Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon samdi** » pou rive nan mo « **sous dlo** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Timoun yo di** » pou rive nan mo « **paran nou sa** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Emil kouri** » pou rive nan mo « **n ap kapte dlo a** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Papa Emil** » pou rive nan mo « **nan kontan** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 187. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**



Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Dlo

Yon samdi, Emil ak zanmi li yo deside al pran dlo. Yo leve byen bonè, yo pran galon yo, yo pran wout la. Yo jwenn yon bèl sous dlo. Timoun yo di: "Weeee! Gade dlo! Ki jan nou ka mennen dlo sa a nan katye a? Li enpòtan anpil pou nou". David di: "Lè nou rive lakay, n ap di paran nou sa". Emil kouri pran devan. Li di: "Papa, nou jwenn yon bèl sous dlo. Kisa n ap fè?" Papa Emil di: "Ebyen, n ap kapte dlo a". Papa Emil rasanble tout moun nan zòn nan. Yo fè yon gwo konbit, yo mennen dlo a nan katye a. Tout moun nan zòn nan kontan.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**



Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**



Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

Dlo

Yon samdi, Emil ak zanmi li yo deside al pran dlo. Yo leve byen bonè, yo pran galon yo, yo pran wout la. Yo jwenn yon bèl sous dlo. Timoun yo di: "Weeee! Gade dlo! Ki jan nou ka mennen dlo sa a nan katye a? Li enpòtan anpil pou nou". David di: "Lè nou rive lakay, n ap di paran nou sa". Emil kouri pran devan. Li di: "Papa, nou jwenn yon bèl sous dlo. Kisa n ap fè?" Papa Emil di: "Ebyen, n ap kapte dlo a". Papa Emil rasanble tout moun nan zòn nan. Yo fè yon gwo konbit, yo mennen dlo a nan katye a. Tout moun nan zòn nan kontan.

Kesyon

1. Ki jou istwa a te pase?
2. Kisa Emil ak zanmi li yo te deside al pran?
3. Ak kisa yo t al pran dlo a?
4. Kisa yo te jwenn?
5. Kisa yo panse fè ak sous dlo a?
6. Kisa Emil te di papa l lè li rive lakay li?
7. Kisa papa Emil te reponn?
8. Kisa papa Emil te fè pou l te rive kapte sous la?
9. Poukisa tout moun nan zòn nan kontan?

M ap li mèl ale 2 A.F. 187

Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki jou istwa a te pase?
 2. Kisa Emil ak zanmi li yo te deside al pran?
 3. Ak kisa yo t al pran dlo a?
 4. Kisa yo te jwenn?
 5. Kisa yo panse fè ak sous dlo a?
 6. Kisa Emil te di papa l lè li rive lakay li?
 7. Kisa papa Emil te reponn?
 8. Kisa papa Emil te fè pou l te rive kapte sous la?
 9. Poukisa tout moun nan zòn nan kontan?

Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 82

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

zanmi - deside - galon - enpòtan - rasanble

2- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

Yo leve byen bonè, yo pran _____ yo, yo pran wout la.

Ki jan nou ka _____ dlo sa a nan katye a?

Yo fè yon gwo _____, yo mennen _____ a nan katye a.

3- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak «dlo».

Epi kopye yo sou liy anba yo.

rivyè - sous - Pòl - kanal - pi

Leson 82

M ap li mèl ale - 2 AF 161

Egzèsis # 2 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 161 pou fè egzèsis # 2 a.

☞ Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 161 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann ? Kòmanse !

Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo ?

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li mo yo itilize pou konplete fraz yo

Leson 82

1- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

zanmi - deside - galon - enpòtan - rasanble

2- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

Yo leve byen bonè, yo pran _____ yo, yo pran wout la.

Ki jan nou ka _____ dlo sa a nan katye a?

Yo fè yon gwo _____ yo mennen _____ a nan katye a.





3- Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak «dlo».

Epi kopye yo sou liy anba yo.



rivyè - sous - Pòl - kanal - pi

M ap li nèk ale - 2 AF 161

Egzèsis # 3 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis la nan paj 161 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral chwazi mo nan bwat la ki genyen rapò ak mo dlo pou nou ekri yo sou liy anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 161 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak dlo. Epi kopye yo sou liy anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li ekri yo ki genyen rapò ak mo «dlo»?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di eple mo yo chwazi yo.

Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li jodi a.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Leson 83

Objektif:

Entèprete tèks powetik
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Pwodui mo, fraz ak tèks dapre imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 83, paj 188 - 189
Kaye egzèsis, leson 83, paj 162
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (34 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*


Solèy


Solèy se yon mèvèy.

Li san parèy.


Solèy pote limyè toupatou.

Li enpòtan nan lavi nou.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**


 Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi 2 elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan l ap fè jès ki mache ak pwezi a.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**


 Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.

☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

2. Rapèl (2 mn)


 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple li?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)


1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

 Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: dimanch – eseye – lanmè – retounen – pechè – pwason – kenbe.


☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.


2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 188 la.


☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 188 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**


 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 188 la.




☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

Leson 83










▲ pasyans - Simon - Danton - pechè - samdi - pwason
 - jounen - lanmè - lakay - ankò - demen - dimanch -
 anpil - mache
● peche - kenbe - retounen - gade - eseye - rive - lage
 - reponn - reyisi
⚠ Nan yon ti tan, yo kenbe anpil pwason.
 Simon reponn : "Nan lavi, fòk ou gen pasyans pou ou ka reyisi".

188 M ap li nètale 2 A.F.


-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
 -  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
 - ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 -  Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

4. Rekonèt, fòme, ekri fraz (11 mn)

Rekonèt fraz (6 mn)

-  Ekri gwoup mo sa yo andezòd sou tablo a davans pou aprann elèv yo ranje mo nan lòd pou fòme fraz epi pou konnen wòl kèk mo nan yon fraz.
- ☞ **Kounye a, nou pral fòme fraz. Men yon gwoup mo andezòd : pwason – al vann – Danton – nan mache.**
Mete gwoup mo sa nan lòd pou nou fè yon fraz.
 -  Bay elèv yo 1 minit pou li mo yo ki sou tablo a byen fò ansanm. Touche mo yo jan yo ye sou tablo a pou elèv yo.
 - ☞ **Anvan nou fòme fraz la nou pral li mo yo ansanm. Nou konprann ?**
 -  Li mo yo ansanm ak elèv yo byen fò pandan 1 minit. Epi poze yo kesyon sa yo pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la : non moun ki genyen nan fraz la, aksyon moun sa yo pral fè epi ki kote yo prale.
 - ☞ **Ki non moun nou jwenn nan gwoup mo ki andezòd la ?**
 -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.
- Repons:**
(1) Danton
Ekri «**Danton**» sou tablo a.
- ☞ **Kisa Danton fè ?**
 -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.
- Repons:**
(2) **Danton** al vann .
Ekri «**al vann**» sou tablo a.
- ☞ **Kisa Danton al vann ?**
 -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.
- Repons:**
(3) Danton al vann **pwason**.
Ekri «**pwason**» sou tablo a.
- ☞ **Ki bò Danton al vann pwason ?**
 -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), bay elèv yo 1 minit pou reponn.
- Repons:**
(3) Danton al vann pwason **nan mache**.
Ekri «**nan mache**» sou tablo a.
- ☞ **Premye mo nou jwenn nan fraz la se : Danton. Danton se moun ki pral fè aksyon an nan fraz la.**
Apre sa nou jwenn yon gwoup mo ki se : al vann, li fè nou konnen ki sa

Danton fè.
 Lòt mo nou jwenn nan fraz la se : pwason. Li fè nou konnen kisa Danton al vann.
 Dènye gwoup mo nou jwenn nan fraz la se : nan mache. Gwoup mo sa fè nou konnen ki bò Danton al vann pwason.

 *Ekri fraz la sou tablo a : Danton al vann pwason nan mache. Mande 2 elèv li fraz la 2 fwa. Epi antoure lèt majiskil ki kòmanse fraz la ak pwen ki fini fraz la.*

☞ **Yon fraz se plizyè mo ki ranje nan yon lòd epi ki gen sans. Li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li toujou fini ak yon pwen.**

Leson 83

1-Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

pwason - al - vann - Simon - nan - mache.


2-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

Simon ak Danton se de (2) _____
 Yon samdi, yo al _____ pwason.
 Danton reponn : "Pran _____, demen n ap eseye _____."


3-Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.
 Sanje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

162 Kaye egzèsis


Egzèsis # 1 (5 mn)

 *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 162 pou fè egzèsis # 1 an.*


☞ **Nou pral fòme fraz ak gwoup mo ki andezòd nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 162 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou n ka fòme fraz la. Nou konprann ? Kòmanse !**

 *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li fraz li fòme a pou klas la ?**

 *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li fraz yo fòme a. Si yo genyen difikilte fè yon lòt elèv poze yo kesyon pou ede yo jwenn chak pati ki genyen nan fraz la. Toujou ede elèv yo pou yo ka jwenn kesyon yo. Oubyen poze tout klas la kesyon yo pou yo ka jwenn ansanm pati ki genyen nan fraz la.*

Dezyèm pati lesan an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 *Anvan ou kòmanse dezyèm pati lesan an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*


Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)


Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « lanmè ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « lanmè » ?

 *Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :*

☞ **Lanmè vle di : Yon gwo kantite dlo sale ki separe kontinan yo, kote bato ka vwayaje, moun ka peche pwason.**

 *Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*

Leson 83



▲ pasyans - Simon - Danton - pechè - samdi - pwason
 - jounen - lanmè - lakay - ankò - demen - dimanch - anpil - mache
● peche - kenbe - retounen - gade - eseye - rive - lage
 - reponn - reyisi
● Nan yon ti tan, yo kenbe anpil pwason.
 Simon reponn : "Nan lavi, fòk ou gen pasyans pou ou ka reyisi".

188 Map II nèt ale 2 A.F.

☞ Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « lanmè » aloral.

☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo lanmè ?

☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « lanmè » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Simon pran pasyans jis lè li peche yon gwo pwason nan lanmè a.

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « lanmè ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesese. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 188.

☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Simon ak Danton** » pou rive nan mo « **yon grenn** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Simon dekouraje** » pou rive nan mo « **eseye ankò** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Dimanch byen bonè** » pou rive nan mo « **nan mache** »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Danton di** » pou rive nan mo « **ka reyisi** »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 189. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Pasyans

Simon ak Danton se de (2) pechè. Yon samdi, yo al peche pwason. Yo fè jounen an ap peche, yo pa kenbe yon grenn. Simon dekouraje, li di: "An n retounen lakay. Nou p ap vin peche pwason ankò nan lanmè a". Danton reponn: "Pran pasyans, nou pral eseye ankò".

Dimanch byen bonè, yo rive, yo lage nas yo. Nan yon ti tan, yo kenbe anpil pwason. Simon di: "Oooo! Gade pwason! An n al vann yo nan mache". Danton di Simon: "Fè nou pa t peche pwason. Jodi a, gade tout pwason nou pran". Simon reponn: "Nan lavi, fòk ou gen pasyans pou ou ka reyisi".

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?




Leson 83

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**



 *Pase verifeye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*

Pasyans


Simon ak Danton se de (2) pechè. Yon samdi, yo al peche pwason. Yo fè jounen an ap peche, yo pa kenbe yon grenn. Simon dekouraje, li di: "An n retounen lakay. Nou p ap vin peche pwason ankò nan lanmè a". Danton reponn: "Pran pasyans, demen n ap eseye ankò". Dimanch byen bonè, lè yo rive, yo lage nas yo. Nan yon ti tan, yo kenbe anpil pwason. Simon di: "Oooo! Gade pwason! An n al vann yo nan mache". Danton di Simon: "Yè nou pa t peche pwason. Jodi a, gade tout pwason nou pran". Simon reponn: "Nan lavi, fòk ou gen pasyans pou ou ka reyisi".

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.*


4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la fraz ki sanble ak istwa a?**
 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (11 mn)

-  *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

Leson 84

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòme fraz
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 84, paj 190 - 191
Kaye egzèsis, leson 84, paj 163
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*



Fènwa

Solèy la ap kouche.


Fènwa ap kòmanse.

Tizwazo pa vole.

Men lalin nan klere.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (2 mn)

-  *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo, sa yo sonje nan istwa a yo te li anvan an.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (18 mn)

1. Lekti mo sou tablo (6 mn)

Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: grann – koukouy – samdi – tifi – kòman – solèy – koulè – tranble.

☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a andezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)

Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

2. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 190 la.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 190 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

3. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 190 la.

☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 84



▲ sèvyab - barèt - koulè - Matid - katye - pandan - jounen - solèy - fènwa - kòman - koukouy - chemen - mési - travay

🔥 renmen - mete - rete - netwaye - bare - tranble - rive - parèt - klere - rakonte

🕯 Matid se yon bèl tifi wo ak bèl cheve.
Li renmen mete barèt tout koulè ak bèl wòz.

190 M ap li nèt ale 2 A.F.

Dezyèm pati leson an (44 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (35 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «sèvyab». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «sèvyab»?

☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

- ☞ Sèvyab vle di: Moun ki renmen ede, moun ki renmen rann moun sèvis.

☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «sèvyab» aloral.

- ☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo «sèvyab»?

☁ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «sèvyab» pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:

Matid sèvyab anpil, li ede grann li fè travay nan kay la.

☁ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «sèvyab».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 190.

☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:

- ☞ Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui mo, fraz, tèks dapre desen sou tablo (5 mn)


☁ Fè elèv yo di kèk mo ki genyen rapò ak imaj yo sot dekri a. Ekri chak mo elèv yo di yo sou tablo a byen gwo apre sa fè yo eple mo yo.

- ☞ Kounye a, nou pral di kèk mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri a. M ap ekri chak mo nou di sou tablo a apre sa n ap eple yo.

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di mo yo. Apre sa, chwazi kèk lòt elèv pou eple mo yo.

- ☞ Kounye a, nou pral fòme kèk fraz ki genyen rapò ak mo nou te di yo ki te genyen rapò ak imaj nou te dekri a.

Leson 84




▲ sèvyab - barèt - koulè - Matid - katye - pandan - jounen - solèy - fènwa - kòman - koukouy - chemen - mèsi - travay

🔥 renmen - mete - rete - netwaye - bare - tranble - rive - parèt - klere - rakonte


👉 Matid se yon bèl tifi wo ak bèl cheve.
Li renmen mete barèt tout koulè ak bèl wòb woz.

190 Map li mèl ale 2 A.F.

 Touche chak mo ki sou tablo a epi mande elèv yo fè yon fraz ak chak mo ou touche yo. Ekri fraz elèv yo fè yo sou tablo a apre sa fè yo li yo. Sonje kòmanse fraz yo ak yon lèt majiskil pou fini ak yon pwen. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo ou touche yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Matid** » pou rive nan mo « **wòb woz** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Yon samdi** » pou rive nan mo « **grann Lili** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Li rete** » pou rive nan mo « **lakay ?** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Konsa** » pou rive nan mo « **Mèsi anpil!** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Li te byen** » pou rive nan mo « **pou grann li** »

Pandan yon elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj XXX. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

Yon tifi sèvyab

Matid se yon bèl tifi wo ak bèl cheve. Li renmen mete barèt tout koulè ak bèl wòb woz. Yon samdi, Matid al wè grann li ki rete nan katye a. Pandan jounen an, li netwaye, li fè manje pou grann Lili. Li rete jis solèy kouche, fènwa bare l.

Matid pè, l ap tranble. Li di : "Kòman m ap fè rive lakay ?" Konsa, yon gwo koukouy vin parèt. Li klere chemen an jiskaske Matid rive lakay li. Matid di koukouy la: "Oooo! Mèsi anpil!" Li te byen kontan rive lakay li. Matid rakonte paran l travay li fè pou grann li.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
 - ☞ Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 - ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 - ☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

- ☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki jan Matid ye ?
 2. Ki jou matid t al ede grann li?
 3. Kòman grann Matid rele ?
 4. Ki kote grann Lili rete?
 5. Kisa Matid fè pandan jounen an ?
 6. Kòman Matid te santi lè li t ap pral lakay li ?
 7. Ki bèt ki te klere chemen an p ou Matid ?
 8. Kisa Matid rakonte paran l ?
 9. Ki travay ou konn fè lakay ou ?
 10. Èske li bon pou rann sèvis ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 163 pou fè egzèsis # 1 an. Fè elèv yo kopye nan kaye yo mo ak fraz yo te di sou desen an yo.
- ☞ **Nou pral kopye mo ak fraz nou te di sou desen an nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 163 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Kopye de (2) premye mo ak fraz ki sou tablo a byen sou liy ki anba yo). Gade chak mo ak chak fraz byen anvan nou kopye). Nou konprann ? Kòmanse !**

Leson 85 Revizyon

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

Liv lekti, leson 85, paj 192 - 193
Kaye egzèsis, leson 85, paj 164
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (19 mn)





Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*


Dlo

Dlo se youn nan richès natirèl.
Nou sèvi avè l pou nou bwè, benyen.
Ak pou n wouze jaden.
Pwoteje li, pa gaspiye l.
Dlo se lavi.

-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)


1. Lekti mo nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 192 la.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 192 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 192 la.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 85




zanmi - maten - lekòl - ansanm - bwèdè - soulye
- chosèt - vandredi - lakay - tèlman - devwa -
mwayèn - apre midi

genyen - mete - penyen - gade - etidye - renmen -
chante - danse - pase

Pli ak Mona se de (2) bon zanmi.
De (2) zanmi yo toujou etidye leson yo epi fè devwa yo
ansanm.
Apre sa, youn pase men nan kou lòt.

Dezyèm pati leson an (42 mn)



Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè : Aprann sans mo ki nan istwa (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

-  Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 lesan anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo.**
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, raple sans mo yo, epi fè yo di yo pou kont yo.

Leson 85 Revizyon

1-Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.






Medikaman	• Remèd moun pran lè yo malad.
	• Se yon pye fwi.
Sèvyab	• Moun ki renmen ede moun oswa moun ki renmen rann moun sèvis.
	• Se yon machann.

2-Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo. Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.

3-Ekri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.



164 Kaye egzèsis

Egzèsis # 1 (3 mn)


-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 164 pou fè egzèsis # 1 an. Pase verifeye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 164 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, fè yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote li yo pou klas la?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo a ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.
- ☞ **Ki fraz nou wè ki bay sans mo a?**
-  Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si elèv la gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan pou lòt mo yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz yo chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije ansanm ak tout klas la.

2. Vizyalizasyon (7 mn)


Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 192.**
-  Pase verifeye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- ☞ **Gade desen an byen epi di tout sa nou wè.**
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

Leson 85



▲ zanmi - maten - lekòl - ansanm - bwèdò - soulye
- chosèt - vandredi - lakay - tèlman - devwa -
mwayèn - apre midi

🔦 genyen - mete - penyen - gade - etidye - renmen -
chante - danse - pase

👦 Pli ak Mana se de (2) bon zanmi.
De (2) zanmi yo toujou etidye lesan yo epi fè devwa yo ansanm.
Apre sa, youn pase men nan kou lòt.

Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).
- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Pòl ak Mona** » pou rive nan mo « **byen bwòdè** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Pòl mete** » pou rive nan mo « **bèl ne** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Lòt elèv** » pou rive nan mo « **klas yo** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Pwofesè yo** » pou rive nan mo « **lakay yo a** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Yo fè wonn** » pou rive nan mo « **kè kontan** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 193. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Lekti fraz nan istwa a 2 pa 2

- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Bon zanmi

Pòl ak Mona se de (2) bon zanmi. Yo genyen menm laj. Chak maten, yo toujou al lekòl ansanm. Yo toujou byen bwòdè. Pòl mete yon soulye byen klere epi chosèt li pwòp. Mona penyen ak barèt, gogo epi bèl ne. Lòt elèv toujou ap gade yo sou wout la. De (2) zanmi yo toujou etidye leson yo epi fè devwa yo ansanm. Yo fè bèl mwayèn nan klas yo. Pwofesè yo renmen yo poutèt yo saj anpil. Chak vandredi apremidi, yo ale sou plas bò lakay yo a. Yo fè wonn, chante epi danse. Yo tèlman kontan, yo toujou di: "Ti jwèt la bon anpil!" Apre sa, youn pase men nan kou lòt. Yo pran wout lakay yo ak kè kontan.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

☞ Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)

☞ Ankouraje epi felisite elèv yo.

Bon zanmi

Pòl ak Mona se de (2) bon zanmi. Yo genyen menm laj. Chak maten, yo toujou al lekòl ansanm. Yo toujou byen bwòdè. Pòl mete yon soulye byen klere epi chosèt li pwòp. Mona penyen ak barèt, gogo epi bèl ne. Lòt elèv toujou ap gade yo sou wout la. De (2) zanmi yo toujou etidye leson yo epi fè devwa yo ansanm. Yo fè bèl mwayèn nan klas yo. Pwofesè yo renmen yo poutèt yo saj anpil. Chak vandredi apremidi, yo ale sou plas bò lakay yo a. Yo fè wonn, chante epi danse. Yo tèlman kontan, yo toujou di: "Ti jwèt la bon anpil!" Apre sa, youn pase men nan kou lòt. Yo pran wout lakay yo ak kè kontan.

Kesyon

1. Kisa Pòl ak Mona ye ?
2. Kisa yo fè chak maten ?
3. Kisa Pòl mete pou l ale lekòl ?
4. Ki jan Mona te konn penyen ?
5. Kisa de (2) zanmi yo te konn fè ansanm ?
6. Èske Pòl ak Mona se de (2) bon elèv ? Poukisa ?
7. Poukisa Pwofesè yo te renmen yo ?
8. Kisa Pòl ak Mona konn fè chak vandredi apremidi ?
9. Èske li bon pou nou gen zanmi ? Poukisa ?

M ap li mèl ak 2 A.F.

193

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

- ☁ Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kilès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**
 - ☁ Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☁ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 - ☁ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 - ☁ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

- ☁ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Kisa Pòl ak Mona ye ?
 2. Kisa yo fè chak maten ?
 3. Kisa Pòl mete pou l ale lekòl ?
 4. Ki jan Mona te konn penyen ?
 5. Kisa de (2) zanmi yo te konn fè ansanm ?
 6. Èske Pòl ak Mona se de (2) bon elèv ? Poukisa ?
 7. Poukisa Pwofesè yo te renmen yo ?
 8. Kisa Pòl ak Mona konn fè chak vandredi apremidi ?
 9. Èske li bon pou nou gen zanmi ? Poukisa ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

Leson 85 Revizyon


1-Fè yon fitch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Medikaman	<ul style="list-style-type: none"> Remèd moun pran lè yo malad. Se yon pye fwi.
Sèvyab	<ul style="list-style-type: none"> Moun ki renmen ede moun oswa moun ki renmen rann moun sèvis. Se yon machann.

2-Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.
 Sonje kòmanse ekri non sa yo ak lèt majiskil.


3-Ekri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

164 Kaye egzèsis

 Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 ak 3 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

 **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 164 la nan egzèsis # 2 ak 3 a.**

 Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

 **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije yo anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis yo lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**

 Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

Leson 86 Revizyon

Objektif:

Aprann yon kontin
 Li mo ak fraz byen epi vit
 Ekri mo byen lizib nan kaye
 Jwenn sans mo pou fòme fraz
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 86, paj 194 - 195
 Kaye egzèsis, leson 86, paj 165
 Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann ? M ap kòmanse !**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*



Lapli

Lapli tonbe plip plop plap.

Li soti nan nyaj.


Li tonbe gout pa gout.

Men lapli tololo ! Men lapli tololo !


- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)

1. Lektè mo nan liv lekti (8 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 194 la.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 194 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

Leson 86



▲ akasan - Linda - anvan - solèy - gentan - maten - timoun - konsa - sèlman - kliyan - anpil - randevou
 rele - pare - pase - bwè - genyen - goute - renmen - vann
 ☺ Bò lakay Emil la, gen yon machann akasan. Kliyan Grann Linda yo renmen li anpil. Se konsa, chak maten randevou a kase kay Grann Linda.

194 Map Bliktè a 2 A.F.

- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 194 la.
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
 - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « kliyan ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « kliyan » ?**
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ **Kliyan vle di: Moun ki abitye achte nan men yon machann.**
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

Leson 86 Revizyon

1-Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

lanmè	<ul style="list-style-type: none"> Se yon gwa lanmè dlo sale ki separe kontinan yo. Se yon rivyè nan peyi m.
Agrikilti	<ul style="list-style-type: none"> Fason yo travay latè pou bay manje. Se yon pwason nan lanmè.

2-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

Bò lekòl Emil lan, gen yon _____ akasan.

Li _____ Grann Linda.

Li toujou _____ bon akasan.

Anvan solèy leve, akasan Grann Linda gentan _____.

3-Ekri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.


.....

.....

.....

M ap li nèk ale - 2 AF 165

Leson 86



akasan - Linda - anvan - solèy - gentan - maten - timoun - kansa - sèlman - kliyan - anpil - randevou - refe - pare - pase - bwè - genyen - gouste - renmen - vann

Bò lakay Emil la, gen yon machann akasan. Kliyan Grann Linda yo renmen li anpil. Se kansa, chak maten randevou a kase kay Grann Linda.

194 Man li nèk ale 2 A.F.

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « kliyan » aloral.

Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « kliyan » ?

Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « kliyan » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Emil se kliyan Grann Linda.

Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « kliyan ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Egzèsis # 1 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 165 pou fè egzèsis # 1 an. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.

Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 165 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann ? Kòmanse!

Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, fè yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.

Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote li yo pou klas la ?

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo a ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.

Ki fraz nou wè ki bay sans mo a ?

Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si elèv la gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan pou lòt mo yo.

Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a ?

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz yo chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije ansanm ak tout klas la.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 194.

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

🗨 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. i istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

🗨 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Bò lekòl** » pou rive nan mo « **bon akasan** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Anvan solèy** » pou rive nan mo « **grann Linda** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Gen timoun** » pou rive nan mo « **li bon** »

Katriyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Kliyan grann Linda** » pou rive nan mo « **kay grann Linda** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 195. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

Lekti fraz nan istwa a 2 pa 2

☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

🗨 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Akasen Grann Linda a

Bò lekòl Emil lan, gen yon machann akasan. Li rele Grann Linda. Li toujou fè bon akasan. Anvan solèy leve, akasan Grann Linda gentan pare. Li santi bon epi li gou. Chak maten, tout moun toujou pase bwè akasan kay Grann Linda. Gen timoun ki pran akasan ak pen. Konsa tou, genyen ki pran l ak lèt sèlman. Chak fwa moun yo goute akasan an, yo di: "Mmmm! Li bon!"

Kliyan Grann Linda yo renmen li anpil. Li pwòp, li saj epi li pa vann chè. Se konsa, chak maten randevou a kase kay Grann Linda.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

🗨 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

☞ Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)

🗨 Ankouraje epi felisite elèv yo.

Akasen Grann Linda a

Bò lekòl Emil lan, gen yon machann akasan. Li rele Grann Linda. Li toujou fè bon akasan. Anvan solèy leve, akasan Grann Linda gentan pare. Li santi bon epi li gou. Chak maten, tout moun toujou pase bwè akasan kay Grann Linda. Gen timoun ki pran akasan ak pen. Konsa tou, genyen ki pran l ak lèt sèlman. Chak fwa moun yo goute akasan an, yo di: "Mmmm! Li bon!"

Kliyan Grann Linda yo renmen li anpil. Li pwòp, li saj epi li pa vann chè. Se konsa, chak maten randevou a kase kay Grann Linda.

Kesyon

1. Kisa Grann Linda vann ? Ki kote li vann li ?
2. Bò kilè akasan grann Linda a gentan pare ?
3. Kòman akasan grann Linda a ye ?
4. Ak kisa timoun yo renmen pran akasan ?
5. Poukisa kliyan grann Linda yo renmen li anpil ?
6. Kisa moun yo di lè yo goute akasan grann Linda a ?
7. Ki kote moun yo kase randevou chak maten ?
8. Èske ou renmen bwè akasan ? Poukisa ?

M ap li mèl akè 2 A.F.

195

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

- ☁ Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kilès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**
 - ☁ Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☁ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 - ☁ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 - ☁ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

- ☁ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Kisa Grann Linda vann ? Ki kote li vann li ?
 2. Bò kilè akasan grann Linda a gentan pare ?
 3. Kòman akasan grann Linda a ye ?
 4. Ak kisa timoun yo renmen pran akasan ?
 5. Poukisa kliyan grann Linda yo renmen li anpil ?
 6. Kisa moun yo di lè yo goute akasan grann Linda a ?
 7. Ki kote moun yo kase randevou chak maten ?
 8. Èske ou renmen bwè akasan ? Poukisa ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

Leson 86 Revizyon

1-Fè yon flich soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Lanmè	<ul style="list-style-type: none"> • Se yon gwo kantite dlo sale ki separe kontinan yo. • Se yon riviyè nan peyi m.
Agrikilti	<ul style="list-style-type: none"> • Fason yo travay latè pou bay manje. • Se yon pwason nan lanmè.

2-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

Bò lekòl Emil lan, gen yon _____ akasan.

Li _____ Grann Linda.

Li toujou _____ bon akasan.

Anvan solèy leve, akasan Grann Linda gentan _____.

3-Ekri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.


.....

.....

.....


Leson 86

M ap li nèt ale - 2 AF 165

 Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 ak 3 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

 **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 165 la nan egzèsis # 2 ak 3 a.**

 Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

 **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije yo anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis yo lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**

 Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

Leson 87 Revizyon

Objektif:

Aprann yon kontin
Li mo ak fraz byen epi vit
Ekri mo byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

Liv lekti, leson 87, paj 196 - 197
Kaye egzèsis, leson 87, paj 166
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Solèy





Yo rele mwen larèn solèy.

Mwen klere sèlman lajounen.

Mwen chofe latè, epi mwen pa zanmi mikwòb.

Ala bèl sa bèl lè mwen ap leve lematen !

Tout timoun ap chante solèy ! Solèy ! Solèy !

-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)

1. Lekti mo nan liv lekti (8 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 196 la.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 196 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 196 la.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 85



zanmi - maten - lekòl - ansanm - bwòde - soulye
- chosèt - vandredi - lakay - tèlman - devwa -
mwayèn - apremidi

genyen - mete - penyen - gade - etidye - renmen -
chante - danse - pase

Pòl ak Mona se de (2) bon zanmi.
De (2) zanmi yo toujou etidye leson yo epi fè devwa yo ansanm.
Apre sa, youn pase men nan kou lòt.

Dezyèm pati leson an (38 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, epi lekti mo ak fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « sezon ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « sezon »?**

- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ **Sezon se: Peryòd nan ane a kote tanperati a chanje .**
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
 - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « sezon » aloral.
 - ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « sezon » ?**
 - ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « sezon » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Nou nan sezon lapli.

- ☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « sezon ».
- Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Leson 87 Revizyon

1-Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Kliyan	• Moun ki renmen peche pwason.
	• Moun ki abitye ochte nan men yon machann.

Sezon

- Peryòd nan ane a.
- Non yon pwason nan lanmè.

2-Kopye de (2) premye fraz ki nan istwa a sou liy ki anba yo.

3-Ekri de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

166 Kaye egzèsis

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 166 pou fè egzèsis # 1 an. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral travay sou sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 166 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a). Nou konprann? Kòmanse!**
 - ☞ Fè elèv yo li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote mo a. Epi mande ki fraz ki ale avèk mo sa a. Apre sa, fè yo fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li premye mo a ak 2 fraz ki bò kote li yo pou klas la ?**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li mo a ak fraz yo. Bay elèv yo 2 minit pou li yo. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo ki fraz ki mache ak mo a.
- ☞ **Ki fraz nou wè ki bay sans mo a ?**
 - ☞ Chwazi yon (1) elèv pou bay repons lan. Si elèv la gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Epi mande elèv yo fè yon flèch soti nan premye mo a pou ale nan fraz ki genyen sans mo a. Mande elèv yo kontinye menm jan pou lòt mo yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou dezyèm mo a ?**
 - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz li chwazi ki ale ak sans chak lòt mo yo. Epi korije ansanm ak tout klas la.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti ou a, ouvri li nan paj 196.**
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- ☞ **Konbyen moun nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou yo? Kisa yo ap fè? Kisa nou wè nan desen an ankò?**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Leson 87

▲ mango - maten - jaden - sezon - kalite - batis - janmari - fransik - anpil - plizyè - vakans - timoun - lakay - kontan
● donnen - mennen - keyi - reponn - renmen - manje - rive - genyen
● Chak vakans, papa Emil ak Katya toujou mennen yo wè grann yo.
 Grann nan pran yon gòl, li keyi mango pou yo.

196

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2 (fè youn li pou lòt).

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

Premye elèv la ap kòmanse nan mo « **Chak vakans** » pou rive nan mo « **lakay li a** »

Dezyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Lè yo rive** » pou rive nan mo « **mango fransik** »

Twazyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Nan jaden an** » pou rive nan mo « **mango fil** »

Katriyèm elèv la ap kòmanse nan mo « **Katya di** » pou rive nan mo « **lakay nou** »

Senkyèm elèv la ap li fen istwa a. L ap kòmanse nan mo « **Grann nan** » pou rive nan mo « **Mèsi grann!** »

Pandan youn elèv ap li fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo.

- Apre sa, fè tout klas la li ansanm.

- Pou fini chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Apre sa, li tout istwa a pou elèv yo anvan ou poze yo kesyon yo.

Lekti fraz nan istwa a 2 pa 2

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 197. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ Nou pral li yon istwa. Pou n kòmanse, n ap li l 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a, n ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

Bèl pye mango

Chak vakans, papa Emil ak Katya toujou mennen yo wè grann yo. Yon maten, grann yo mennen yo nan jaden ki bò lakay li a. Lè yo rive, yo wè pye mango yo chaje ak bèl mango. Emil di: "Ki pye mango sa ye?" Grann nan reponn: "Sa se pye mango fransik. Nan jaden an genyen plizyè kalite mango. Yo donnen nan sezon pa yo. Genyen mango blan, mango kòn, mango batis, mango janmari ak mango fil". Katya di: "Mwen renmen manje mango fransik anpil". Emil di: "Grann, keyi kèk mango pou n al manje lakay nou". Grann nan pran yon gòl, li keyi mango pou yo. Timoun yo kontan, yo di: "Mèsi grann!"

Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Kiyès papa Emil ak Katya mennen yo wè chak vakans ?
3. Ki kote grann nan mennen yo yon maten ?
4. Lè yo rive, kisa yo te wè nan jaden an ?
5. Kisa Emil di ?
6. Ki kalite mango ki te genyen nan jaden grann Emil ak Katya a ?
7. Kisa grann nan pran pou l keyi mango pou timoun yo ?
8. Èske nou renmen manje mango ? Poukisa ?



M ap li mèl ak 2 A.F.

197



Bèl pye mango

Chak vakans, papa Emil ak Katya toujou mennen yo wè grann yo. Yon maten, grann yo mennen yo nan jaden ki bò lakay li a. Lè yo rive, yo wè pye mango yo chaje ak bèl mango. Emil di: "Ki pye mango sa ye?" Grann nan reponn: "Sa se pye mango fransik. Nan jaden an genyen plizyè kalite mango. Yo donnen nan sezon pa yo. Genyen mango blan, mango kòn, mango batis, mango janmari ak mango fil". Katya di: "Mwen renmen manje mango fransik anpil". Emil di: "Grann, keyi kèk mango pou n al manje lakay nou". Grann nan pran yon gòl, li keyi mango pou yo. Timoun yo kontan, yo di: "Mèsi grann!"


Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

-  Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
-  Ankouraje epi felisite elèv yo.



Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

-  Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kilès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**
-  Chwazi 10 elèv (5 fi/5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.


Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
-  Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
-  Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
-  Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (8 mn)

-  Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Sou kisa istwa a pale ?
 2. Kiyès papa Emil ak Katya mennen yo wè chak vakans ?
 3. Ki kote grann nan mennen yo yon maten ?
 4. Lè yo rive, kisa yo te wè nan jaden an ?

5. Kisa Emil di ?
6. Ki kalite mango ki te genyen nan jaden grann Emil ak Katya a ?
7. Kisa grann nan pran pou l keyi mango pou timoun yo ?
8. Èske nou renmen manje mango ? Poukisa ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

Leson 87 Revizyon






1-Fè yon fich soti nan chak mo pou ale nan fraz ki bay sans mo a.

Kliyan	<ul style="list-style-type: none"> • Moun ki renmen peche pwason. • Moun ki abitye ochte non men yon machann.
Sezon	<ul style="list-style-type: none"> • Peryòd nan ane a. • Non yon pwason nan lanmè.

2-Kopye de (2) premye fraz ki nan istwa a sou liy ki anba yo.

3-Èkrì de (2) dènye fraz nan istwa a sou liy ki anba yo.

166 Kaye egzèsis

-  *Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 ak 3 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.*
-  **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 166 la nan egzèsis # 2 ak 3 a.**
-  *Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.*
-  **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije yo anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis yo lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**
-  *Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.*